**ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍ JOQARÍ HÁM ORTA ARNAWLÍ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI**
**ÁJINIYAZ ATÍNDAǴÍ NÓKIS MÁMLEKETLIK PEDAGOGIKALÍQ INSTITUTÍ**

**MAGISTRATURA BÓLIMI**
**5A111801 – Tálim hám tárbiya teoriyası hám metodikası (mektepke shekemgi tálim) qanigeliginiń pitkeriwshisi 2-kurs magistrantı**

**Toremuratova Dilfuza Madenbaevnaniń**

Magistr akademiyalıq dárejesın alıw ushın jazılǵan

# DISSERTACIYASI

## TEMA: BALALARDI MEKTEPKE TAYARLAWDA INNOVATSIYALIQ TEXNOLOGIYALARDAN PAYDALANIWDIŃ PEDAGOGIKALIQ TIYKARLARI

MAK da jaqlawǵa ruxsat

Magistratura bólimi baslıǵı: doc. A.Embergenov

Magistrant: D.Toremuratova
Ilimiy basshı: p.i.k., R.Aleuova
Kafedra baslıǵı: p.i.k., doc. G.Jumasheva

**Kafedra májilisiniń 2020-jıl______________sánesindegi №___protokolı menen qorǵawǵa ruxsat berildi**

**Nókis-2020**

## M A Z M U N I

**KIRISIW**..........................................................................................3-8

**I BAP. BALALARDI MEKTEPKE TAYARLAWDA İNNOVASİYALIQ TEXNOLOGİYALARDAN PAYDALANIWDIŃ TEORİYALIQ TİYKARLARI** ........................................................................................9

1.1.Shet el mámleketlerinde hám Ózbekstanda balalardı mektepke tayarlaw mashqalası hám onıń tiykarǵı baǵdarları...........................................................9-24

1.2. İnnovatsiyalıq texnologiya túsinigi hám onıń mazmunı.......................25-33

1.3. Balalardı mektepke tayarlaw pedagogikaliq mashqala sipatinda. . .. . . 34-42

**Bap boyınsha juwmaqlar**.........................................................................43

II BOB. **BALALARDI MEKTEPKE TAYARLAWDA INNOVATSIYALIQ TEXNOLOGIYALARDAN PAYDALANIWDIŃ PEDAGOGIKALIQ SHARAYATLARI . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 44**

**2.1.** Balalardı mektepke tayarlawda innovatsiyalıq texnologiyalardan paydalanıw imkaniyatları..........................................................................................44-54

**2.2.** Balalardı mektep tálimine tayarlawdıń zárur kórsetkishleri.................55-61

**Bap boyınsha juwmaqlar**.........................................................................62

**III BOB. BALALARDI MEKTEPKE TAYARLAWDA METODIKALAR JÁRDEMİNDE ALINĠAN TÁJİRİYBE-SINAW NÁTİYJELERİ..................63**

3.1. Balalardıń mektepte bilim alıwǵa tayarlıǵın diagnostikalaw usılları…..63-77

3.2. Tájiriybe- sınaw jumıslarınıń nátiyjeleri...............................................78-84

**Bap boyınsha juwmaqlar**.........................................................................85

**ULIWMA JUWMAQ**……………………………………………...86-89

**PAYDALANILĢAN ÁDEBIYATLAR** …………...…………………….90-93

# KIRISİW

**Izertlew jumisiniń aktualliǵi:** Ózbekistan Respublikası ǵárezsizlikke eriskennen soń jámiyetlik-ekonomikalıq rawajlanıwdıń ózine say modelin tańladı. Jámiyetlik-ekonomikalıq, ruwhıy-aǵartıwshılıq tarawlardaǵı ózgerisler qatarında tálim – tárbiya mazmunın jańalaw, onı hár dayım jetilistirip barıw zárurligi payda boldı. Bunday jańalanıw Ózbekistan Respublikasınıń «Bilimlendiriw haqqında»ǵı Nızamı, «Kadrlar tayarlaw milliy dástúri» tiykarında ámelge asırılmaqta.

Respublikamizdıń "Bilimlendiriw haqqında"ǵı Nızam hám "Kadrlar tayarlaw milliy dásturi" talaplariniń tiykarǵı maqseti – jas áwladtı ǵárezsizlik ideyası tiykarında salamat, hár tárepleme rawajlanǵan shaxs sıpatında tárbiyalawdan ibarat. Sonlıqtan, jas áwladtı bay mádeniy miyrasımız, tarixıy dástúrlerimiz, milliy hám ulıwmainsanıy qádriyatlarımızǵa húrmet, Watanǵa muhabbat, ǵárezsizlik ideyalarına sadıqlıq ruhında tárbiyalaw respublikamizda ámelge asırılıp atırǵan úzliksiz ta’lim-tárbiya sistemasın qayta kurıwdıń sheshiwshi faktorı esaplanadı.

Mektepke shekemgi tálim - Ózbekstan Respublikasındaǵı bilimlendiriw mákemeleriniń birinshi buwını. Ol balalardıń salamat hám hár tárepleme rawajlanǵan jeke adam sıpatında qáliplesiwi ushın zárúr tiykar salıwshısı, sonday-aq mektep tálimine tayarlawshı bilimlendiriw sistemasınıń biri bolıp tabıladı.

«Bilimlendiriw haqqında»ǵı Nızamnıń 11- stat`yasında: «Mektepke shekemgi tálim balanı salamat hám jetik, mektepke okıwǵa tayarlanǵan tárizde qaliplestiriw maqsetin kózleydi. Bul tálim altı-jeti jasqa shekem shańaraqta, balalar baqshasında hám múlk formasınan qaramay, basqa bilimlendiriw mákemelerinde alıp barıladı» dep aytıladı[1].

Ózbekstan Respublikası Prezidenti Shavkat Mirziyoevtıń 2016-jıl 29-dekabr`de «***2017-2021-jıllarda mektepke shekemgi bilimlendiriw sistemasın jáne de jetilistiriwdiń is-ilajları haqqında***»ǵı qararı qabıl etildi. Usı qarar mektepke shekemgi bilimlendiriw sistemasın túpten reformalastırıw, onı zaman talapları tiykarında qayta shólkemlestiriw hám balalardı kámil insanlar etip tárbiyalaw ushın zárúr sharayatlar jaratıw imkaniyatın beredi.

---

[1] Barkamol avlod –Ózbekiston taraqqiyotining poydevori.-Toshkent.: Sharq, 1998.-23 b.

Usı sebepli Prezidentimizdiń 2017-jıl 9-sentyabr`de «***Mektepke shekemgi bilimlendiriw sistemasın túpten jetilistiriw is-ilajları haqqında»***ğı qararı qabıl etilgennen keyin, usı tálimdi jáne de rawajlandırıw hám jetilistiriw maqsetinde tiyisli wazıypalar belgilendi. 2017-jıl 30-sentyabr`de 3305-sanlı Prezident Qararı menen Mektepke shekemgi bilimlendiriw ministrligi shólkemlestirildi.

Mektepke shekemgi bilimlendiriw ministrligi shólkemlestirilgennen keyin mektepke shekemgi tálim sistemasındağı normativ huquqiy hújjetler qayta kórip shığıldı. Keyin «Erte hám mektepke shekemgi jastağı balalar rawajlanıwına qoyılatuğın mámleket talaplar» Ózbekstan Respublikası Mektepke shekemgi bilimlendiriw ministriniń 2018 jıl 18 iyundağı 1-mh-sanlı buyrığı menen tastıyıqlandı xám 2018 jıl 3-iyul` kúngi Ádillik ministrligi tárepinen 3032-san menen dizimnen ótkerildi. Al, Mámleketlik talaplar bolsa mámleketlik hám mámleketlik emes mektepke shekemgi bilimlendiriw mákemeleri, mektepke shekemgi jastağı toparları bar bolğan «Miyirbanlıq» úylerinde qollanıladı.

Balalardı mektepke tayarlaw «Erte hám mektepke shekemgi jastağı balalar rawajlanıwına qoyılatuğın mámleket talaplar», «Dáslepki qádem» bağdarlaması tiykarında ámelge asırılmaqta.

«Mámleket talaplarınıń maqseti – mámlekette ótkerilip atırğan sotsial-ekonomikalıq reformalardı, shet el mámleketlerdiń aldıńğı tájiriybesi hámde ilim-pán jetiskenlikleri hám zamanagóy informatsiyalıq kommunikativ texnologiyalardı itibarğa alğan halda mektepke shekemgi tálim sistemasında ruwhan jetik hám intellektual rawajlanğan shaxstı tárbiyalaw»dan ibarat[2] [1:3].

Sonday-aq, mektepke shekemgi jastağı balanıń mektep tálimine ótiwi, onıń turmısında bir qansha ózgerislerdiń payda bolıwı menen belgilenedi. Sonıń ushın balanı mektepke shekemgi bilimlendiriw mákemesinde hám shańaraqta mektep tálimine tayarlaw, onı onsha qıyın bolmağan bilim, túsinik, kónlikpe hám uqıplılıqlar menen tanıstırıw kerek baladı.

**Mashqalaniń islengenlik dárejesi.** Balanıń mektepke ulıwma jetiskenlik hám mektepke shekemgi jastağı balalar aqılıy rawajlanıwınıń ózine say ózgeshelikleri

[2] Ózbekiston Respublikasining ilk va maktabgacha yoshdagi bolalar rivojlanishiga qóyiladigan davlat talablari. T.:-2018 y.

L.I.Bojovich, V.V.Davidov, D.B.El`konin, L.A.Venger, A.P.Venger, V.V.Xolmovskaya, V.S.Muxina, A.V.Zaporojets, I.V.Dubrovina, L.S.Vigotskiy, A.N.Leont`ev, S.L.Rubinshteyn sıyaqlı alımlar tárepinen jaratılǵan jańa ilimiy teoriyalar, sonday-aq psixikanıń mádeniy-tariyxıy rawajlanıwınıń óz-ara qarım-qatnas teoriyası, psixikalıq rawajlanıwda iskerliktiń dárejesi sıyaqlı ilimiy-teoriyalıq kóz-qaraslar házirgi kúnde psixologiya pániniń tayanısh túsiniklerine aylanıp qalǵanı hámmemizge belgili.

Házirgi waqıtta mámleketimizde balalardı mektepke tayarlawdıń psixologiyalıq, motivatsiyalıq hám intellektual mashqalaların teoriyalıq hám ámeliy izertlew isleri nátiyjeli ilimiy jolǵa qoyılǵan. Bul boyınsha T.Qori-Niyoziy, S.Rajabov, P.I.Ivanov, M.Vohidov, M.G.Davletshin, E.Ģoziev, B.Qodirov, Ģ.B.Shoumarov, V.M.Karimova, R.Gaynutdinov, R.Sunnatova, A.Jabborov, K.Tleumbetova hám basqalar tárepinen alıp barılǵan ilimiy-izertlew isleri házirgi zaman metodologiyalıq printsipleri tiykarında ashıp berilgenligi belgilep ótiw múmkin.

Sonday-aq, Sh.R.Barotov, M.A.Norbasheva, G.To'laganova, X.Ruxieva, Sh.Usmonova, D.Mirzajonova hám basqa izertlewshiler óz jumısları menen Respublikamizda balalardı mektepke tayarlaw, olardıń aqılıy rawajlanǵanlıq dárejelerin úyreniw hám rawajlandırıw boyınsha jumıslarǵa ózleriniń salmaqlı úlesin qoshıp kelmekte.

Mektepke shekemgi jastaǵı balalardı mektep tálimine tayarlıǵınıń motivatsiyalıq ózgesheliklerin anıqlaw máselesi psixodiagnostikalıq tańlaw quralları járdeminde alınǵan nátiyjelerdiń ob`ektivligin támiyinlew sıyaqlı jaǵdaylar bugingi kúnde Respublikamız xalıq bilimlendiriw xızmetkerleri, ámeliyatshı psixologlar hám qánigeler aldında turǵan eń aktual mashqalalardan bolıp qalmaqta.

Belgili, ulıwma bilim beriw mekteplerinde tálim-tárbiyanıń birinshi buwını, bul-balalardı birinshi klasslarǵa, mekteplerge qabıl etiw hám olardıń mektep turmısına „jeńil " maslasıwı, jańa oqıwshılar jámáátinde balalar erkin, ıqtıyarlı is-háreketlerdi, olardıń psixologiyalıq „ishki pozitsiyasi"n durıs támiyinlewge qaratılǵan. Aytıp ótiw orınlı, balalardıń mektepke oqıwǵa morfologiyalıq, funktsional hám fizikalıq tayarlıǵınan tısqarı olardıń ulıwma psixologiyalıq motivatsiyalıq tayyarlıǵı hám ayrıqsha áhmiyetke iye. Balalardıń mektepke jeke hám sotsial-psixologiyalıq tayarlıǵı

olarda zárur bolǵan minnet hám huqıqların, jańa sotsial „oqıwshı“ dárejesin durıs qabıl etiwge nátiyjeli tásir kórsetedi. Bul tayarlıq balanıń mektepke, oqıwshılarǵa hám oqıw iskerligine bolǵan múnásiybetleri menen sáwlelenedi.

Sonday-aq, bul tayarlıq balalardıń jámáátte, oqıw protsessinde ozin erkin, qálegenishe háreket etiwge, oziniń pikirleri hám múnásiybetlerin bildire alıwǵa, mektep turmısınıń „ishki“ sotsial sharayatlarına jeńil maslasıwǵa imkaniyat beredi.

Kórinip turıptı, mektepte oqıwǵa motivatsiyalıq tayarlıq mashqalası kóp tárepleme bolıp, onı úyreniw psixologiyalıq, fiziologiyalıq hám morfologiyalıq tárepten keń engiziw kerek. Ásirese usı mániste, mektepke shekemgi jastaǵı balalardıń mektep tálimine tayarlıǵınıń motivatsiyalıq psixologiyalıq tárepten tayarlıǵınıń ózine say ózgesheliklerin engiziw, hámde olardan tiyisli ilimiy, tiykarlı juwmaqlar shıǵarıp, keń jámáátshilikke engiziw aktual mashqala sıpatında qaraldı.

**Izertlew maqseti:** Balalardı mektepke tayarlawda innovatsiyalıq texnologiyalardań paydalanıwdıń pedagogikaliq tiykarlarin úyreniw hám usınıslar islep shıǵıw.

**Izertlew waziypalari:**

- balalardı mektepke tayarlawda innovatsiyalıq texnologiyalardıń teoriyaliq – metodologiyaliq ta’replerin ko’rsetiw ha’m onin’ en’ a’hmiyetli pedagogikaliq mashqala ekenligin aniqlaw;

- balalardı mektepke tayarlawda innovatsiyalıq texnologiyalar boyınsha tarixiy ta’jriybelerdi u’yreniw, uliwmalastiriw;

- balalardı mektepke tayarlaw jetikligi kóp tárepten olardıń jeke hám aqılıy jetiskenlik dárejelerine baylanıslı sebeplerin anıqlaw;

–balalardı mektepke tayarlawda ta’lim – ta’rbiyaliq jumislardin’ mazmuni, ko’rinisi, qurali, usil ha’m metodlarin aniqlaw, olardi pedagogikaliq ta’repten izertlew;

- balalardı mektepke tayarlawda innovatsiyalıq texnologiyalar, metodikalar járdeminde diagnostikalaw usıllarınıń na’tiyjelilik da’rejesin aniqlaw.

**Izertlew ob’yekti:** 14 hám 39 sanlı mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemlerinde mektepke tayarlaw toparı balaları.

**Izertlew predmeti:** Balalardı mektep tálimine tayarlawda innovatsiyalıq texnologiyalardan paydalanıwdıń mazmuni, qurallari ha'm metodlarin úyreniw protsessi.

**Izertlew metodlari:**

Psixologiyaliq, pedagogikaliq ádebiyatlardi úyreniw hám analiz etiw, baqlaw, sáwbetlesiw, sorawlar ótkeriw, Kern İrasek metodikası, pedagogikaliq tájiriybeler nátiyjelerin usillar járdeminde talqilaw hám uliwmalastiriw.

**Izertlewdiń ilimiy jańaliği:**

- Balalardı mektepke tayarlawda innovatsiyalıq texnologiyalardan paydalanıwdıń teoriyalıq tiykarları, balalardıń aqılıw rawajlanǵanlıq hám mektepke motivatsiyalıq jetiklik dárejeleri tolıq úyrenildi;

- Balalardı mektepke tayarlaw pedagogikaliq mashqala sipatinda, olardıń ózgeshelikleri hám ishki imkaniyatların júzege shıǵarıwdıń motivatsiyalıq – psixologiyalıq faktorları ashıp berildi;

- Balalardı mektepke tayarlawda innovatsiyalıq texnologiyalardan paydalanıw imkaniyatları anıklandı;

- Mektepke shekemgi jastaǵı balalardı mektepke tayarlawda innovatsiyalıq texnologiyalardıń mazmuni, usıl ha'm metodlari aniqlandi ha'm didaktikaliq ta'repten tiykarlandi;

- Mektepke shekemgi jastaǵı balalardı mektepke tayarlawda innovatsiyalıq texnologiyalardıń paydalanıwdıń na'tiyjelilik da'rejesi aniqlandi.

**Izertlewdiń teoriyaliq áhmiyeti:**

İzleniwler sheńberinde úyrenilgen filosofiyalıq, arnawlı hámde pedagogikalıq–psixologiyalıq ilimiy–teoriyalıq ádebiyatlar analizi, usı mashqalanıń úyrenilgenlik jaǵdayı, bul boyınsha ámelge asırılǵan jumıslardıń analizi hám izertlew nátiyjesinde alǵa súrilgen teoriyalıq ideyalar hámde juwmaqlar mektepke shekemgi tálim sistemasındaǵı teoriyalıq bilimlerdi bayıtıwǵa xızmet etedi.

İzertlew nátiyjeleri joqarı oqıw orınları, mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemleri xızmetkerleri hám baslawısh tálim oqıtıwshıların tayarlawǵa say oqıw baǵdarlamaları, metodikalıq hám oqıw qollanbalardı ilimiy tiykarda jaratıwǵa xızmet etiwi múmkin.

**Izertlewdiń ámeliy nátiyjeleri** to'mendegilerdi quraydi:

İzertlewde alınǵan nátiyjeler balalardı mektepke qabıl etiwde hám mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemlerinde balalardı mektep tálimine tayarlaw boyınsha jumıslardı ámelge asırıwda tárbiyashılar, baslawısh  klass oqıtıwshıları, mektep basshıları hám ámeliyatshı psixologlar iskerliginde paydalanıwları múmkin.

**Izertlewdiń ilimiy gipotezasi:**

- mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemlerinde, shańaraqta balalardıń mektepke tayarlıq dárejeleri bir qansha joqarı;

- shanaraqtıń sotsial-psixologiyalıq ózgeshelikleri (ata-anasınıń maǵlıwmatı, jası, shańaraqtaǵı perzentler sanı, shańaraqtıń dúzilisi hám basqa faktorlar) balanıń mektep tálimine tayarlıǵına óz tásirin  kórsetedi;

- balalardıń úlkenler menen ten huqıqlı qarım-qatnası olardıń mektepte erkin is-háreketlerin támiyinleydi;

- balalardıń óz teńlesleri menen erkin qarım-qatnasıqları olardıń tálim protsessindegi dóretiwshilik iskerligine nátiyjeli  tásir kórsetedi;

- balalardıń mektep tálimine ulıwma jetiklikligi olarda túrli dárejede qáliplesken fiziologiyalıq, fizikalıq hám psixologiyalıq ózgeshelikleri menen parıq etedi. Usı sebepli, psixikalıq rawajlanıwdıń „tegis emes" rawajlanıwı, onıń senzitivligi tásiri aqıbetinde balalardıń biologiyalıq hám motivatsiyalıq-psixologiyalıq jetiklik, dárejeleri arasında hám ayırmashılıqlar bolıwı, tábiiy.

**Izertlewdiń metodologiyaliq tiykarlari:** Ózbekstan Respublikasi Konstituciyasi, «Bilimlendiriw haqqinda»ǵi Nizam, «Kadrlar tayyarlaw milliy baǵdarlamasi», Ózbekstan Respublikasi Prezidentiniń 2017 jil 7 fevraldaǵi «Ózbekstan Respublikasin jánede rawajlandiriw bóyinsha Háreketler Strategiyasi haqqinda»ǵi PQ-4947-sanli Biyligi, mektepke shekemgi bilimlendiriw sistemasındaǵı normativ-huqıqıy hújjetler.

**Dissertatsiyaniń dúzilisi**. Kirisiw, úsh bap, 7 paragraf, uliwma juwmaq hám paydalanilǵan ádebiyatlar diziminen ibarat.

# I BAP. BALALARDI MEKTEPKE TAYaRLAWDA İNNOVATsİYaLIQ TEXNOLOGİYaLARDAN PAYDALANIWDIŃ TEORİYaLIQ TİYKARLARI

## 1.1.Shet el mámleketlerinde hám Ózbekstanda balalardı mektepke tayarlaw mashqalası hám onıń tiykarǵı baǵdarları

Ġárezsizlikke eriskennen keyin ulıwma insaniylıq úrp-ádet dásturlerdi hár tárepleme ańlaw imkaniyatı payda boldı. Ġárezsiz Watanǵa hár tárepleme jetik, ádep-ikramlı, ruwhıy ústem, óziniń xalqı, óziniń ana-Watanına pidayı, fizikalıq kámil insanlardı jetilistiriw ushın olardıń hár tárepleme tárbiyasına ayrıqsha itibar berilmekte. Watan táǵdiri, xalıq parawanlıǵı, gárezsiz eldiń keleshegininiń basqarıwshısı – jańa áwlad tárbiyası birinshi áhmiyetli wazıypaǵa aylandı. Júdá qıyın, júdá juwapkershilikli, úlken kúsh-ǵayrat, kúsh-quwat, miynet talap etetuǵın bul joqarı wazıypanı orınlawda tereń tariyxqa, ruwhıy baylıqqa iye bolǵan dásturlerimizdiń ornı ayrıqsha.

Ózbekstannıń ǵárezsiz mámleket sıpatında jáhán mámleketleri qatarınan múnásip orın iyelewi, mámleketimizde barlıq tarawlardıń, ásirese, tálim sistemasın túpten reformalastırıw, "Kadrlar tayarlaw milliy baǵdarlaması" hám „Bilimlendiriw haqqında"ǵı nızamnıń qabıl etiliwi jas áwladqa tálim-tárbiya beriw menen baylanıslı bolǵan xalıq bilimlendiriw xızmetkerleri, tárbiyashı pedagoglar aldına jánede nátiyjeli bolǵan psixologiyalıq-pedagogikalıq jantasıwlardı jaratıw sıyaqlı zárur wazıypalardı qoymaqta. Ásirese, bul boyınsha mektepke shekemgi jastaǵı balalardı mekteptegi oqıwǵa tayarlaw mashqalası ayrıqsha áhmiyetke iye. Sebebi, ásirese usı mashqalanıń maqsetke muwapıq unamlı sheshiliwi kóp tárepten balalardıń keleshekte mektep tálimin jetik ózlestiriwi menen tıǵız baylanıslı. Balalardı mektepke motivatsiyalıq tayarlaw mashqalası kóp tárepleme bolıp, ol bala ómirin qorshap alıwshı bir qatar wazıypalardı óz ishine aladı.

Usı sebepli, jas áwladtı mektepke psixologiyalıq, motivatsiyalıq hám fizikalıq tayarlaw mashqalası ásirler dawamında keń jámáátshiliktiń diqqat orayında bolıp kelgen hám házirgi kúnge deyin bul boyınsha bay teoriyalıq hám ámeliy tájriybeler toplanǵanı diqqatqa ılayıq.

Bala tárbiyası boyınsha dásturler Shiǵis klassikalıq ádebiyatlarında hám tariyxıy dereklerimizde óz sáwlesin tapqan. IX-XII ásir alımlarınan Nizom ul Mulktiń „Siyosatnama“, Nosir Hisravtıń „Saadatnama“, „Rushnoma“, Yusuf Xos Hojibtıń „Qutadǵu bilig“, Mahmud Qoshǵariydiń „Devonu luǵatit turk“, Ahmad Yugnakiydiń „Hibobatul haqoyiq“, Qaykovustıń "Qobusnoma" sıyaqlı shıǵarmaları jáhán alımlarınıń dıqqat-itibarın ózine tartqan hám olardaǵı ideyalar jáhán shıǵarmaları qatarınan orın alǵan.

Musulman dunyasınıń káramatlı kitabı Qur`oni karim, Muhammad alayhis-salom «Hádis»leri, „Avesto“da, Al-Beruniy, Al-Farobiy, Abu Ali ibn Sino, Alisher Navoiy sıyaqlı alımlarımız óz dáwirinde jaratqan kámil insan tálim-tárbiyasi máselelerine say ilimiy-teoriyalıq miyrasları házirgi kúnde hám óziniń áhmiyetin joytpaǵan.

Shıǵıstıń ullı danıshpanı, filosof Al-Forobiy jas áwladtı tárbiyalaw máseleleri hám olar menen tıǵız baylanıslı bolǵan psixologiyalıq, fiziologiyalıq mashqalaları filosofiyanıń zárur bólimi sıpatında analizlenedi, hámde insandı hár tárepleme bir pútin hám óz-ara tıǵız baylanıslı bólimlerden ibarat dep úyreniw tárepdarları ekenligin kórsete alǵan. Onıń pikirinshe: „Insan denesi, miyi, seziw organları tuwılıwda bar, biraq aqılıy bilimi, ruwhıylıǵı, ruhı, intellektual hám ádep-ikramlılıq sezimleri, xarakteri, dini, úrp-ádetleri, maǵlıwmatı, basqa sırtqı ortalıq, basqa insanlar hám usı sıyaqlılar menen qarım-qatnasta payda baladı, insan óz iskerligi járdeminde olardı iyeleydi, olarǵa erisedi. Onıń aqılı, pikiri, ruwhıy jetiskenliktiń eń jetik ónimi baladı. Insan óziniń bilimlerin, aqılın rawajlandırıp, keyin janzattıń baslawnıwı haqqındaǵı ilimge jetip baradı“.

Ullı alım Al-Beruniy tárbiyanıń maqseti, wazıypaları hám roli, insan, jas áwladtıń rawajlanıwı haqqındaǵı pikirleri shın mániste insansúyiwshilik tiykarında qurılǵan. Biliw hám tárbiyanıń tábiyatqa sáykeslik printsipleri Beruniydiń barlıq shıǵarmalarında baqlaw múmkin. Beruniy insandı tábiyattıń bir bólegi dep biledi. Tábiyat hám jámiyet ilimin úyreniwde tájriybege tiykarlanadı. Ol tálim protsessiniń tábiyatına tereń kirip barıp, balalardıń jas ózgesheliklerin esapqa alıw tiykarında qurılǵan tálim – onıń tábiyatqa baylanıslı táliymatınıń negizi dep aytadı.

Abu Ali ibn Sinonıń tálim-tárbiyaǵa say kóz-qarasları onıń kópshilik shıǵarmalarında óz sáwlesin tapqan. Ásirese, balaǵa tálim beriwdi erte baslaw haqqında hám Ibn Sino aytqan pikirlerine say kóplegen ráwiyatlar xalqımız arasında áwladtan-áwladqa ótip, búgin xám ǵalaba oqıtıw hám tárbiyalawǵa jeke jantasıw, balanıń jeke imkaniyatları, aqılıy qábiletlerin inabatqa alıwın aytıp: “Hár bir adamnıń uqıplılıǵı hám qábiletinen kelip chiqqan jaǵdayda oqıtıw kerek, kerisinshe tálim hám tárbiya kútilgen nátiyjeni bermeydi”,- dep aytadı. Ibn Sinonıń “Tadbiri al-manozil” shıǵarmasında tárbiyanıń tiykarǵı usılların kórsetip, eger shańaraq tárbiya usılın durıs engize alsa, onı orınlı qollay alsa, balalar turmısında óz baxıtlarına tez erisedi, degen ideyanı táriypleydi.

Shayır, mámleket ǵayratkeri Alisher Navoiy insan oylawı, aqılı, bilimin joqarı qádirlegen. Navoiy bala tárbiyasına hám onı tolıq shaxs sıpatında qáliplestiriwge úlken áhmiyet berip, balanı ómir „shıraǵı“ dep táriypleydi. Usı sebep, balanı jaslayınan kamalǵa keltiriwde ata-analardıń roline, olardıń óz perzentleri tálim-tárbiyasına tásir kórsetiwshi faktorlarǵa ayrıqsha itibar beriw lazımlıǵın aytıp ótedi.

Alisher Navoiy balalardıń tálim protsessinde óziniń teńlesleri menen birge islesiwde xızmet kórsetiw zárúrligin, bunday birge islesiw balalarda joqarı insanıy pazıyletlerdi qáliplestiredi dep aytadı. Ásirese, shayırdıń „Hazoyinul – maoniy“ shıǵarmasında: „Balalardıń jámáát bolıp tálim alıwı olarda bir-birewine óz-ara járdem, jarıs, ózine say múnásiybet, qayǵırıw, alga baslaw, salamat básekilik ortalıǵın qáliplestiredi“,- dep aytadı. Usı mashqala sheńberindegi psixologiyalıq-pedagogikalıq hám arnawlı ádebiyatlar analizi kámil insan máseleleri ullı sarkarda Amir Temur úgitlerinde, aǵartıwshı filosof-alımlar Yusuf Xos Hojib, Ahmad Yassaviy, Bahouddin Naqshbandiy, Shayx Najmiddin Kubro, bir qansha keyingi áwlad wákilleri Toshmuhammad Qori Niyoziy, S.Rajabov sıyaqlı xalqimizdıń ullı insanlardıń miyrası ilimiy-teoriyalıq tárepten azba-kóppe, belgili dárejede analiz etildi, úyrenildi. Sebebi, bul qımbatlı pikirler bizlerdiń oyımızda balanı mektepke tayyarlaw, oni mektepte oqıtıw, onıń aqılıy imkaniyatlarına bolǵan itibar uzaq ótmish tariyxqa iye ekenligin dálillep turıptı.

Sońǵı 15-20 jıllarda shet el hám mámleketimizdiń usı taraw qánigeleri, psixolog hám pedagog alimlar arasında “mektepke oqıwǵa tayyarlıq” boyınsha pikirler aytıp

kelinbekte. Balalardı mektepke tayyarlaw máselesi kóp tárepleme bolıp, ol bala ómiriniń barlıq tarawların, kompleks wazıypalardı óz ishine qamtıp alıwshı protsess. Uzaq ótmishte mektepke qabıl etiletuǵın balalardıń jası anıq belgilenbegen, geybir ata-analar óz perzentlerin 5 jasta, ayrimları bolsa 6-8 jasında, onda hám óz perzentleriniń jas ózgeshelikleri yaki minezleme beriw jolları menen mekteplerge qabıl etilgen edi.

Áyyemgi Gretsiyada balalardıń oqıw iskerligi 7 jastan baslanǵan bolıp, balalar oqıw, esap-kitap, musıka hám qosıq tiykarları úyretiletuǵın mekteplerde bilim alǵan. Áne usı dáwirde ullı filosoflar Platon hám Aristoteller birinshilerden bolıp balalardı „neshe jastan?“ hám „nelerge oqıtıw kerekligi?“ haqqındaǵı túsiniklerdi alǵa súrgen. Platonnıń pikirinshe, balalar 7 jastan mektepke qabıl etiliwi lazım. İtibarlısı, balalardı 7 jasqa shekem olar arnawlı tárbiyashılar basshılıǵında hár túrli fizikalıq hám aqılıy shınıǵıwlar menen shuǵıllanıw kerekligin aytadı. Bunday shınıǵıwlar balalardı mektepke tayyarlawdıń eń nátiyjeli tárbiya quralı sıpatında olarǵa ayrıqsha itibar beriw hám úyreniw lazımlıǵın aytıp ótedi.

Aristotel pedagogika tariyxında birinchilerden bolıp óziniń baqlawları hám balarlardıń rawajlanıwları tiykarında olardı shártli túrde tómendegi jas dáwirlerge bóliwdi usınıs etedi:

1) 7 jasqa shekem bolǵan dáwir;

2) 7 jastan 14 jasqa shekem bolǵan dáwir;

3) 14 jastan 21 jasqa shekem bolǵan dáwir.

Filosoftıń pikirinshe, balalıqtı dáwirlerge ajıratıw onıń rawajlanıwı menen birge bolıwı kerek. Usı sebepli hám ol balanıń rawajlanıwına qarap, balanı 5 jastan baslap mektepte oqıtılatuǵın predmetler boyınsha bolatuǵın shınıǵıwlarına qatnasıwı, 7 jastan bolsa mektepte oqıw kerekligin kórsetip beredi.

Ótken ásirdiń ekinshi yarımınan baslap shet elde balalardı mektep tálimine tayarlaw mashqalasın ilimiy-teoriyalıq izertlewge bolǵan itibar jánede qúsheydi. Olarda balanıń mektep tálimine jetiklik máseleleri boyınsha bay teoriyalıq hám ámeliy tájiriybeler hám hár túrli derekler toplanǵan.

19 ásir aqırı hám 20 ásir baslarında Batıs Evropa mámleketleri hám AQSHta insannıń psixologiyalıq ózgeshelikleri menen baylanıslı tájiriybelerge tiykarlanǵan

bir qatar ilimiy teoriya hám baǵdarlar  júzege keldi. Adam psixikalıq tábiyatın hár túrli izertlewine qaramay, bul teoriyalar belgili dárejede psixologiya iliminiń rawajlanıwına múnásip úlesin qosqan. Bul boyınsha E.Meyerman, S.Xoll, K.Byuler, E.Klaared, P.Jane, J.Piaje, A.Vallon, D.Bruner hám basqa bir qatar alımlardıń ilimiy izertlew hám tájiriybeleri pánde múnásip orın iyeleydi.

Nemis psixologı E.Meyerman balanıń mektep dáwirinde onıń ruwhı hám denesinde bolıp atırǵan ózgerislerdi  tolıq bilmey turıp, oǵan buyrıq beriwge bolmaydı, dep aytıp ótedi. Onıń pikirinshe, eksperimental pedagogika pániniń maqseti usı mashqalalarǵa qaratılıwı lazım. Amerikalı psixolog S.Xolldıń pikirine kóre, hár qanday bala óziniń jeke rawajlanıwında filogenezdi tákirarlaydı. Usı sebepli balalarǵa dáslepki instinktlerdi awırıwsız, ańsat keshiriwi ushın qolaylı imkaniyatlar jaratıp beriw zárur. S.Xoll óziniń tájiriybeleri tiykarında bay dáliller toplap, bala haqqında psixologiyalıq,  fiziologiyalıq hámde pedagogikalıq bilimlerdiń kompleks baǵdarlamasın jaratıw  ideyasın alǵa súredi.

Shveytsariyalik psixolog E.Klaared „Bala psixologiyası hám eksperimental pedagogika“ shıǵarmasında qızıǵıw, motiv, mátájliklerdiń metodologiyalıq tiykarları, balalardıń oylaw ózgeshelikleri hám rawajlanıw nızamlılıqları, uqsaslıq hám ayırmashılıqtıń bala sanasında júz beriwi haqqında  pikir júritedi.

Psixolog P.Janeniń pikirinshe, insan psixikası jámiyetlik múnásiybetlerge baylanıslı, sebebi  jámiyet hám tábiyat ortasındaǵı hár túrli baylanıslar sistemasınıń qáliplesiwi, insannıń erjetiwin belgileydi. Alım baylanıs quralı sıpatında is-háreketti túsinedi, belgili bul nárse  insannıń dógerek-átirapqa jeke múnásiybetinen basqa nárse emes, álbette. P.Janeniń aytılıwınsha, eń qımbatlı, áhmiyetli, jámiyetlik háreket birligindegi iskerlikte jeke adam óz sáwlesin tabadı, jeke adamlar arasındaǵı sırtqı múnásiybetler rawajlanıwdıń zárur printsipi esaplanadı.  Amerikalı psixolog Dj.Bruner jeke adamnıń payda bolıwı menen tálim ortasındaǵı  óz-ara baylanıs bar ekenligin aytadı, insannıń kamalga jetiwi bilim alıw nátiyjeligin asırsa, oqıtıwdıń jetilisiwi onıń jámiyetlesiwin tezlestiredi, dep aytadı.

Amerikalı izertlewshi D.E.Evenstiń aytıwınsha, mektepke shekemgi  jastaǵı balalar tárbiyası hám tálim menen shuǵıllanǵan  barlıq izertlewshiler tikkeley yaki

tikkeley emes usı mashqala sheńberinde ózine say  izleniwler alıp barǵan hám tiyisli nátiyjelerge eriskenligin aytadı.

Ótken  ásirdiń 70–jıllarda F.L.Ilg hám L.B.Eymsler balalardı mektep tálimine tayarlıq táreplerin úyreniwge  baǵıshlaǵan  arnawlı tapsırmalar sistemasın jaratıwǵa eristi. Olardıń izertlew nátiyjeleri 5 jastan 10 jasqa shekem bolǵan balalardı úyreniw imkaniyatın beredi. Y.Shvantsara balanı mektepke jetiskenligi – onıń mektepte oqıw qábiletine iye bolıwı dep aytadı. Y.Shvantsara balanı mektepte tálim alıwǵa tayarlıǵın anıqlawda, tiykarınan, úsh kriteriya – aqılıy, sotsial hám emotsional táreplerine ayrıqsha itibar beriwin  aytıp ótedi.

D.B.Ozubel: “Eger bala mektepke tayar bolmasa, onda mekteptegi tálim baǵdarlamasın ózgertiwin  hám usı tiykarında barlıq balalardıń rawajlanıwın áste-aqırın teńlestirip barıwın usınıs etedi ”.

Sonday-aq, J.Piaje, E.Torndayk, Dj.Uotson, F.Galton, A.Bine, T.Simon, M.Shyurerler bala psixikalıq rawajlanıwında tálimniń dárejesin, olardıń aqılıy ózgesheliklerin, baǵdarlamalı tálim, kónlikpe hám uqıplılıqlardıń áhmiyetin, shınıǵıwlardıń ornın ilimiy-ámeliy tiykarlap beriwde zárur orın iyeleydi. Olar tárepinen ótkerilgen  izertlewler, bir tárepten, bul mashqala sheńberinde bir qansha teoriyalıq hám  ámeliy shınıǵıwlar toplawǵa, hámde ámeliy tájiriybeler ótkeriw ushın olar tárepinen jaratılǵan metodikalıq baǵdarlama hám qollanbalar házirgi kúnde hám baǵdarlama sıpatında xalıq arasında keń  qollanılıp kelinbekte.

Rossiyada psixologiyalıq izertlew úlgileri Shıǵıs hám Batıs  mádeniyatı tásirinde insan ruwhıyatı menen baylanıslı túrli shıǵarmalarda qáliplesip kelgen. V.N.Tatishev, A.N.Radishev,   N.I.Novikov hám basqalardıń shıǵarmalarındaǵı dáslepki kóz-qarasları hám psixologiyalıq rawajlanıwdıń ózine say ózgeshelikleri, psixikalıq rawajlanıwdaǵı qarama-qarsılıqlar menen ashıp berilgen. N.I.Novikov insaniyattıń parawanlıǵın oylap, jaslar hám balalar ortasında paydalı bilimlerdi keń engiziw  ushın olardı ózine say tárizde tárbiyalaw zárur, dep aytadı. Onıń shıǵarmalarında insannıń kamalatı ushın oylaw, yad, ádep-ikramlılıq, sezim hám eliklewshilik ayrıqsha áhmiyetke iye. Bul boyınsha K.D.Ushinskiydiń ornı ayrıqsha áhmiyetke iye. Onıń pikirinshe, tálim-tárbiya haqqındaǵı pánlerdiń tyikarǵı wazıypası tárbiyanıń maqsetin anıqlawǵa, tálim-tárbiya nátiyjelerin durıs  bahalawǵa, usılar tiykarında jańa metod

hám usıllar jaratıwǵa, pedagogikalıq tájiriybeni analiz etiw hám ulıwmalastırıwda zárur orın iyelewin aytadı. K.D.Ushinskiydiń „Insan tárbiya predmeti“ shıǵarmasında pedagogikalıq tásir protsessi esaplanǵan insannıń psixologiyalıq ózgeshelikleri, onıń ózine say tárepleri óz sáwlesin tapqan. Onıń aytıwınsha: «Egerde bizler balanı hár tárepleme tárbiyalawdı qálesek, bizler dáslep onı hár tárepleme úyreniwimiz zárur, áne usında ǵana bizler haqıyqıy insandı kamalga jetkergen balamız",- degen pikirleri barlıq bala tálim-tárbiyası ushın juwapker bolǵan adamlarǵa zárur kórsetpe.

Balanıń mektepke ulıwma jetiskenlik hám mektepke shekemgi jastaǵı balalar aqılıy rawajlanıwınıń ózine say ózgeshelikleri L.I.Bojovich, V.V.Davidov, D.B.El`konin, L.A.Venger, A.P.Venger, V.V.Xolmovskaya, V.S.Muxina, A.V.Zaporojets, I.V.Dubrovina, L.S.Vigotskiy, A.N.Leont`ev, S.L.Rubinshteyn sıyaqlı alımlar tárepinen jaratılǵan jańa ilimiy teoriyalar, sonday-aq psixikanıń mádeniy-tariyxıy rawajlanıwınıń óz-ara qarım-qatnas teoriyası, psixikalıq rawajlanıwda iskerliktiń dárejesi sıyaqlı ilimiy-teoriyalıq kóz-qaraslar házirgi kúnde psixologiya pániniń tayanısh túsiniklerine aylanıp qalǵanı hámmemizge belgili.

Usı mashqala izertlewshi-alımlar tárepinen tórt baǵdar boyinsha ámelge asırılǵan. Bul baǵdarlar, tiykarınan, mektepke shekemgi jastaǵı balalarda mektepte tálim alıwı ushın zárur bolǵan arnawlı kónlikpe hám uqıplılıqlardı qáliplestiriw máselelerine qaratilǵan. İzertlewshi - alım L.I.Bojovich: „ Mektepke shekemgi jastaǵı balanıń biyǵam waqıttı ótkeriwi tolıq táshwish hám juwapkershilikten ibarat bolǵan turmıs penen almasadı, sonday-aq bala mektepke barıwı, mektep baǵdarlamasına kiritilgen pánler boyınsha shuǵıllanıwı, sabaq protsessinde oqıtıwshı talapların orınlaw, mekteptiń ishki tártibine boysınıw, baǵdarlama boyınsha lazım bolǵan bilim hám uqıplılıqlardı jetik ózlestiriwge erisiw kerek“ – ekenligin aytadı. Sonday-aq, A.I.Bojovich bala ruwhıyatındaǵı biliw qızıǵıwshılıqlarınıń rawajlanıwı, jámiyetlik sharayattıń ózgeriwine tayarlıǵı, oqıwǵa bolǵan qálewi sıyaqlı jańalıqlar júz beriwi oqıw motivatsiyasi hám óz-ózin bahalawdıń júzege keliwi lazımlıǵın aytıp ótken. Usı baǵdar wákilleri joqarıda aytılǵan psixologiyalıq ózgeshelikler hám sıpatlar mazmunı mektepte oqıwǵa psixologiyalıq tayarlıqtı shólkemlestiredi.

A.I.Bojovichtıń aytıwınsha, mektepke tayarlıq oylaw iskerligi, qızıǵıwshılıq kólemi, iskerliktiń qálegen basqarıwı hám sotsial oqıw jaǵdayınıń belgili dárejesinde

rawajlanǵanlıǵında payda baladı. Sonı aytıw lazım, mektepte oqıw hám oqıw iskerligi ásirese bir mazmundı ańlatatuǵın túsinikler emes. V.V.Davidov hám D.B.El`koninlerdiń aytıwınsha, mektep turmısın shólkemlestiriwde hámme oqıwshılarda hám oqıw iskerligi durıs jolǵa qoyıla bermeydi hám kóbinese oqıw iskerligin ózlestirip alıw mekteptegi tálim sheńberinde ámelge asadı. Usı sebepli, bul avtorlar mektepte oqıtıwdıń dásturiy formaların  kritikalaydı. Ataqlı rus psixologi L.A.Venger hám onıń tárepdarları tárepinen islep shıǵılǵan ilimiy-teoriyalıq baǵdar itibarǵa ılayık. Bunda fundamental psixologiyanıń tiykarǵı printsipi, yaǵnıy insannıń barlıq psixologiyalıq ózgeshelikleri onıń iskerligi protsessinde qáliplesiwi aytıladı.

L.A.Vengerdiń pikirinshe, mektepke shekemgi jastaǵı balada mektepte oqıwǵa say ózgeshelikler ele qáliplesiwi múmkin emes, bul ozgeshelikler tek ǵana oqıw protsessinde júzege keledi. A.V.Zaporojetstiń pikirinshe, balanıń mektep tálimine tayarlıǵı, bul - bir-biri menen tıǵız baylanıslı bolǵan balanıń sıpatlarına kiriwshi motivatsiya, biliw protsessi, erklilik iskerlik mexanizmleriniń  qálipleskenlik dárejesinen ibarat bir putin bir sistema dep táriyplenedi.

I.V.Dubrovina balalardıń mektepke fuktsional tayarlıǵın zárur kriteriya sıpatında kórsetip, tómengi dárejedegi funktsional tayarlıq, balalardıń mektep baǵdarlamasın iyelewge qıynalıwları, tez sharshaytuǵın, bul topardaǵı balalar kesellikke bir qansha beyim dep aytadı. Bunday balalardıń kópshiligi, birinshi kúnlerden baslap „úlgermewshi“ oqıwshılar qatarınan orın iyeleydi, gey birewleri jaqsı kórsetkishlerge erisiwlerinde hár dayım quyip-pisip, ashıwlanǵan, bular tásirinde nevrotikalıq hám psixosomatikalıq keselliklerge shalınıwı múmkin ekenligin aytadı.

L.A.Venger hám V.S.Muxinalardıń  pikirinshe, mektepke psixologiyalıq tayarlıq – bul mektepke shekemgi jas dáwirdegi psixologiyalıq rawajlanıwdıń zárur nátiyjelerinen biri. Balanıń mektepke barıwı onıń  turmısında bir qansha ózgerisler júzege keledi. Bul ózgeris jańa turmıs tárzi hám jámiyetlik iskerlik jámiyette óz dárejesine iye bolıwı, úlkenler hám teńlesleri arasında jańa qarım-qatnaslar sistemasın jaratıwǵa qaratılǵan. Oqıwshının jańa sotsial iskerligi tálimniń májburiyligi, jámiyet  ushın kerekli iskerlik túri menen shuǵıllanıwı, jańa jámiyetlik turmıstı ózlestiriwi  hám usı sıyaqlı. Bunda oqıtıwshı hám oqıwshı ortasında jańa qarım-qatnaslar sisteması júzege keledi. Oqıtıwshı endi oqıwshınıń kóz aldında

ápiwayı insan emes, al jámiyet talapların orınlawshı, belgili bilim hám tájiriybelerdi jas áwladqa jetkeriwshi jeke adam sıpatında sáwlelenedi.

İzertlewshiler I.I.Budnitskaya hám AA.Kataevalardıń pikirinshe, mektepke psixologiyalıq tayarlıq – bul bala biliw protsessleriniń, jeke sıpatlarınıń, qızıǵıwshılıq hám uqıplılıqlarınıń, xarakter ózgesheliklerininń anıq rawajlanganlıq dárejesine eriskenliginen dálil beredi. İzertlewshi A.P.Usova: „Mektepke shekemgi jastaǵı balalardı oqıtıp turıw zárur, sebebi bul olardıń ruwhıy rawajlanıwı hám mektepke tayarlanıwı ushın zárur faktor bolıp tabıladı. Oqıw protsessinde hám onıń tikkeley tásiri astında balalarda oqıw iskerligi balanıń belgili bir baǵdardaǵı aqılıy iskerligin ámelge asırıw qábeleti, sonday-aq tıńlaw hám ańlaw sıyaqlı qábiletlerin qáliplestiredi. Bul sıpatlar bolsa oqıw qábileti rawajlanıwınıń dáslepki qádemleri. Oqıw iskerligi bala minez-qulqında sezilerli ózgerislerdi júzege keltiredi. Ol bir qansha juwapkershilik seze baslaydı, ózin tuta biliw, úlkenler menen húrmette, itibarlı bolıp qaladı“, - dep aytadı.

Sonday-aq, jáne kóplep izertlewshilerde balanıń oqıw iskerligi sheńberindegi wazıypalar túrli jaǵdaydaǵı is-háreketlerdi, mektepte oqıwǵa psixologiyalıq tayarlıqtıń kriteriyaları bolıwı múmkinshiligi haqqındaǵı kóz-qaraslar belgilengen.

“Mektepke jetiklik”, “mektepke tayarlık” hám “mektepke psixologiyalıq tayarlıq”-bul túsinikler balanıń psixikalık rawajlanıw dárejesin belgilew ushın qollanıladı.

“Mektepke jetiklik” ataması bala psixikasınıń rawajlanıwı oqıtıw imkaniyatların anıqlaydı dep esaplaytuǵın psixologlar tárepinen qollanılǵan. Sonıń ushın mektepke tayarlıq haqqında aytılǵanda, tiykarınan bala psixikasınıń funktsional jetikligi názerde tutıladı. Solay etip, psixikanıń funktsional jetiliwi bul jerde mektepte oqıtıwǵa tiykar bolıp esaplanadı.

“Mektepke tayarlık” tusinigi bir neshe mániske iye. Mektepke tayarlıq degende balada “kirisiw kónlikpeleri” kórinisinde oqıtıwǵa tiykar bar bolıwına baǵıshlanǵan bir qansha jumıslar bar (tiykarınan amerikalıq psixologlar tárepinen berilgen A.Anastazi).

L.İ.Bojovich mektepke psixologiyalıq tayarlıqtıń eki tárepin kórip shıǵadı: jeke hám intellektuallıq tayarlıq.

Mektepke intellektuallıq tayarlıqtı táriyplewde bala túsinikleriniń muǵdarlı zapasına emes, al onıń intellektuallıq protsesslerdiń rawajlanıwı dárejesine itibar beriledi. L.S.Vigotskiy hám L.İ.Bojovichlerdiń kóz qarasına kóre bala, eger átirap ortalıqtaǵı zat hám qublıslardı ulıwmalastırıw hám parıqlaw qábiletine iye bolsa, mektepke intellektual tayar bolıp tabıladı.

Oqıw iskerligin jetiskenlikli iyelew ushın zárur bolǵan tiykarlardı analiz etken jaǵdayda D.B.El`konin birinshi orınǵa tomendegilerdi qoyadı:

-balalardıń óz háreketlerin háreket usılın ulıwmalastırıw jaǵdayında anıqlap beriwshi qaǵıydaǵa sanalı ráwishte boysındıra alıwı;

-berilgen talaplar sistemasında háreket ete alıw.

Mektepte oqıtıwǵa bolǵan psixologiyalıq tiykarlarǵa bala tiliniń rawajlanıwı sıpatında hám kiritiw zárur. Tildiń rawajlanıwın intellektiń rawajlanıwı menen tıǵız baylanıslı hám balanıń ulıwma rawajlanıwı sıyaqlı logikalıq pikirlewi dárejesin hám sáwlelendiredi. Bunnan tısqarı, búgingi qúnde oqıtıwda qollanılıp atırǵan oqıtıw usılları sózlerdiń sesli analizine tiykarlanadı, bul rawajlanǵan fonematikalıq esitiw qábiletin názerde tutadı.

Mektep tálimine bolǵan jeke tayarlıqtı táriyplep, eń dáslep balanıń turaqlı hám qálegen tarawların rawajlanıwın názerd tutadı (L.İ.Bojovich, D.B.El`konin, N.G.Salmina, E.E.Kravtsova, N.İ.Gutkina)

Tálimniń biliw faktoralrı tikkeley oqıw iskerligi menen baylanıslı. Olarǵa "balalardıń biliwge qızıǵıwshılıqları, intellektual iskerlikke bolǵan mútájlik hám jańa qábilet, kónlikpe hám bilimlerdi iyelewge mútájlik" kiredi.

Tálimniń sotsial faktoralrı, yaki tálimniń keń sotsial faktoralrı "balanıń basqalar menen qarım-qatnasta bolıwǵa, olardı bahalaw hám qollap-quwatlawǵa bolǵan mútájlikleri oqıwshınıń oǵan túsinikli bolǵan sotsial múnásiybetler sistemasında belgili orındı iyelewge qálewi menen" baylanıslı.

Mektepke tayar bala sonıń ushın hám oqıwdı qáleydi, onda insanlar jámiyette belgili orındı, ásirese úlkenler álemine kirisiw jolın ashıp beriwshi orındı iyelewge mútájlik bar hám jáne sonda, onda úyinde qanaatlandıra almaytuǵın biliw mútájligi bar. Mine usı eki mútájlikler L.İ.Bojovichtiń "mektep oqıwshısınıń ishki ornı" dep atalǵan balanıń átirap-ortalıqqa bolǵan jańa múnásiybetiniń júzge keliwine járdem

beredi. Buǵan ol úlken áhmiyet bergen edi, mektep oqıwshısınıń ishki tutqan ornı, mekteptegi oqıtıwǵa tayarlıq kriteriyası sıpatında keliwi múmkin dep esaplaǵan edi.

Mektepke shekemgi hám kishi mektep jası bosaǵasında júzege keletuǵın mektep oqıwshısınıń ishki tutqan ornı balaǵa iskerlik sub`ekti sıpatında oqıw protsessine kirip barıwǵa imkaniyat beredi, bul tilek hám maqsetlerdiń sanalı qáliplesiwi hám orınlanıwında, yaki basqasha etip aytqanda qálegen bala minez-qulqında sáwlelenedi.

Mektep tálimine bolǵan tiykarlardan biri mektepke shekemgi jas aqırında júzege keletuǵın balanıń óz minez-qulqı hám iskerligi faktorların ózine boysındıra alıw qábileti esaplanadı.

Qálegen minez-qulıq jámáát wazıypalı, oyınında júzege keledi, ol balaǵa jeke oynawǵa qaraǵanda jánede joqarı rawjlanıw dárejesine kóteriliwine imkaniyat beredi, jámáát kózde tutılǵan úlgige eliklewdegi qátelerdi tuwırlaydı, balaǵa bunday qadaǵalawdı óz betinshe ámelge asırıw ele júdá awır baladı.

D.B.El`konin hám onıń xızmetkerleri oqıw iskerligin jetiskenlikli iyelew ushın zárur bolǵan tiykarlar sıpatında háreketlerdiń qálegen basqarılıwı tiykarında júzege keletuǵın bala qábiletlerin kórip shıǵadı:

-ulıwmalastırǵan jaǵdayda háreket usılın anıqlawshı qaǵıyda balalardıń óz háreketlerin sanalı ráwishte boysındıra alıwı;

-berilgen talaplar sistemasında háreket ete alıwi;

-sóylewshini dıqqat penen esite alıw hám awız-eki formada beriletuǵın tapsırmalardı anıq orınlay alıwi;

-kórip, qabıl etilip atırǵan úlgi boyınsha talap etilip atırǵan tapsırmalardı erkin orınlay alıwi.

Tiykarında bul birinshi klassta tálimge suyengen jaǵdayda mektepke bolǵan psixologiyalıq tayarlıqtıń bólimi esaplanatuǵın óz qálewshiliginiń rawjlanıwı kórsetkishleri.

**Mektepke psixologiyalıq tayarlıq analizi** eń dáslep balanıń qálemegen psixikalıq rawajlanıwın aldın alıw maqsetinde alıp barılıwı kerek. Eger analiz tikkeley balalardıń mektepke barıwı aldınan ótkerilse, bunda balalar ámeliy psixologlar ne ushın bunı islep atırǵanın túsiniw lazım.

**Mektepke tayarlıq analizi tómendegi maqsetleri bolıwı múmkin:**

-balalar psixikalıq rawajlanıwı ózgesheliklerin oqıw-tárbiyalıq protsesste olarǵa jeke jantasıwdı anıqlaw maqsetinde túsiniw;

-mektep tálimine tayar bolmaǵan balalardı mektepte ózlestirmewi hám maslasa almawdıń aldın alıwǵa qaratılǵan rawajlandırıwshı isti olar menen alıp barıw maqsetin anıqlaw;

-balajaq birinshi klass oqıwshıların olardıń “tikkeley rawajlanıwı zonası”na kóre klasslar boyınsha bólistiriw, bul hár bir balaǵa ol  ushın qolayli bolǵan kún tártibinde rawajlanıwına imkaniyat beredi;

-mektepke tayar bolmaǵan balalardı bir jıl keyinge qaldırıw. Bul tek ǵana altı jastaǵı balalarǵa  qollanıladı.

Psixologiyalıq izertlewler soni kórsetedi, jeti jastan oqıtıw balanıń mektepke tayar bolǵanınan keyin ǵana ámelge asırıw maqsetke muwapıq. Kerisinshe altı jastaǵılardı oqıtıw olardıń psixikalıq rawajlanıwına úlken tásir kórsetedi. Mektep tálimine tayar bolmaǵan altı jastaǵılar menen mekteptegi sistematikalıq tálimge shekem arnawlı rawajlandırıwshı psixologiyalıq baǵdarlamalar boyınsha shuǵıllanıw zárur.

Balanıń mektep tálimine tayarlıǵı máselesi házirgi kún ushın jańalıq bolmay bul boyınsha izertlewler shet el psixologlarınan K.İrasek, L.İ.Bojovich, S.L.Vıgotskiy, E.E.Kravtsova, N.G.Salmina hám basqalar tárepinen alıp barılǵan.

Dásturiy táriyplerge kóre balanıń mektep tálimine tayarlıǵınıń tiykarǵı 3  tárepi kórsetiledi.

1.İntellektuallıq

2.Motivatsiyalıq

3.Sotsiallıq

E.E.Kravtsova jumıslarında balanıń mektepke psixologiyalıq tayarlıqta baladaǵı qarım-qatnastıń rawjlanıwına tiykarǵı itibardı qaratadı. Soǵan baylanıslı qarım-qatnastıń 3 dárejesin kórsetedi, yaǵnıy úlkenler, teńlesleri hám óz-ózine múnásiybetiniń rawajlanıwı dárejesi tiykar etip alınǵan. Kravtsova mektepke tayar bolmaǵan balalarda tuwılatuǵın qıyınshılıqlardı úrenip shıqqan, sonday-aq balanıń mektepke múnásiybetinde tiykarǵı kórsetkish bolıp onıń ishki social álemi esaplanadı. Balanıń mektep, oqıtıwshı, oqıw haqqındaǵı pikirleri hám qıyalıy

túsinikleri zárur áhmiyetke iye.

N.G.Salmina mektepke psixologiyalıq tayarlıqtı sıpat kórsetkishlerin sonday-aq, erkinlik oqıw iskerliginiń sharayatları sıpatında ajıratıladı.

K.İrasek mektepke jetiklik túsinigine jánede ápiwayı táriyip beredi. Onıń pikirinshe mektepke jetiklik balanıń mektep táliminde qatnasıwın sáwlelendiredi.

İrland psixologı G.P`eron mektepke shekemgi jastaǵı balalardı mektep tálimine tayarlıǵın anıqlaw maqsetinde arnawlı metodika islep shıqqan. Metodika 2-basqıshtan ibarat bolıp birinshi basqıshta balanıń jasına say turmıslıq 20 sorawlardan hám ekinshi basqıshta altı turli geometriyalıq figuralar berilip bala olar ortasındaǵı óz-ara parıqtı hám uqsaslıǵın aytıwı kerek. Ekinshi basqısh ápiwayı kóringeni menen júdá quramalı dáreje esaplanadı. Bul metodika arqalı balanıń mektepke qanshelli tayar ekenligin kórsetip beredi.

Muxina izertlewlerine kóre balanıń mektepke psixologiyalıq tayarlıǵı tek ǵana onıń mektep jasına jetkenligi menen belgilenbeydi, al mektepke bariwi ushın kerekli bolǵan ózgeshelikler bolıwı zárur.

Sonday-aq, balanıń mektepke shekemgi jas dáwiri iskerligi dawamında balada oqıwshı bolıwǵa hámde oqıwǵa tileginiń bolıwı kerek. Bunday tilek balada úlken mektepke shekemgi jas dáwiriniń aqırlarında payda bala baslaydı.

Matyuxinanıń izertlewlerinde balanıń mektepke tayarlıqlarında onıń jeke ózgeshelikleriniń tayarlıǵı tiykarǵı orın iyeleydi. Jeke ózgesheliklerdegi tayarlıq mektepke qaraǵanda qızıǵıwshılıqlardıń aldın payda baladı. Bul qızıǵıwshılıqlardı juzege keltiretuǵın nárse oyın esaplanadı.

K.D.Ushinskiy balanı ertelew oqıtıw yamasa keshirek oqıtıw hám balaǵa unamsız tásir kórsetedi. «Balanıń óz waqtında oqıwǵa engizilmegen ruhıy kúshleri kóbinese sonday kewilsiz aqıbetlerge alıp keliwi múmkin, soń bul kewilsizlikler menen guresiwge tuwrı keledi, biraq bul gures hámme waqıt hám nátiyje berebermeydi».

Krutetskiydiń pikirinshe balanıń mektep tálimine tayarlıǵında onıń ob`ektiv hám sub`ektiv tárepleri názerde tutadı. Ob`ektiv tárepine balanıń yadı dıqqatın toplay alıwı hám basqalar. Sub`ektiv tárepke bolsa úlkenler ásirese oqıtıwshısı menen qarım-qatnastı názerde tutıdı.

Házirgi kúnde usı mashqala mámleketimiz siyasatı dárejesine kóterilip, bul boyınsha salmaqlı jumislar ámelge asırılmaqta. Mektepke shekemgi jastaǵı balalardı rawajlandırıw hám mektepke tayarlaw protsessiniń aldına qoyilǵan maqset hám wazıypalardıń orınlanıwı „Erte hám mektepke shekemgi jastaǵı balalar tálim – tárbiyasına qoyılatuǵın mámleket talapları„ tiykarında qadaǵalanadı. Usı mámleket talaplarında mektepke shekemgi jastaǵı balalarǵı beriletuǵın tálim – tárbiya mazmunınıń tiykarǵı baǵdarları hámde olardıń mektepke tayarlıq dárejesine qoyılatuǵın minimal talaplar belgilep berilgen bolıp, ol mámleket hújjeti sıpatında belgilengen. Mámleket talaplarında mektepke shekemgi jastaǵı balalarǵa beriletuǵın tálim-tárbiya mazmunınıń tiykarǵı baǵdarlarına:

-fizikalıq rawajlanıw hám salamat turmıs táriziniń qáliplesiwi;

-sotsial-sezimlik rawajlanıw;

-til, qarım-qatnas, oqıw hám jazıw uqıplılıqları;

-biliw protsessiniń rawajlanıwı;

-dóretiwshilik rawajlanıw sıyaqlı ózgesheliklerden ibarat[3]. Usı tiykarǵı baǵdarlardan biri – mektepke shekemgi jastaǵı balalar sóylew tiliniń rawajlanǵanlıǵı, yad, óz betinshe pikirlewge úyretiw, ertek hám gúrrińlerdi aytıp beriw yaki oqıp beriwleri bala sóylew tiliniń mazmunınıń negizin quraydı. Erte hám mektepke shekemgi jastaǵı balalar rawajlanıwına qoyılatuǵın mámleket talaplarında belgilengen kórsetkishlerine erisken 6-7 jastaǵı balalardı mektepke tolıq tayarlıǵın anıqlaydı.

Házirgi waqıtta mámleketimizde balalardı mektepke tayarlawdıń psixologiyalıq, motivatsiyalıq hám intellektual mashqalaların teoriyalıq hám ámeliy izertlew isleri nátiyjeli ilimiy jolǵa qoyılǵan. Bul boyınsha T.Qori-Niyoziy, S.Rajabov, P.I.Ivanov, M.Vohidov, M.G.Davletshin, E.Ģoziev, B.Qodirov, Ģ.B.Shoumarov, V.M.Karimova, R.Gaynutdinov, R.Sunnatova, A.Jabborov, K.Tleumbetova hám basqalar tárepinen alıp barılǵan ilimiy-izertlew isleri házirgi zaman metodologiyalıq printsipleri tiykarında ashıp berilgenligi belgilep ótiw múmkin.

[3] Ózbekiston Respublikasining ilk va maktabgacha yoshdagi bolalar rivojlanishiga qóyiladigan davlat talablari. T.:- 2018 y.-3-4 b

Balalardı mektepke tayarlaw, olardıń aqılıy rawajlanǵanlıǵı dárejelerin úyreniw, ziyrek balalardı tańlap alıw boyınsha Respublikamizda ámelge asırılǵan dıqqatqa ılayıq baǵdarlardıń biri  professor B.R.Qodirov tárepinen alıp barılǵan. Ol óziniń izertlewleriniń nátiyjesi sıpatında bir neshe ilimiy maqalalar, ilimiy-metodikalıq usınıslar, monografiyalar baspadan shıǵardı.

Ayrıqsha itibarga ılayıq izertlewler professor M.G.Davletshin tárepinen ámelge asırılǵan. Onda oqıwshılarda texnikalıq uqıplılıǵınıń quramlı sisteması, onıń tárepleri parıqlap berilgen. Sonday-aq, oqıwshılardıń texnikalıq uqıplılıǵın izertlew boyınsha tájiriybe wazıypaları toparı dúzip shıǵılǵan hám olardan paydalanıw, alınǵan nátiyjelerdi qayta isleu ushın normativ maǵlıwmatlar, texnikalıq uqıplılıqlar hám oqıwshınıń ózlestiriwi ortasındaǵı baylanıstıń bar bolıwı sıyaqlı bay maǵlıwmatalar toplandi.

Respublikamızda balalardı mektep tálimine psixologiyalıq tayarlaw mashqalalarına arnalǵan dáslepki ilimiy-izrtlew isleri M.Zufarova tárepinen nátiyjeli ámelge asırılǵan. Avtor óziniń izertlewleri nátiyjelerine tiykarlanıp, tiyisli juwmaqlardı alǵa súredi: «Balanı oqıw hám jazıwǵa, háriplerden sózler dúziwge úyretiw zárur, biraq onı durıs  usıllar menen alıp barılsa ǵana ol  maqsetke muwapıq boladı. Qayta úyretiw bolsa dáslepki úyreniwge  qaraǵanda júdá quramalı keshedi». Usı sebepli, balalardı arnawlı shınıqtırıw jolları menen jazıw hám oqıwǵa úyretiw shárt emes. Bunıń ornına  balanıń qol-motor háreketlerin jetilistiriw, olarǵı suwretler sızdırıw, applikatsiya menen shuǵıllandırıwları jazıwǵa tayarlawdıń maqsetli quralların biri.

Ata-analar óz perzentlerin mektep tálimine tayarlıǵı máselesinde tómendegilerge itibar beriwleri maqsetke muwapıq:

1. Mektepke keletuǵın bala óziniń atı hám ákesiniń atı, jasın tolıq biliwi kerek. Sonday-aq, bala ata-anasınıń atı, ákesiniń atı, olardıń  qay jerde jumıs islewin biliwleri kerek;

2. Balalarda mektep haqındaǵı ulıwma túsiniklerdi keńeytiriw, olarda kitaplarǵa degen muhabbatın tárbiyalaw;

3. Balanıń ses hám sózlerdi durıs aytıwǵa itibar beriw. Seslerdi ajıratıwǵa, buwınlap oqıwǵa úyretiw, esitiw qabıl etiwi hám qábiletin rawajlandırıw;

4. Úlken adamlar hám shańaraq aǵzalarına miyrimli bolıw kónlikpesin payda etiw;

5. Balanı shep-oń, joqarı-tómen, uzaq-jaqın sıyaqlı túsinikler menen tanıstırıw, kún tártibine ámel etiwge úyretiw;

6. Egerde ata-ana balalardıń sawat ashıw usılların bilse, onda 4-5 háripti jazıw hám oqıwdı úyretiwi, bul balanı mektep tálimine tayarlawda zárur áhmiyetke iye. Bul ata-analar ushın qıyın sezilsede, biraq bular kúndelikli jumıs sıpatında nátiyjeli negiz bolıp baradı.

Ata-ana óz perzentiniń keleshegi ushın qayǵuradı, oylaydı. Usı payıtta ol joqarıda kórsetilgen talaplarǵa ámel etip barsa, onda keleshek arzuları ańsat ámelge asıwı múmkin. Bala sonda ǵana tayar boladı. Qalǵan protsessler bolsa oqıw dawamında, sawatqa úyretiw protsessinde áliplesedi",- dep aytadı.

Sh.A.Do'stmuhammedova altı jaslı balalardıń tálim protsessinde pedagogikalıq bahalawdıń psixologiyalıq ózgesheliklerin úyreniw mashqalaları avtor izertlewiniń tiykarǵı predmeti esaplanadı. R.I.Sunnatova tárepinen 4-5 jaslı balalardıń aqılıy rawajlanıw diagnostikası úyrenilip, bul boyınsha tiyisli juwmaklar shıǵarıldı. F.S.Ismagilova hám Z.T.Nishonovalar óziniń izertlewlerinde dóretiwshilik qábileti mashqalası haqqında pikirler bildirip, aqılıy qábiletlerdiń ólshemi, formaları hám va basqıshları táriypin berip ótken. Z.T.Nishonovanıń izrtlewi bolsa joqarı klass oqıwshılarında aqılıy iskerlik usılları hám jolların iyelew ózgesheliklerin úyreniwge qaratılǵan. Bunda oqıwshılardıń pikirlew strategiyasına úyretiw usılı islep shıǵıldı, mektep oqıwshılarında aqılıy iskerlik usılların jetilistiriw boyınsha usınıslar islep shıǵıldı.

Házirgi waqıtta respublikamızda balalardı mektepke tayarlaw hám olardı aqılıy rawajlandırıw máselelerin uyreniw boyınsha tk ǵana alımlar, ilimiy izertlewshiler emes, al ámeliyatshı psixologlar, pedagog oqıtıwshılar, tárbiyashılar tárepinen hám bir qatar isler ámelge asırılǵan. Sonday-aq, Sh.R.Barotov, M.A.Norbasheva, G.To'laganova, X.Ruxieva, Sh.Usmonova, D.Mirzajonova hám basqa izertlewshiler óz jumısları menen Respublikamizda balalardı mektepke tayarlaw, olardıń aqılıy rawajlanǵanlıq dárejelerin úyreniw hám rawajlandırıw boyınsha jumıslarǵa ózleriniń salmaqlı úlesin qosıp kelmekte.

## 1.2. İNNOVATSIYALIQ TEXNOLOGIYA TÚSINIGI HÁM ONIŃ MAZMUNI

Pedagogikalıq texnologiya túsiniginiń qáliplesiwi hám rawajlanıwı tariyxında túrli kóz-qaraslar bar bolıp, ol texnikalıq qurallar haqqındaǵı tálimat dep hámde oqıtıw protsessin proektlestirgen jaǵdayda izbe-iz hám turaqlı shólkemlestiriw dep táriyplengen.

V.P. Bespal`ko pedagogikalıq texnologiya *ámeliyatqa engiziletuǵın belgili pedagogikalıq sistema proekti* sıpatında belgileydi. Ol pedagogikalıq sistema texnologiyalar islep shıǵıw ushın tiykar baladı, dep esaplaydı. Bunda tiykarǵı dıqqat oqıw-pedagogikalıq protsessti aldınnan proektlestiriwge qaratıladı, didaktikalıq wazıypa hám oqıtıw texnologiyaları túsiniginen paydalanıladı. V.P. Bespal`ko oqıw protsessin proektlestiriw ideyasın alǵa súrdi.

N.F.Talızina hár bir pedagog real pedagogikalıq protsessti shólkemlestiriwden aldın oqıw protsessi haqqında *texnologiyalıq dárejede bilimler sistemasın bilip alǵan bolıwı shárt* dep esaplaydı. Ol pán hám ámeliyat aralıǵında printsiplerdi alǵa suriwshi, metodlar islep shıǵıwshı, olardı izbe-iz qollaw sıyaqlı máseleler menen shuǵıllanıwshı –ayrıqsha pán bolıwı kerek, dep esaplaydı, olarsız pedagogikalıq protsess tiykarlanbay qaladı (texnologiya real oqıtıw protsessi sıpatında).

Ayrım avtorlar oqıtıw texnologiyalarına pán hám kórkem óner aralıǵındaǵı pán dep qaraydı, basqaları onı proektlestiriw menen baylanıstıradı.

Texnologiya túsinigi 60-jıllardaǵı Amerika hám Batıs Evropada tálimdi reformalastırıw menen baylanıslı ráwishte kirip keldi. B.Blui, J. Koroll, P.Ya.Gal`perin, V.İ.Davıdov, N.A.Menchinskaya, Z.İ.Kalmıkova, L.İ. Zankov texnologiyaları ataqlı. Oqıtıwdı shólkemlestiriwdiń texnologiyalıq jantasıwları V.P.Bespal`ko, N.F.Talızina, L.M.Fridman, Yu.N.Kulyutkina, G.S.Suxobskoy, T.V.Kudryavtsev, A.M. Matyushkin, M.İ.Maxmutov sıyaqlı ilimpazlarǵa tiyisli.

T.A.Ballo texnologiyanıń bir tárepi, yaǵnıy oqıtıwda tapsırmalı jantasıwdı ashıp beredi. Basqalarında yamasa komp`yuter arqalı baǵdarlamastırılǵan oqıtıw yamasa oqıtıwdıń mashqalalı dúzilisi ajıralıp turadı.

L.V. Zankov, T.Ya.Gal`perin, V.İ.Davidov izertlewlerinde basqıshlı oqıtıwdıń bir pútin texnologiyaları haqqında pikir júritiledi.

YuNESKO **táriypi boyınsha «Pedagogik texnologiya –** bul tálim formaların jedellestiriw wazıypasın kózlegen oqıtıw hám bilimlerdi ózlestiriwdiń barlıq protsesslerin texnika hám inson faktorlarında hám olardıń birgeliktegi háreketleri quralında jaratıw, engiziw hám belgilewdiń izbe-iz metodı».

**İnnovatsiya** (inglisshe Innovation - jańalık kirgiziw) – sistema ishki dúzilisti ózgertiriw, ámeliyat hám teoriyanıń zárur bólegi. İnnovatsiyalıq protsestiń mazmunlı tárepin óz ishine aladı (ilimiy ideyalar hám olardıń texnologiyaların ámeliyatqa kiritiw).

**Pedagogikalıq jańalıq**– pedagogikalıq iskerlikte aldıńģı tálim protsesinde belgisiz bolģan ózgerislerdi kiritiw arqalı tálim hám tárbiyanıń teoriya hám ámeliyatın bayıtıw hám onı rawajlandırıwshı quralı.

**İnnovatsiyalıq protses** – jańalıqtıń kiritiliwi hám sharayatları, sistemasın jańa kórsetkishlerge jetiskenlikli ótiwin támiyinlewshi ózgeris. İnnovatsiyalıq ózgerislerge tayarlıq kóriw hám onı ámeliyatqa kiritiw protsesi.

**İnnovatsiyalıq texnologiya** – pedagogikalıqalıq rawajlanıwdı támiyinlewge qaratılģan shólkemlestiriwshilik iskerlik protsesi (belsendilik, didaktikalıq oyınlar, evristikalıq, kreativlik, mashqalalı, proektlestirilgen, axborot kommunikatsiya texnologiyaları).

İnnovatsiyalıq oqıtıw – 1) jańasha oqıtıw sisteması, 2) hám tálim alıwshılardı jańa kiritilgen texnologiyalar tiykarında oqıtıw protsesi (algoritmlew, proektli, modulli hám b. ).

Sózlik tárepten "**innovatsiya**" túsinigi inglis tilinen awdarģanda ("innovation") "jańalık kiritiw" degen mánisti ańlatadı. "İnnovatsiya" túsiniginiń mazmunı anıq jaģdaydı sáwlelendiredi.

"Ózbekiston Milliy entsiklopediyasi"da kórsetiliwinshe, innovatsiya tómendegishe mazmun hám túsiniklerge iye: "İnnovatsiya (ingl. "innovationas" – kiritilgen jańalık, oylap tabıw)

1) texnika hám texnologiya áwladlarn almastırıwdı támiyinlew ushın ekonomikaģa sarıplanģan qárejetler;

2) ilimiy-texnika jetiskenlikleri hám aldıńǵı tájiriybelerge tiykarlanǵan texnika, texnologiya, basqarıw hám miynetti shólkemlestiriw sıyaqlı tarawlardaǵı jańalıklar, sonday-aq, olardıń hár túrli tarwlar hám iskerlik sheńberlerinde qollanılıwı".

**İnnovatsiyalıq tálim (ingl. "innovation" – jańalık kiritiw, oylap tabıw**) tálim alıwshıda jańa ideya, norma, qaǵıydalardı jaratıw, basqa adamlar tárepinen jaratılǵan aldıńǵı ideyalar, norma, qaǵıydalardı tábiiy qabıl etiwge say sıpatlar, uqıplılıqlardı qáliplestiriw imkaniyatın jaratatuǵın tálim.

İnnovatsiyalıq tálim protsesinde qollanılatuǵın texnologiyalar - innovatsiyalıq tálim texnologiyaları yamasa tálim innovatsiyaları deb ataladı.

Tálim innovatsiyaları – tálim tarawı yamasa oqıw protsesinde bar mashqalanı jańasha jantasıw tiykarında sheshiw maqsetinde qollanılıp, aldınǵısınan bir qansha nátiyjeli nátiyjeni kepilley alatugın forma, metod hám texnologiyalar.

**Tálim innovatsiyaları** "innovatsiyalıq tálim" dep hám ataladı. "**İnnovatsiyalıq tálim**" túsinigi birinshi márte 1979 jılda "Rim klubı"nda qollanılǵan.

İnnovatsiyalar hár túrli kóriniske iye. Tomendegiler innovatsiyalardıń tiykarǵı kórinisleri esaplanadı.

- jańa ideyalar;
- sistema yamasa iskerlik baǵdarın ózgertiriwge qaratılǵan anıq maqsetler;
- dásturiy emes jantasıwlar;
- ádetlenbegen alǵa baslawlar;
- aldıńǵı is metodları.

Tálim sistemasında yamasa oqıw iskerliginde innovatsiyalardı qollawǵa jumsalǵan qárejet xám kushten imkaniyat bolǵansha eń joqarı nátiyjeni alıw maqseti baqlanadı. İnnovatsiyalardıń hár qanday jańalıktan parqı sonda, ol basqarıw hám qadaǵalawǵa imkaniyat beretugın ózgeriwsheń mexanizmge iye bolıwı zárur.

Barlıq tarawlarda bolǵanınday tálimde hám "novatsiya", "innovatsiya" hámde olardıń negizin sáwlelendiriwshi iskerlik haqqında sóz aytıladı.

Eger iskerlik qısqa múddetli, bir pútin sistema ózgesheligine iye bolıp, tek ǵana sistemadaǵı ayrım elementlerdi ózgertiwge xızmet etse ol novatsiya (jańalanıw) dep aytıladı.

İskerlik belgili bir kontseptuallıq jantasıw tiykarında ámelge asırılıp, onıń nátiyjesi belgili sistemanıń rawajlanıwına yamasa onı túpten ózgertiriwge xızmet etse, ol innovatsiya (jańalıq kiritiw) dep ataladı.

İlimiy ádebiyatlarda "novatsiya" (jańalanıw, jańalıq) hámde "*innovatsiya" (jańalık kiritiw)* túsinikleriniń bir-birinen parıqlanıwına ayrıqsha itibar qaratıladı. Mısal ushın, V.İ. Zagvyazinskiydiń aytıwınsha, "jańa", "jańalıq" túsinigi tek ǵana belgili ideyanı emes, al ele ámeliyatta paydalanılmaǵan jantasıw, metod hámde texnologiyalardı sáwlelendiredi. Biraq bunda protses elementleri bir pútin yamasa ayrıqsha alınǵan elementlerden ibarat bolıp, ózgerip turıwshı sharayat hám jaǵdayda tálim hám tárbiya wazıypaların nátiyjeli sheshiw ideyaların ózinde sáwlelendiredi.

Haqıyqattan hám, jańalıq – qural sanalıp, ol ayrım jaǵdaylarda jańa metod, metodika, texnologiya hám b. kórinisinde payda boladı.

Zamonagóy tálimge say zárur táreplerden biri – pedagog iskerliginiń innovatsiyalıq xarakterge erisiw sanaladı. Rawajlanǵan shet el mámleketlerinde pedagogikalıqalıq iskerliktiń innovatsiyalıq xarakterge iye bolıw máselesi ótken ásirdiń 60-jıllarınan baslap úyrenile baslaǵan. Ásirese, X.Barnet, J.Basset, D.Gamil`ton, N.Gross, R.Karlson, M. Maylz, A.Xeyvlok, D.Chen, R.Edem, F.N. Gonobolin, S.M. Godnin, V.İ.Zagvyazinskiy, V.A.Kan-Kalik, N.V.Kuz`mina hámde V.A.Slastenin sıyaqlı izertlewshiler tárepinen alıp barılǵan jumıslarda innovatsiyalıq iskerlik, pedagogikalıq iskerlikke innovatsiyalıq jantasıw, innovatsiyalıq ideyalardı tiykarlaw hám olardı ámeliyatta nátiyjeli engiziw, shet el mámleketleri hámde respublikada jaratılǵan pedagogikalıqalıq innovatsiyalardan xabardar bolıw arqalı pedagog iskerliginde olardan belsene paydalanıw boyınsha ámeliy háreketler mazmunı ashıp berilgen. Mazmunına kóre innovatsiyalar qarım-qatnas yamasa protseske jańalıq kiritiwdiń dinamikalıq sisteması esaplanadı. Óz-ózinen sistema sıpatında jańalıq kiritiw qarım-qatnas yamasa protsestiń, birinshiden, ishki logikasın, ekinshiden, kiritilip atırǵan jańalıktıń belgili waqıt aralıǵında ibe-iz rawajlanıwı hám aynala -átirapqa kórsetetuǵın óz-ara tásirin sáwlelendiredi.

V.A.Slastenin innovatsiyanı jańalıq jaratıw, keń jayıw hám paydalanıwǵa qaratılǵan maqsetke muwapıq, baǵdarlanǵan protses jıyındısı dep biledi. Avtordıń pikirine kóre hár qanday innovatsiya jańa qurallar járdeminde jámiyetlik

sub`ektlerdiń mútájligin qanaatlandırıw hám umtılıwların xoshametlew maqsetin itibarǵa aladı.

Hár qanday innovatsiyada "jańa", "jańalıq" túsinikleri zárur áhmiyetke iye. Hár túrli múnásiybet hám protseslerge kiritilip atırǵan jańalıq mazmunı boyınsha jeke, sub`ektiv, jergilikli hám shártli ideyalar tárizinde payda boladı. Jeke jańalık múnásiybet, ob`ekt yamasa protseske tiyisli elementlerden birin ózgertiriw, jańalawdı názerde tutadı. Sub`ektiv jańalık belgili ob`ekttiń ózin jańalaw zárurligin sáwlelendiredi.

Jergilikli jańalıq ayrıqsha alınǵan ob`ekt ushın kiritilip atırǵan jańalıktıń ámeliy áhmiyetin táriyplew ushın xızmet etedi.

Shártli jańalık bolsa múnásiybet, ob`ekt yamasa protseste quramalı, progressiv jańalanıwdıń payda bolıwın támiyinlewshi belgili elementlerdiń jıyındısın ashıp beriwge xızmet etedi.

R.N.Yusufbekova innovatsiyalardı pedagogikalıq kóz qarastan kórip shıǵıwǵa itibardı qaratadı. Ásirese, pedagogikalıq innovatsiyalar avtor tárepinen tálim hám tárbiya protsesinde eń dáslep belgili bolmaǵan, óndirilmegen jaǵday yamasa nátiyjege alıp barıwshı pedagogikalıq qublıstıń ózgerip turıwı múmkin bolǵan mazmunı ekenligin aytıp ótedi. Rossiyalıq alımlar A.İ.Prigojin, B.V.Sazonov, V.S.Tolstoy, N.P.Stepanov hám t.b. bolsa innovatsiyalıq protses hámde onıń quramlı bólimlerin úyreniwge itibardı qaratqan. Bul orında olar innovatsiyalıq protsestiń shólkemlestiriliwine qaray tómendegi eki jantasıw bar ekenligin aytıp ótedi:

1) jańalıqtıń jeke mikro dárejesi (oǵan kóre qanday da jańa ideya ámeliyatqa engiziledi);

2)ayrıqsha-ayrıqsha kiritilgen jańalıqlardıń óz-ara tásirin sáwlelendiriwshi mikro dáreje (bul orında ayrıqsha-ayrıqsha kiritilgen jańalıqlardıń óz-ara tásirleniwi, birligi, jarısıwshıılq hám biriniń ornın ekinshisi tárepinen iyeleniwi áhmiyetli esaplanadı).

A.İ.Prigojinniń pikirine kóre, innovatsiya maqsetke muwapıq ráwishte belgili jáiyetlik birlik – shólkem, xalıq, jámiyet, toparǵa qaraǵanda múnásiybetke jańasha jantasıw, bul múnásiybetti bir qansha turaqlı elementler menen bayıtıp barıw túsiniliwi lazım. Bul orında ańlanadı, avtordıń kóz-qarasları tikkeley jámiyetlik múnásiybetler, olarǵa qaraǵanda innovatsiyalıq jantasıw negizin sáwlelendiredi.

Sonnan kelip shıqqan jaǵdayda hár bir shaxs puqara, qániyge, basshı, xızmetker, qalaberse, túrli jámiyetlik múnásiybetler protsesiniń qatnasıwshısı sıpatında ózine say innovator iskerligin shólkemlestiredi.

Tálim sistemasın texnologiyalastırıw ideyası ótken ásirdiń baslarında Batıs Evropa hám AQShta tálim sistemasın reformalaw, tálim nátiyjeliligin asırıw, jekke adamnıń jámiyetlesiwin támiyinlew ushın belgili sharayattı jaratıw boyınsha jámiyetlik háreket júzege kelgen dáwirde birinshi reet ortaǵa taslandı. Usı ideya 30-jıllarda tálim protsesine "pedagogikalıq texnika" ("tálim texnikası") túsiniginiń alıp kiriliwi menen tiykarlandı. Usı dáwirlerde jaratılǵan arnawlı ádebiyatlarda "pedagogikalıq (tálim) texnika(sı)" túsinigi "oqıw shınıǵıwların anıq hám nátiyjeli shólkemlestiriwge kómeklesiwshi usıl hám qurallar jıyındısı" tárizinde táriyplenedi hámde oqıw protsesine oqıw hám laboratoriya úskeneleriniń alıp kiriliwi, olardan nátiyjeli, ónimli paydalanıw, material mazmunın kórgizbeli qurallar járdeminde túsindiriw sıyaqlı jaǵdaylar tálim nátiyjeliligin asırıwga járdem beriwshi jetekshi faktorlar dep bahalandı.

XX ásirdiń 50-jıllarında tálim protsesinde texnikalıq qurallardı qollaw "tálim texnologiyası" baǵdarın belgilep beriwshi faktor dep tanıldı, tiykarǵı itibar talabalar auditoriyasın keńeytiriw texnikalıq qurallardan paydalanıw boyınsha ámelge asırılıwı, texnikalıq qurallardıń imkaniyatların jánede jetilistiriw, olardıń xabar sıyımın keńeytiriw, xabarlardı beriw xızmetin sıpatlı shólkemlestiriw, tálim alıwdı jekelestiriw sıyaqlı máselelerge qaratıldı. Bul boyınsha alıp barılǵan izertlewlerdiń ob`ekti, tayanısh tochkası sıpatında texnikalıq qurallar imkaniyatları, olardı jetilistiriw protsesi qabıl etildi, sonday-aq, oqıw protsesin "texnologiyalastırıw"dıń shólkemlestiriwshilik táreplerin úyreniwge ayrıqsha orın berildi.

60-jıllardıń baslarında tálimdi baǵdarlamalastırıw tiykarında tálim protsesin shólkemlestiriw "texnologiya" túsiniginiń negizin ashıp beriwshi faktor sıpatında kurıla baslandı. Baǵdarlamalastırılǵan tálim tálim alıwshılarǵa belgili bilimlerdi ayrıqsha bólim sıpatında emes, al izbe-iz, bir pútin tárizde beriliwin názerde tutadı. Tálim protsesin bir pútin, qolaylı baǵdarlamaǵa muwapıq shólkemlestiriw usınısı birinshi márte AQShta xızmet kórsete baslaǵan "Baǵdarlamalastırılǵan tálim hám úyretiwshi mashinalar boyınsha birleskean Qomitet" tárepinen alǵa súrilgen.

Bağdarlamalastırılğan tálim ózinde tálim maqsetleri, olardı ózgertiriw hám bahalawdıń sáykes ráwishtegi kriteriyaları hámde tálim ortalığınıń anıq táriypin qamtıp aladı. Bul bolsa ózgertiriw jıyındısın tolıq qayta shólkemlestiriw túsinigi mazmunına sáykes keledi. Pedagogikalıq sistema elementlerdiń judá shıdamlı hám bekkem jıyındısı.

V.P.Bespalkoning pikirine kóre qaysı dáwir pedagogikalıq sisteması bolmasın ol óz-ara baylanısqan tómendegi elementlerden ibarat:

1) tálim (tárbiya)maqseti (ulıwma hám jeke);

2) tálim (tárbiya)mazmunı;

3) tálim (tárbiya)protsesi (jeke tárbiya hám tálim);

4) lar (wqitishningtexnika vositalari);

5) tárbiyalıq islerdiń shólkemlestiriwshilik formaları.

İnnovatsiya tereńirek bilim alıw, úyreniw, ózlestiriw, keń kólemdegi bilimlerdi alıwğa qaratılmığı jaqsı nátiyjeler beriwi múmkin.

Bular turaqlı pedagogikalıq mashqala bolıp kiyatırğan: oqıw-tárbiyalıq iskerlik motivatsiyasın asırıw, sabaq protseslerinde oqıw materialdıń kólemin asırıw, oqıw protsesin jedellestiriw, waqıttı tejew, kóbirek aldıńğı metodlardan paydalanıw, oqıw-tárbiyalıq islerde interaktiv usıllardan paydalanıw, aldıńğı texnologiyalardı qollaw, xabar- kommunikatsiya texnologiyalardı engiziwden ibarat. Joqarı nátiyjeler beretuğın jańa ideyalar, jańa teoriyalıq bilimler beriwshi, shaxstı rawajlanıwğa alıp keliwshi, tolıq mánisindegi innovatsiyalardı jaratıw, izlew, engiziw talap etiledi.

Kóplegen ulıwma hám jeke proektlerdi analizlep, pedagogikalıq teoriya hám ámeliyatqa engiziw ózgeshelik hám jağdaylardı úyreniw tiykarında ulıwma pedagogikalıq innovatsiyalardı tómendegi kórinislerin belgilew múmkin:

1. Júdá jańa bolmasa-da, turaqlı aktiv bolgan, óziniń ideyası, áhmiyeti tárepten eskirmegen, oqıw protsesin optimallastırıwğa xızmet etetuğın oqıw-tárbiya texnologiyaları.

2. Gumanistikalıq pedagogika negizin sáwlelendiriwshi texnologiyalar.

3.Pedagogikalıq sistema protsesindegi basqarıwlardı jańa ideya, jantasıwlar tiykarında shólkemlestiriwdi támiyinlewshi texnologiyalar.

4. Jańa ideyalar, xabar quralları hám ǵalaba kommunikatsiyalarǵa tiykarlanǵan texnologiyalar.

İnnovatsiyalıq texnologiyalarda jańalıqlardıń tiykarǵı baǵdarları sıpatında:

- pedagogikalıq sistemanıń bir pútinligi;
- oqıw mákemeleri;
- pedagogikalıq teoriya;
- tálim alıwshılar;
- pedagogikalıq texnologiya;
- tálim (tárbiya) mazmunı;
- tálim (tárbiya)nıń forma, metod hám quralları;
- tálim (tárbiya) protsesin basqarıw;
- tálim (tárbiya) maqseti;
- tálim (tárbiya) nátiyjelerin kórsetip ótiw múmkin.

**İnnovatsiyalıq iskerlik** – jańa jámiyetlik talaplardıń dásturiy emes normalarına sáykes kelmewi yamasa jańa qáliplesip atırǵan ideyalardıń bar ideyalardı biykar etiw nátiyjesinde payda bolatuǵın kompleksli mashqalalardı sheshiwge qaratılǵan iskerlik.

Mazmunına kóre innovatsiyalıq iskerlik ilimiy izleniwler, islenbeler jaratıw, tájiriybe-sınaw islerin alıp barıw, pán-texnika jetiskenliklerinen paydalanıw tiykarında jańa jetilistirilgen ónimdi jaratıwdan ibarat.

- *jańalıktı qollawǵa tayarlıǵı;*
- *pedagogikalıq jańalıqlardı qabıl etiwi;*
- *novatorlıq dárejesi;*
- *kommunikativlik qábilettiń rawajlanǵanlıǵı;*
- *dóretiwshiligi*

İnnovatsiyalıq protsesti shólkemlestiriwshi jańalıq jaratıw, ózlestiriw, jańalıqtı qollaw–birgelikte innovatika ob`ekti esaplanadı. Pedagogikalıq didaktikada bolsa oqıw protsesi ilimiy izertlew ob`ekti bolıp esaplanadı. Áne usı menen olar bir-birinen parıqlanadı.

İnnovatsiyalıq iskerlik– tálimniń ol yamasa bul basqıshında innovatsiyalıq protsesti ámelge asırıwǵa járdem beriwshi kompleks ilajlar bolıp, ol protsess ishinde bolıp ótedi.

İnnovatsiyalıq iskerliktiń tiykarǵı funktsiyası pedagogikalıq protses komponentlerin, yaǵnıy mánisi, maqset, tálim mazmunı, forması, metodı, texnologiyası, tálim quralları, onı basqarıwların ózgertiriwden ibarat.

İnnovatsiyalıq protsestiń ózine sáykesligi sonda, ol tsikllıq xarakterli bolıp, tómendegi basqıshlı quramlı dúzilmede, jańalıqtıń payda bolıwı, opponentler menen gúresiwdegi tezlik, ideyanıń jetilisiwi, ózlestiriliwi, tarqalıwı yamasa krizis, yamasa finalga barıwdan ibarat.

İnnovatsiyalıq iskerlik sonday qurallar járdeminde keshetuǵın jaǵday, onda pedagogikalıq jańalanıw ideyası payda boladı. Ol sotsial jaǵdayǵa onnan tálimdegi jańalıqtıń tuwılıwı, payda bolıwına alıp keledi.

İnnovatsiyalıq protsestiń geybir jańalıqları lokal izertlewler ótkeriw hám tájiriybe-sınawlar arqalı engiziwden parıqlaw kerek. Máselen, mektepte qosımsha kurstı innovatsiyalıq dep bolmaydı.

Kóplegen rawajlanǵan mámleketler tájriybesi sonı kórsetedi, innovatsiyalıq protseslerde tálim sistemasındaǵı barlıq buwınlardıń aktiv qatnasıwları kózge taslanadı. Sonıń ushın mámleketimizde pedagogikalıq innovatsiyalardı rawajlandırıw mashqalaları ustinde ilimiy-izertlew isleri alıp barılmaqta. Olardan pedagog alımlardan N.Azizxwjaeva, B.Farberman, N.Sayidiahmedov, K.Zaripov, M.Ochilov, W.Tolipov, M.Usmonboeva, M.Jumaniyozova hám basqalardı keltiriw múmkin.

Solay etip bir ideyanı jańalıq dárejesinde jaratıp, iskerlikke alıp kirip, ol protsesti basqarıp barıw múmkin bolsa, innovatsiyalıq iskerlik esaplanadı.

## 1.3. BALALARDI MEKTEPKE TAYARLAW PEDAGOGIKALIQ MASHQALA SIPATINDA

Mektepke barıw balalardıń turmısında júdá úlken waqıya. Mektep turmısı balalarǵa jańa bir duńyanı ashıp beredi. Mektep dáwirinde balalardıń tiykarǵı iskerlikleri ózgeredi. Endi balalardıń tiykarǵı iskerlikleri, wazıypası oqıw bolıp qaladi.

6-7 jaslı balalar ushın jańa iskerlik bolǵan oqıw olardan jańa sıpat, ózgesheliklerge iye bolıwların talab etedi. Oqıw iskerligi ushın balalarda turaqlı dıqqat, ziyreklik, óz betinshelik, tártiplilik sezimleri bolıwı lazim. Baqshadan mektepke ótiwi nátiyjesinde úlkenler menen bolǵan múnásiybetlerinde hám bir qansha ózgeris júz beredi. Bala mektepke barıwı menen onıń sotsial jaǵdayında hám ózgeris juz beredi. Sebebi mektep jasına jaqınlasqan balalar baqshada "úlken" dep esaplanatuǵın edi. Mektepke barǵannan keyin, olar jáne «eń kishkeneler» qatarına tusip qaladı.

Balalardıń mektepke barıwı menen juzege keletuǵın áne usınday ózgerislerdi názerde tutıp, olarıd mekteptegi jańa turmısqa hár tárepleme tayarlaw kerek.

Mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkeminiń tiykarǵı wazıypalarınan biri balalarǵa hár tárepleme tárbiyalaw, olardı mektepke tayarlawdan ibarat. Bul bolsa óz gezeginde mekteptegi oqıtıw isleri menen mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemindegi tálim-tárbiya isleri optasında belgili izbe-izlik bolıwın talap etedi.

Mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkeminde balalardıń fizikalıq tárepten ósiwine qanshelli itibar berilse, olardıń aqılıy hám ádep-ikramlılıq ósiwlerine hám sónshelli itibar beriledi. Olardıń mektepke barıwı hár dayım názerde tutılıp, ótkeriletuǵın túrli didaktikalıq shınıǵıwlarda balalardıń qabıl etiwleri, túsinikleri hám este saqlawları, qıyal hámde oylawları, erkleri sistemalı tárizde rawajlanıp baradı.

Balalardı mekteptegi oqıw protsesine tayarlawda olardıń tilin ósiriw júdá zárur shártlerden biri. Sonıń ushın úlken topar balaların mekteptegi oqıwǵa tayarlawda óz ana tillerin jaqsı úyreniwlerine, yaǵnıy sóz baylıǵın arttırıw, tuwrı seslerdi aytıw hám tolıq hámde tuwrı gáp dúze alıwlarına áhmiyet beriw kerek. Balalardıń sırtqı álem haqqındaǵı tusiniklerin keńeytiw, bayıtıw isleri olardiń tilin ósiriw tiykarında alıp

barılıwı kerek.

Hámme mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemlerindegi mektep jasına tolǵan balalar mekteptegi oqıwǵa teń tayar bolmaydı. Ayrım balalar mektepke bargannan keyin, jańa sharayatqa tez kirisip kete almaydı. Olarda oqıw ushın qanday da bir ózgeshelik jetispeytuǵınday kópinedi. Ayrım psixologlardıń pikirinshe, bala mektepte oqıwı ushın átiraptaǵı zat hám qublıslarǵa say bir qansha túsiniklerge iye bolıwı hámde belgili dárejede aqılıy tárepten ósken bolıwı lazım. Biraq ol turmısta sonday waqıyalar ushıraydı, bir qansha tusinikke iye bolǵan hám hátteki jazıw hámde oqıwdı biletuǵın balalar hám mekteptegi oqıwǵa tayar bolmaydı. Olar mektep hám oqıtıwshınıń talapların orınlay almaydı. Kerisinshe, ayrım balalar jeterli túsinik baylıǵına iye bolmasa hám, mektepte oqıp kete aladı. Biraq, bunnan mekteptegi oqıw protsessi ushın belgili dárejede aqılıy tárepten ósken bolıwı mektepte dástlep oqıp ketiw ushın eń zárur shártlerdiń biri. Biraq bul balanıń oqıwǵa tayar ekenligin anıqlawdaǵı sheshiwshi faktor emes, sebebi bul jerde jas máselesi hám bar.

Jeti jasqa tolıw dáwiri balalıqtıń aqırǵı dáwirine tuwrı keledi. Áne usı dáwirden baslap balalarda óz-ózin ańlaw payda bala baslaydı. Sonıń ushın balalardıń jeti jasqa tolǵan dáwirinen baslap sistemalı tárizde oqıtıwǵa ótiw maqsetke muwapıq. K.D.Ushinskiydiń pikirinshe balanıń mekteptegi oqıw iskerligin tayarlıǵı ayrım psixikalıq protsesslerdiń rawajlanıw dárejesi menen emes, al balanıń ulıwma rawajlanıw dárejesi menen anıqlanadı.

Tálimge psixologiyalıq tayarlıq degende balanıń ob`ektiv hám sub`ektiv tárepten mektep talabına múnásip ekenligi názerde tutıladı. Ol mektep tálimine dáslep psixologiyalıq tárepten tayarlanadı. Sebebi, onıń psixikası bilim alıwǵa jeterli dárejede rawajlanadı. Usı jastaǵı bala qabıl etiwiniń ótkirligi, anıqlıǵı óziniń qızıǵıwshańlıǵı, iseniwsheńligi, oylawdıń anıqlıǵı menen basqa jastaǵı balalardan ajıralıp turadı. Mektep tálimine tayarlanıp atırǵan balada dıqqat uzaq múddetli hám shártli turaqlı baladı. Bala dıqqatınıń ózgeshelikleri rolli hám syujetli oyınlarda, suwret salıw hám qurıw jasaw shınıǵıwlarında, ılay hámde plastilinnen oyınshıqlar tayarlawda, basqalar sózin qabıl etiw hám túsiniwde, matematikalıq máselelerdi sheshiwde, gúrriń tıńlaw hám dúziwde kórinedi. Bala óz dıqqatın belgili ob`ektke toplawǵa umtıladı. Onıń yadı qızıqlı maǵlıwmat hám qublıslardı puxta este saqlaw,

eske túsiriw imkaniyatına iye baladı. Usı dáwirge shekem tikkeley úlkenler basshılıǵında ol yaki bul xabarlardı ózlestirip kelgen bolsa, endi óz qálewi menen zárur maǵlıwmatlar toplawǵa óz aldına anıq maqset hám wazıypa qoyıwǵa háreket etedi. Balanıń áne usı iskerligi este saqlawdıń belgili dárejede rawajlanǵanlıǵın bildiredi. Ol taqmaq, gúrriń hám erteklerdi este saqlaw ushın kóp tákirarlaw yadlawdıń eń qolaylı jol hám usıllarınan paydalanıw tálim protsessinde oǵan júdá qol keledi.

Birinshi klass oqıwshısı kóbinese obrazlı yadqa súyenip biliw iskerligin shólkemlestirse hám bul jumıs yadtıń basqa túrlerin biyqar etpeydi. Kerisinshe tálim sóz-logikalıq yadın payda etedi. Sóz-logikalıq yadınıń bar bolıwı mánisin túsinip este saqlap qalıw protsessiniń nátiyjeligin arttırıwǵa keń imkaniyat jaratadı. Tájiriybeden belgili bala mánissiz sózlerden kóre mánili túsiniklerdi birqansha tez hám bekkem eslep qalıw ózgesheligine iye. Onıń sózi mektep tálimine tayarlıq basqıshında úlkenler menen qarım-qatnasqa kirisiwi insanlardıń pikirin oqıp alıw hám tuwrı qabıl etiw dárejesinde tildiń dúzilisi bolsa, grammatika qagıydalarına sáykes, logikalıq izbe-iz mánili muǵdar hám kólem tárepinen pikir almasıwǵa jeterli baladı. Ol esitken hám kórgenleri haqqındaǵı maǵlıwmatlardı túsine aladı. Ózindegi xabarlardı belgili tártipte bayan ete biledi, aqılıy iskerlik operatsyalarınan orınlı paydalanadı.

Altı jaslı balanıń psixikalıq tayarlıǵı haqqında aytqanda kóbinese belgili reje tiykarında tártipli kóp tárepleme maqsetke baǵdarlanǵan, óz-ara logikalıq baylanıslı, izbe-iz baslawısh tálimge negiz wazıypasın atqarıwshı psixikalıq ósiw dárejsin názerde tutamız. Sonday-aq, tálim ushın psixikalıq ósiw dárejesinen tısqarı, bala turmısı hám iskerliginiń ayırmashılıqları, sharayatları, ózine sáykesligi, onıń salamatlıǵı, tayarlıǵı, ápiwayı kónlikpelerdi ózlestiriwi sıyaklı faktorlardı esapqa alıw maqsetke muwapıq baladı.

Balanıń mekteptegi turaqlı tálimge psixologiyalıq tayarlıǵı onıń mektepke shekemgi bolǵan dáwirdegi rawajlanıwınıń nátiyjesi esaplanadı. Sebebi, mektep tálimine psixologiyalıq tayarlıq onıń motivatsiyalıq, aqılıy rawajlanıwınıń belgili dárejesin hámde jeke adamdı zárur sıpatlarınıń qálipleskenligin názerde tutadı. Tálimge psixologiyalıq tayarlıq degende, balanıń ob`ektiv hám sub`ektiv tárepten mektep talabına ılayıqlıǵı názerde tutıladı. Bala dáslep mektep tálimine

psixologiyalıq tárepten tayarlanadi. Onıń psixikasi bilim alıwǵa jeterli dárejede rawajlanadı. Usı jastaǵı bala qabıl etiwiniń ótkirligi, anıqlıǵı, óziniń qızıǵıwshańlıǵı, qızıǵıwshańlıǵı, este saqlawınıń kúshliligi, oylawının anıqlıǵı menen ontogenezdegi basqa jastaǵı balalardan ajıralıp turadi. Bul jastaǵı balalardıń diqqatı uzaq múddetli hám shártli turaqlı boladı. Bala dıqqatınıń ózgeshelikleri rolli hám syujetli oyinlarda, suwret salıw hám qurıw-jasaw shınıǵıwlarında, ılay hámde plastilinnen oyınshıqlar jasawda, basqalar sózin qabıl etiw hám túsiniwinde, matematikalıq ámellerdi sheshiwde, gúrriń tıńlaw hám dúziwde anıq payda baladı.

Usı dáwirge shekem bala tikkeley úlkenler basshılıǵında ol yaki bul xabarlardı ózlestirip kelgen bolsa, endi ol óziniń qálewi menen zárur maǵlıwmatlar toplawǵa, óziniń aldın anıq maqset hám wazıypa qoyıwǵa háreket etedi. Onıń sózi mektep tálimine tayarlaw basqıshında úlkenler menen qarım-qatnasqa kirisiw, insanlardıń pikirin oqıp alıw hám durıs qabıl etiw dárejesinde, sóylewdiń dúzilisi bolsa grammatikalıq qaǵıydalarǵa sáykes, logikalıq izbe-iz, mánili, muǵdar hám kólemi tárepinen pikir almasıwǵa jeterli baladı.

Balanıń psixikalıq tayarlıǵı haqkında pikr júrgizgende kóbinese belgili reje tiykarında, tártipli, kóp tárepleme maqsetlerge baǵdarlanǵan, óz-ara logikalıq baylanısqan, izbe-iz baslawısh tálimge negiz wazıypasın ótewshi psixikalıq ósiw dárejesi názerde tutıladı. Sonday-aq, tálim ushın psixikalıq ósiw dárejesinen tısqarı, bala turmısı hám iskerliginiń ayırmashılıqları, sharayatları, ózine sáykesligi, onıń salamatlıǵı, metodikalıq tárepten tayarlıǵı, ápiwayı kónlikpelerdi ózlestiriwi sıyaqlı faktorlardı itibarǵa alıw maqsetke muwapıq. Joqarıda aytıp ótilgen ózgeshelikler balanıń mektep tálimine psixologiyalıq tayarlıǵınıń ***ob`ektiv táreplerin*** táriypleydi. Bala mektep tálimine psixologiyalıq tayarlıgınıń ***sub`ektiv tárepi motivatsiyası*** hám zárur áhmiyetke iye. Onıń mektepte oqıwǵa bolǵan tilegi, umtılıwı, úlken jastaǵ insanlar menen qarım-qatnasqa kirisiw tilegi usı tayarlıq penen tıǵız baylanıslı. Balada usı dáwirge kelip oqıw, bilim alıw haqındaǵı durıs túsinik qáliplesedi. Ol mektep jámááti aǵzalarınıń juwapkershilikli wazıypaların ańlaydı hám olarǵa ámel etiwge, olardıń kórsetkishlerin orınlawǵa uqıplılıq tuwıladı. Usı tárizde bala jámiyetlik turmıstı ózlestirip baradı.

***Jámiyetlik rawajlanıw*** – bul balanıń ózi jasap turǵan jámiyettiń úrp-ádetleri, mádeniy baylıǵın iyelew protsessi. Oyın hám shınıǵıwlar arqalı, úlkenler hám teńlesleri menen birge islew protsessinde jasawın, olardıń qızıǵıwı, jámiyettegi qaǵıyda hám normalardı esapqa alıwdı ózlestiredi. Átiraptaǵılar menen qarım-qatnasta bolıp, balalar, áste-aqırın olardıń óz pikirleri, sezimleri haqında túsiniklerge iye bolıp baradı. Balanıń mekteptegi tálimge motivatsiyalıq-psixologiyalıq tayarlıǵı korinisinde – balanıń úlkenlerge, óz tenlesleri hám óz-ózine bolǵan qarım-qatnasıǵınıń durıs qáliplesiwi onıń jańa sotsiallıq-sharayatqa maslasıwı ushın bekkem tiykar esaplanadı. Sebebi, bul ózgeshelikler keleshekte balanıń mektep táliminiń real protsessleri menen, sonday-aq balalarda oqıw iskerligin qáliplestiriwge qaratılǵan. Qarım-qatnastıń rawajlanıwı, teńlesleri menen doslıq múnásiybetiniń qáliplesiwi - bala jámiyetlik rawajlanıwınıń zárur faktorlarınan. Balanıń tuwılǵannan mektepke shekemgi dáwirinde balada teńleslri menen óz-ara qarım-qatnaslar kólemi: bir – birinen forması, mazmunı, ulıwma turmıs iskerligi protsessindegi ornı, sonday-aq balanıń psixikalıq rawajlanıw mazmunı menen ajıralıp turıwshı bir neshe dáwirden ibarat. Bala 4 jaslardan baslap óz teńlesleri menen qarım-qatnasqa kirisiwji abzal kóredi. Bul jastaǵı balalardıń jetekshi iskerligi – syujetli – rolli oyin. Syujetli-rolli oyınlar balalardıń úlkenler menen ıqtıyarlı, erkin qarım-qatnastı qáliplestiriwge nátiyjeli tásir kórsetedi. Bunday oyınlar protsessinde balalardıń óz qálewine kóre rollerdi tańlawı, bir-biri menen óz-ara kelisiwi, is-háreketleriniń teńligi, erkin syujetti tańlawǵa imkaniyat beriw, olarda qarım-qatnastıń hár túrligi, ıqtıyarlı hám erkin qarım-qatnastı támiynleydi.

A.N.Leont`ev bolsa: „Qaǵıydalardı ózlestiriw – bul óz minez-qulqın iyelew, onı basqara alıw, onı belgili bir wazıypa boysındırıwǵa úyreniw demek. Mektepke oqıwǵa barǵanda bul qábilet bala iskerligin oqıw wazıypasına, oqıw maqsetlerine boysınıw imkaniyatların jaratadı. Sonıń ushın mektepke shekemgi jasta qaǵıydalı oyınlardıń rawajlanıwı oqıw iskerligi tiykarın qáliplestiriw ushın sheshiwshi áhmiyetke iye. Qaǵıydaoı oyın tábiiy hám nızamlı tárizde balanıń ol yaki bul oyındı úyreniw, onıń printsipleri hám qaǵıydaların ózlestiriw, onıń usılların iyelewden ibarat bolǵan iskerlikke jetekleydi. Bolajak oyın túrine tayarlanıwdan ibarat bolǵan motivatsiya túri mektepke shekemgi jastaǵı balalarda oqıw iskerlikleri túrlerine júda

uqsas boladı. Yaǵnıy oyın qaǵıydaların ózlestirip alıwǵa qaratılǵan iskerlik óz mazmunına kóre tolıq oqıw iskerligine jaqın boladı. Bunday motivatsiya oqıw iskerligi balalar tárepinen májburiy iskerlik tárizinde emes, al olardı qızıqlı hám mútájliklerine juwap beretuǵın iskerlik spatında qabıl etiledi “.

L.S.Vigotskiydiń pikirinshe, tálim-tárbiya protsessi psixikalıq rawajlanıw protseslerine tuwrı kelmeydi. Bala jámiyetlik tájiriybeni tálim-tárbiya protsessinde ózlestirip, rawajlanadı. Demek, tálim-tárbiya protsessi hár dayım psixikalıq rawajlanıwdan bir qádem aldında baradı. Tálim-tárbiya protsessi balanıń psixikalıq rawajlanıwı ushın sharayat jaratıp, negiz tayarlaydı, yaǵnıy sotsial tálim-tárbiya protsessi psixikalıq rawajlanıwın óz izinen jeteklp baradı. L.V.Vigotskiy tálim-tárbiyanıń aktiv tásiri menen júzege keletuǵın psixikalıq rawajlanıwdın eki zonasın belgilep beredi. Bul zonalardan birinshisi: psixikalıq rawajlanıwdıń „***jaqın zonası***“ bolsa, ekinshisi – psixikalıq rawajlanıwdın „***real zonası***“. Onıń táriypleniwine kóre, psixikalıq rawajlanıwdıń „jaqın zonası“nda balanıń psixikalıq rawajlanıwı úlken adamlardıń (ata-analar, tárbiyashılar, oqıtıwshılar hám basqalar) tikkeley tásirinde, basshılıǵında ámelge asırıladı.

Bala hám úlkenlerdiń óz-ara múnásiybetleri balalıq dáwirindegi psixikalıq rawajlanıwınıń zárru deregi dep táriyplenedi. Bala búgin úlkenler járdeminde orınlap atırǵan jumıslardı erteń erkin orınlay aladı. Ol óziniń jumıslarında „bala-bala“ hám „bala – úlkenler“ qarım-qatnasınıń balalar ruwhıy rawajlanıwındaǵı óz-ara baylanısı hám óz-ara múnásiybetlerin belgilep beredi. Balanıń gódeklik, mektepke shekemgi hám kishi mektep jasındaǵı dáwirleri psixikalıq rawajlanıwınıń „jaqın zona“sına durıs keledi. Psixikalıq rawajlanıwdıń „real zona“sı – bul, belgili dáwirde balanıń úlken jastaǵı insanlardıń járdemisiz erkin háreket ete alıwı menen sáwlelenedi. Psixikalıq rawajlanıwdıń „real zona“sı – ózlestirilgen bilimler, kónlikpeler hám uqıplılıqlardan óz betinshe paydalanıw basqıshı. Psixikalıq rawajlanıwdıń „real zona“sına ontogenezdiń ósmirlik hám óspirimlik dáwirleri tuwrı keledi. Bul dáwirde balanıń tálim protsessine bolǵan múnásiybetleri túptenózgerip, olar túrli zatlarǵa qaraǵanda tańlap múnásiybette bala baslaydı. Ósmir balalarda qızıǵıwshılıq hám duńyaǵa kóz-qaras sıyaqlı jeke adamnıń quramalı sıpatları payda bolıwı sebepli túrli tarawlarǵa say bilimlerdi óz betinshe ózlestiriwge urınıw júzege keledi. Tálim- tárbiya psixikalıq

rawajlanıwdan bir qádem aldında barıp, psixikalıq rauajlanıwǵa negiz tayarlaydı eken, tuwrı jolǵa qoyılǵan tálim-tárbiya protsessi hámme waqıt oqıwshılardı erkin pikir júritiwge, tábiyat hámde jámiyettegi zat xám qublıslarga say nızamlılıqlardı ózlestiriwge járdem beredi.

Psixologlar A.A.Bodaleva, A.V.Zaporojets, M.I.Lisina, A.G.Rudskaya, Z.M.Bogoslovskaya, E.O.Smirnova hám basqalar „qarım-qatnas“ – insan múnásiybetleriniń zárur shárti ekenligi, onı ontogenezde bala psixikalıq rawajlanıwdıń zárur deregi hám tiykarǵı faktor sıpatında belgilengen. E.O.Smirnova balanı mektepke psixologiyalıq tayarlıǵınıń qáliplesiwinde onıń úlkenler menen bolǵan jeke qarım-qatnasınıń tásirin baqlap, tiyisli juwmaqlar shıǵaradı. Mazmunlı qarım-qatnas protsesinde bala úlken insanlar menen duńyadaǵı zat hám qublıslardıń kelip shıǵıwı, ornı hám áhmiyeti haqındaǵı maǵlıwmatlardı iyelep baradı. Bul qarım-qatnastıń tiykarǵı mazmunı, balanıń úlken adamlardan jańa maǵlıwmatlar alıwǵa, átiraptaǵı adamlardan túrli kórinislerdi dodalawǵa umtıladı. Jeke qarım-qatnas dawamında bala óziniń sezimlerin, ishki jaǵdayların kórsetedi, ózi haqqında kóbirek maǵlıwmat alıwǵa, maqtawlar esitiwge umtıladı. Bul qarım-qatnas túrinde balanıń óz-ara túsiniw hám keshirmelerge bolǵan mútájligi artıp baradı. Bala mekteptegi tayarlaw dáwirine kelip bir qansha erkin boladı, úlkenlerge, átiraptaǵılarǵa qaraǵanda múnásiybeti ózgeredi. Bul balanıń óziniń hám teńlesleriniń jetiskenlikleri hám kemshiliklerin bir qansha ańlap jetiwge imkaniyat beredi. Bul dáwirde óz-ózin bahalaw hám aktiv rawajlanadı. Balanıń óz-ózin bahalawı kóp tárepten baqsha hám mekteptegi tárbiyachılardıń bahalawları zárur rol oynaydı. Baqlawlardan belgili bolıwınsha, óz-ózin joqarı bahalaytuǵın balalar bir qıylı sharayatlarda ózlerin pás dárejede bahalaytuǵın balalarǵa qaraǵanda ózlerin balalar jámáátinde erkin hám isenim menen, óz aldılarına joqarı maqsetlerdi qoyıwları menen ajıralıp turıdı. G.G.Kravtsov hám E.E.Kravtsovalar mekteptegi tálimge psixologiyalıq tayar bolmaǵan balalar psixologiyasına tásir etiwshi qıyınshılıqlardıń ózine say ózgesheliklerin úyrenip, olardı úsh tiykarǵı toparǵa ajıratadı:

1. Balalardıń oqıtıwshı dárejesin, onıń wazıypa hám rolin tolıq anlap jetpewi aqıbetinde;

2. Balalarda jeterli dárejede qarım-qatnas kóleminiń rawajlanbaǵanlıǵı hámde átiraptaǵılar menen óz-ara birge islesiw qábiletiniń jetispewi aqıbetinde;

3. Mektepke shekemgi jastaǵı balalardıń óz-ozine qaraǵanda múnásiybetiniń durıs qáliplesiwi aqıbetinde óz imkaniyat hám qábiletlerine, iskerligi hám onıń nátiyjelerine durıs baha beriwi aqıbetind hám t.b.. İzertlewshilerdiń aytıwınsha, bul ush topardaǵı qıyınchılıqlar mektepke kompleks tayarlıgınıń úsh tiykarǵı tarawına, balanıń úlkenler menen múnásiybeti, óz teńlesleri hám óz-ózine múnásiybetleriniń qálipleskenliginiń ózine say táreplerin shólkemlestiredi. L.A.Venger, A.P.Venger, V.V.Xolmovskaya hám Ya.Ya.Kolominskiylar balanıń mektepke psixologiyalıq tayarlıgın úsh komponentke bóledi, bular:

***1. Jeke tayarlyaq.*** Bul komponent balada jańa sotsial jaǵdaydı, bir qatar huqıq hám juwapkershiliklerge iye bolǵan oqıwshılıq dárejesin qabıl etiwge tayarlıgın óz ishine aladı. Jeke tayarlıqtaǵı eń zárur tárepi bul – „bala ishki jaǵday“larınıń qálipleskenligi yaki „motivatsiyalıq tayyarlıq“, yaǵnıy mektepke barıw tilegi, onda úlkenler hám teńlesleri menen qarım-qatnasta bolıw, túrli tapsırmalardı orınlaw, teńleslerine kómeklesiw sıyaqlı mútájlikler menen baylanıslı sebeplerge kóre oyanıw. Mektep tálimine tayar bolǵan balalardı tiykarınna mekteptiń sırtqı kelbeti, kórinisleri emes, al jańa bilimlerdi iyelew hám sol bilimler arqalı túrli qızıǵıwshılıqlardıń qálipleskenligi menen hám belgilenedi. Mekteptegi tálimniń baslanıwına balada turaqlı emotsional jaǵdayı qáliplesken bolıwı kerek.

***2. Intellektual tayarlıq.*** Bul komponent balada belgili dárejede bilimlerdi hám duńyaǵa kóz-qaraslardıń qálipleskenligin óz ishine aladı. Bala rejeli tárizde qabıl etiwdi, oylawdıń kórgizbeli – obrazlı túrlerin, mazmunlı yad alıwlardı biliwi kerek.

***3. Sotsial-psixologiyalıq tayarlıq.*** Usı komponent basqa balalar hámde oqıtıwshı menen qarım-qatnasqa kirise alıw ushın zárur bolǵan sıpatlardıń qálipleskenligin óz ishine aladı. Bala oqıwshılar jámáátinde birgelikte iskerlikke kirisip, ol óz klasslasları menen qarım-qatnasqa erkin kirisip kete alıwına, birgelikte háreket etiwi, ózin qorǵaw uqıplılıqlarına iye bolıw kerek. Bul komponent balalarda basqalar menen múnásiybetke kirisiw tilegi, balalar toparınıń qızıǵıwshılıqları hám ádetlerine boysınıwǵa úyretedi. Bir waqıttıń ózinde mektep tálimine tayarlıq

túsinigine oqıw iskerliginiń zárur sharayatları hám tiykarlarınıń qálipleskenligi hám kiredi.

Balanıń mektepke tayarlıǵın kórsetiwshi zárur kriteriyalardan biri- bul balanıń úlkenler hámde óz teńlesleri menen bolatuǵın qarım-qatnasındaǵı ıqtıyarlıq, erkinliktiń qáliplesiwi. Bulardıń barlıǵı balanıń keleshekte oqıw máselelerin tuwrı qabıl etiw ushın zárur komponent. Bul birinshiden, balanıń teńlesleri menen múnásiybetleriniń rawajlanǵanlıǵı balaǵa ulıwma oqıw iskerligi háreket etiwine tuwri keliwi, ekinshiden oqıw háreketleriniń rawajlanıwları menen tıǵız baylanıslı.

Balanıń mektepke psixologiyalıq tayarlıǵın támiyinlewde onıń aqılıy, jeke hám sotsial psixologiyalıq tayarlıǵınan tısqarı onıń erklilik tayarlıǵı hám zárur áhmiyetke iye. Sebebi bul sıpatlarsız bala óz minez-qulqın, is-háreketlerin sanalı ráwishte basqara almaydi, sabaq hám túrli shınıǵıwlarda ózin  tuta almaydi. 6 jaslı balada erkli is-háreketlerdiń tiykarǵı elementleri: anıq maqset qoya alıw, qarar qabıl etiw, is-háreketler rejesin belgilew, óz iskerligi nátiyjelerin durıs  bahalaw hám usı sıyaqlı sıpatlar qáliplesedi. Biraq bul jasta bala erkin rawajlandırıw tárbiyashı hám pedagoglardan joqarı sheberlikti  talap etedi.

## Bap boyınsha juwmaqlar

Insan – biosotsial tiri organizm sıpatında, onıń psixikalıq rawajlanıwı hám tolıq qáliplesiwi quramalı izertlew protsessi. Sebebi, onıń ózine tiyisli ózgeshelikleri hám nızamlılıqların tiykarlı, ilimiy biliw balaǵa nátiyjeli tásir kórsetiwdiń zárur shárti. Insannıń payda bolıwı hám onıń psixikalıq rawajlanıwına tásir etiwshi faktorlardıń mashqalasi óz mazmunı hám aktuallıǵı tárepinen ideyalıq mániske iye. Usı sebepli, usı másele óz sheshimin tabıw protsessinde bir-birine qarama-qarsı bolǵan túrli teoriyalar, aǵımlar hám baǵdarlardı júzege keltiriwge sebep bolǵan.

Usı bapta usı mashqalanıń tariyxıy, sotsial-filosofiyalıq tareplerin analiz etiwge, olardan tiyisli juwmaqlar jaratıw menen birge, insonnıń qanshelli jetik ekenligi, ásirese házirgi kúnde jámiyetimizde bolıp atırǵan demokratiyalıq ózgerisler negizinde onıń sotsial mazmunın jánede jetilistiriwge tásir etuwshi faktorlardıń mazmunın kórsetiwge urındıq.

Aytıp ótiw orınlı, shet el psixologları tárepinen bul tarawda alıp barılǵan ilimiy-izertlew isleri házirge deyin bay teoriyalıq hám ámeliy tájriybeler toplanǵanlıǵınıń dálili.

Mektepke shekemgi jastaǵı balalardıń mektepke psixologiyalıq, motivatsiyalıq, morfologiyalıq, intellektual ózgesheliklerin úyreniwge baǵıshlanǵan psixologiyalıq-pedagogikalıq hámde arnawlı ilimiy ádebiyatlar analizi tómendegi juwmaqlar shıǵarıwǵa tiykar boldı:

1. Balalardı mektepke ulıwma jetiklik hám aqılıy rawajlanǵanlıq dárejelerin úyreniw mashqalası uzaq tariyxqa iye;

2. Usı mashqalanıń ashıp beriliwi túrli alımlar tárepinen, óz dáwirlerinde ózine say tárizde analizlengen;

3. Jigirmanshı ásirdiń 50-60 jıllarınan baslap usı mashqala alımlar tárepinen ilimiy-teoriyalıq juwmaqlarǵa tiykarlangan anıq metodikalar járdeminde ámelge asırıla baslanǵan;

4. Usı mashqala dáslep uzaq hám jaqın shet el mámleketlerde teoriyalıq hám ámeliy tárepten kóbirek óz sheshimin tapqan hám turmısqa engizile baslaǵan;

5. Ótkerilgen izertlewlerden alınǵan maǵlıwmatlar hámde bar tájiriybeler jergilikli sharayatlarda keń sheńberde qollanılmaǵan.

# II BOB. BALALARDI MEKTEPKE TAYARLAWDA INNOVATSIYALIQ TEXNOLOGIYALARDAN PAYDALANIWDIŃ PEDAGOGIKALIQ SHARAYATLARI

## 2.1. Balalardı mektepke tayarlawda innovatsiyalıq texnologiyalardan paydalanıw imkaniyatları

Ózbekistan Respublikasında mektepke shekemgi bilimlendiriw haqqındaǵı Nızamǵa muwapıq bala mektepke shekemgi tálimdi úyde, ata-analardıń óz betinshe bilim beriwi arqalı yamasa hár dayım xızmet kórsetetuǵın mektepke shekemgi bilimlendiriw mákemelerinde, sonday-aq mektepke shekemgi bilimlendiriw mákemelerine qamtılmaǵan balalar ushın mektepke shekemgi bilimlendiriw mákemelerinde, mekteplerde, mahallelerde shólkemlestirilgen arnawlı toparlar yamasa oraylarda aladı. Bul jerde olar háptesine 2-3 márte shuǵıllanadı. Ata-analarǵa mektepke shekemgi tálim formasın tańlaw huqıqı beriledi.

6-7 jaslı balanıń mektep tálimine tayarlıgın anıqlawda mektepke shekemgi jastaǵı balalar tálim-tárbiyası menen shuǵıllanıwshılardıń tiykarǵı shárti – balanıń mektepke tayarlıǵın mektepke shekemgi hám mektep dáwirindegi turmıs tárzi hámde iskerligi ushın kópir wazıypasın atqarıwı, shańarak yamasa mektepke shekemgi bilimlendiriw mákemesindegi tálim-tárbiya sharayatlarında mektep tálimine azarsız ótkeriwdi támiyinlew zarurligin esapqa alıwları lazım.

Mektepke shekemgi jastaǵı balanıń mektep tálimine ótiwi hár dayım onıń turmısı, ádep-ikramı, qızıǵıwshılıǵı hám qarım-qatnaslarında ózgerislerdi júzege shıǵaradı. Sonıń ushın balanı úyde mektep tálimine tayarlaw, onı onsha qıyın bolmaǵan bilim, túsinik, kónlikpe hám uqıplılıqlar menen tanıstırıw kerek boladı.

Jetekshi qánigelerdiń pikrine kóre «Mektepke tayarlıq» túsinigi balanı mektepke tayarlawdıń tómendegi baǵdarların óz ishine aladı:

- Fizikalıq,
- Jeke (ruwhıy),
- Aqılıy,
- arnawlı tayarlıq.

Fizikalıq tayarlıǵı balanıń salamat, háreket kónlikpeleri hám sıpatı, qol musqulları hám qurıw-motor muwapıqlıǵınıń rawajlanǵanlıǵı menen táriyplenedi.

Jeke tayarlıǵı, dógerek-átirapqa, úlkenlerge, teńleslerine, ósimlikler duńyasına, tábiiy qublıslarǵa jeke mádeniyatı qálipleskenligin názerde tutadı.

Aqılıy tayarlıq bala obrazlı hám logikalıq pikirlewi, bilimge qızıǵıwdıń, óz betinsheliginiń, ózin-ózi qadaǵalawǵa, hámde oqıw iskerligin baqlaw, esitiw, eslep qalıw, salıstırıw sıyaqlı tiykarǵı túrlerin biliwdi óz ishine aladı.

Balanıń mektepte bilim alıwı nátiyjesi onıń ana tilin biliwine hám sóylewdiń qanshelli rawajlanǵanlıǵına kóbirek baylanıslı boladı. Sebebi, pútin oqıw iskerligi sóylewdiń logikalıq rawajlanıwı, balanıń úlkenlerdiń járdemisiz óz betinshe pikirlewi, til rawajlanǵanlıǵı jetiskenliklerinde erkin paydalana alıwı, gúrrińlesiw, pikir júritiw, óz pikirlerin táriypley alıwı, túsinikli etip bayan etiw sıyaqlı faktorlar tiykarına kurıladı. Sonday-aq, balanıń mektepte bilim alıwı ushın ámeliy intellekt rawajlanıwı yaǵnıy, onıń úlgini sızıw, aytıp turılǵan tapsırmanı orınlawı hám zárur esaplanadı.

Arnawlı tayarlıq balanı sawatlılıqqa úyretiw hám onıń mekteptiń 1 klass oqıw baǵdarlaması materialın jeterli dárejede iyelew haqqındaǵı túsinigin qáliplestiriwdi názerde tutadı.

Balalardı mektepte oqıtıwdıń nátiyjeliligin kóp tárepten olardıń tayarlıq dárejelerine baylanıslı boladı. Mektepte oqıwǵa tayarlıq – mektepke shekemgi bilimlendiriw mákemesi hám shańaraqta mektepke shekemgi tárbiya jasındaǵı balaga qoyılatuǵın talaplar arqalı anıqlanadı.

Mektepke kiriw bala ómirindegi ádettegidey turmıs tárzi, átiraptaǵılar menen qarım-qatnas sistemasınıń ózgeriwine baylanıslı zárur dáwir. Bala ómirinde birinshi ret oraylıq orındı jámiyetlik áhmiyetke iye bolǵan oqıw iskerligi iyeleydi. Oǵan ádettegidey bolǵan erkin oyın iskerliginen parıqlı, endi bilim májburiy boladı hám birinshi klass oqıwshısınan 4 múnásyibet talap qılınadı bilim iskerliginiń jetekshi túri sıpatında balanıń kúndelik turmıs protsesin qayta quradı: kún tártibi ózgeredi, erkin oyınlar waqtı qıskaradı. Balanıń óz betinsheligi hám shólkemleskenligi, onıń tártiplilikke talapları artadı. Mektepke shekemgi jastaǵı balalıqqa qaraǵanda

oqıwshınıń óz háreketi, wazıypaların orınlawǵa jeke juwapkershiligi bir qansha artadı.

Balalardı mektepke tayarlaw, birinshiden balalar baqshasında tárbiyalıq isti mektepke shekemgi tárbiya jasındaǵı balalardı ulıwma, hár tárepleme rawajlandırıwdıń joqarı dárejesin támiyinleytuǵın, ekinshiden balalardı mekteptiń baslawısh klasslarında ózlestiriwleri lazım bolǵan oqıw pánlerin iyelewge arnawlı tayarlawdı támiyinleytuǵın etip shólkemlestiriwdi názerde tutadı. Soǵan kóre zamanagóy psixologiyalıq-pedagogikalıq ádebiyatta (A.V.Zaparojets, A.A.Venger, G.M.Lyamina, G.G.Petrogenko, J.V.Taruntaeva hám baskalar) tayarlıq túsinigi balanı rawajlandırıw sıpatında anıqlanadı hám eki óz-ara baylanısqan táreplerde: «Mektepke oqıwǵa ulıwma psixologiyalıq tayarlıǵı» hám «Arnawlı tayarlıq» tárizinde kórip shıǵıladı.

Mektepke ulıwma tayarlıq mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkeminiń mektepke shekemgi tárbiya jasındaǵı balalardı hár tárepleme tárbiyalawga say dawamlı, maqsetke muwapıq tálim-tárbiyalıq istiń zárur juwmaǵı sıpatında payda boladı.

Mektepke ulıwma tayarlıq balanıń mektepke barıw waqtına kelip aqılıy, ruwhıy, estetikalıq hám fizikalıq rawajlanıwda erisken sonday dárejesi, ol balanıń mektep táliminiń jańa sharayatlarına hám oqıw materialın sanalı iyelewge belsene kirip barıwları ushın zárur tiykardı jaratadı.

Ulıwma tayarlıq bala mektep tálimine ótiw dáwirine kelip erisken psixikalıq rawajlanıwdıń belgili dárejesi menen táriyplenedi.

Psixologiyalıq tayarlıq túsinigi mektep tálimi kóz-qarasınan 1 klasska baratuǵın bala psixikalıq rawajlanıwındaǵı zárur sıpat kórsetkishlerin jetiskenlikli jámleydi.

Mektep tálimine psixologiyalıq tayarlıq balanıń oqıwǵa umtılıwı oqıwshı bolıw tileginde biliw iskerligi hám oylaw operatsiyalarınıń joqarı dárejesi balanıń oqıw iskerligi elementlarin iyelewi erk hám jámiyetlik rawajlanıwdıń belgili dárejesinde payda bolıwında tiykarlangan tayarlıqtı óz ishine aladı. Balanı mektepke psixologiyalıq tayarlıǵınıń barlıq komponentleri balanı klass jámáátine alıp kiriw

mektepte oqıw materialın sanalı aktiv iyelew keń sheńberindegi mektepke say wazıypalardı orınlawdı kamtip aladı.

Balanı mektepke arnawlı tayarlıǵı mektepte oqıwǵa ulıwma psixologiyalıq tayarlıǵına qosımsha ol balada matematika hám ana tili oqıw pánlerin úyreniw ushın zárur bolǵan arnawlı bilim, kónlikpe hám uqıplılıqlardıń bar bolıwına kóre anıqlanadı. Mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemlerinde balalarda eń ápiwayı matematikalıq túsiniklerdi payda etiw, sóylewdi rawajlandırıw hámde sawattı iyelewge tayarlanıw boyınsha ótkeriletuǵın jumıs balalardı mektepte oqıwǵa arnawlı tayarlawdıń zárur dárejesin támiyinleydi.

Mektepke baratuǵın bala jańa turmıs tárzine insanlar menen óz-ara múnásiybetiniń jańa sistemasına, aktiv aqılıy iskerlikke tayarlanǵan bolıwı dárkar. Ol jańa wazıypalardı orınlaw ushın fizikalıq rawajlanıwında belgili dárejede erisilgen bolıwı kerek.

Mektepte oqıwǵa ádep-ikramlılıq –erklilik tayarlıǵı balanıń mektepke shekemgi balalıq aqırına kelip ádep-ikramlılıq is-háreket, erk, ádep-ikramlılıq sezimler hám sananıń rawajlanıwında oǵan jańa jamiyetlik kóz-qaraslardı aktiv iyelewine hámde óziniń oqıtıwshı hám klasslasları menen óz ara qarım-qatnasıqlardı ádep-ikramlılıq tiykarda qurıwǵa imkaniyat beretuǵın dárejede erisiwinde táriyplenedi.

Ádep-ikramlılıq erklilik tayarlıq úlken mektepke shekemgi tárbiya jasındaǵı balanıń jeke minez-qulqı rawajlanıwınıń belgili dárejesinde payda boladı. Bul qarım-qatnasta balanıń mektepke shekemgi tárbiya jasında rawajlanatuǵın óz minez-qulqın basqarıw kábileti: qaǵıydanı yamasa tárbiyashı talapların sanalı orınlaw, qoyılǵan maqsetke erisiwde qattılıqtı kórsetiw, kerakli isti ózine tartatuǵın hám usı sıyaqlılar itibarga ılayıq.

Mektepke ádep-ikramlılıq – erklilik tayarlıqtıń hárip tabıwında, sonday-aq úlken mektepke shekemgi tárbiya jasındaǵı bala jeke minez-qulqındagı óz betinshelik hám tártiplilik sıyaqlı ózgeshelikler áhmiyetli.

Óz betinshelik penen tıǵız baylanısqan minez-qulıq qaǵıydaların orınlaw, jańa sharayatlarda hárekettiń tuwrı ádettegidey usıllarınan paydalanıw, járdem beriwge tayarlıq qábileti. Óz betinshelik hám minez-qulıqtaǵı tártiplilik penen minez-qulıqtaǵı maqsetke baǵdarlanǵanlıqta, óz iskerligin mektepke shekemgi bilimlendiriw

shólkemlerinde qabıl etilgen qaǵıydalarǵa muwapıq sanalı shólkemlestire biliwde, iskerlik nátiyjesine erise biliw hám onı qadaǵalaw, óz minez-qulqın basqa balalar menen muwapıqlastırıw, óz is-háreketleri ushın jeke juwapkershilikti seziwde óz sáwlesin tabadı.

Mektepke ádep-ikramlılıq – erklilik tayarlıqtıń basqa zárur quramlı bólimi balanıń úlken jastaǵılar hám teńlesleri menen óz ara qarım-qatnasların qaǵıydalarǵa muwapıq shólkemlestire biliw. Tájriybeniń kórsetiwinshe mekteptegi oqıw sharayatlarına maslasıw aldıngı jıllarda balalarda «jámáátshilik» sıpatları: doslarǵa qayırqomlıq, húrmet penen múnásiybette bolıw, shólkemlestiriwshilik kónlikpeleri, ǵamxorlıq bildiriw, óz-ara járdemge qanshelli jetiskenlikli qálipleskenligine baylanısın kórsetedi. Bala minez-qulqında jámáátshilik sezimlerinde bunday jıyındınıń bar bolıwı onı mektepke ádep-ikramlılıq tayarlıgınıń kórsetkishi bola aladı hám jańa jámáátte teńlesleri menen qarım-qatnasta kóterinki unamlı ruwhtı júzege keltiredi.

Mektepke ádep-ikramlılıq –erklilik tayarlıq, sonday-aq, ádep-ikramlılıq sezimler hám bala sanasınıń rawajlanıwınıń belgili dárejesi menen hám sáwlelenedi. Bu orında eń úlgilisi balalardıń ádep-ikramlılıq minez-qulıqtıń jámiyetlik áhmiyetin túsinikli olarda óz is háreketlerin óz betinshe bahalaw qábiletin rawajlandırıw, juwapkershilik, insaniylıq hám puqaralıq sezimleri elementlerin qáliplestiriw. Ádep-ikramlılıq – erklilik tayarlıq quramına mektepke shekemgi tárbiya jasındaǵı balanıń miynetke múnásiybetin táriyplewshi sıpatlar jıyındısı hám kiredi. Bul miynet etiw tilegin, átiraptaǵılar miynetine húrmet, zárur miynet uqıplılıqların iyeleydi.

*Mektepke aqılıy tayarlıqtıń* zárur quramlı bólimi mektepke oqıwǵa kirip atırǵan balada dógerek-átirap, dúńya haqqında jetkilikli keń biliw baylıgınıń bar bolıwı. Bilimleardiń bul fondı oqıtıwshı óz isin shólkemlestiriwde tayanatugın zárur tiykar esaplanadı.

Balanı mektepke aqılıy tayarlıgında balalar iyelegen bilimlerdiń sıpatı áhmiyetli bolıp tabıladı. Bilimler sıpatınıń kórsetkishi birinshi gezekte olardı balalar tárepinen sanalı iyelegenligi; sáwlelerdiń anıq hám qatlamlarga bóliniwi; ápiwayı túsinikler mazmunı hám kóleminiń tolıqlıǵı; ózlerine túsinikli oqıw hám ámeliy wazıypalardı sheshiwde bilimlerdi óz betinshe qollana alıw qábiletleri; turaqlılıq, yaǵnıy mektepke

shekemgi tárbiya jasındaǵılardıń zat hám qublıslar ortasındaǵı túsinikli, zárur baylanıs hámde múnásiybetlerdi sáwlelendire biliw qábileti bolıp tabıladı.

Balanıń mektepke aqılıy tayarlıǵınıń quramlı bólimi balanıń biliw iskerliginiń belgili dárejede rawajlanǵan bolıwı esaplanadı. Bul orında

*Birinshiden* biliw protsesiniń ósip barıwshı ıqtıyarlıǵı, materialdı mánisi boyınsha ıqtıyarlı eslep qalıw hám tákirarlap bildiriwi, zat hám qublıslardı rejeli qabıl etiw, qoyılǵan biliw hám ámeliy máselelerdi maqsetke muwapıq sheshiw qábileti hám t.b.;

*Ekinshiden* biliw protsesleri sıpatın asırıw: sezgilerdiń anıqlıǵı, qabıl etiwdiń tolıqlıǵı hám qatlamǵa bóliniwi, eslep qalıw hám tákirarlap aytıwdıń tezligi hám anıqlıǵı;

*Úshinshiden* balada dógerek-átiraptaǵı dúńyaǵa biliw múnásiybetleri, bilimlerdi iyelew hám mektepte oqıwga umtılıwdıń bar bolıwı zárur áhmiyetke iye.

Mektepke aqılıy tayarlıqtıń qáliplesiwinde bolajaq oqıwshını oylaw iskerliginiń ulıwma dárejesi zárur áhmiyetke iye. Mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkeminde balalardı aqılıy tárbiyalawǵa say alıp barılıp atırǵan turaqlı, maqsetke muwapıq is sharayatlarında balalarda oylaw iskerliginde zatlardı kóp tárepleme analiz etiw qábileti, jámiyetlik payda bolǵan sensor etalonlarınan pán hámde qublıslar ózgeshelikleri hám sıpatların izertlewde paydalana biliw zat hám qublıslardaǵı tyikarǵı baylanıs, belgilerdi anıqlaw tiykarında ápiwayı ulıwmalastırıw qábileti, uqsaslıq hám parıqlanıwshı belgilerdi izbe-iz ajratıw tiykarında zatlardı salıstırıwdı ámelge asırıw kónlikpesi payda boladı. Bolajaq oqıwshılarda aqılıy iskerliktiń elementar óz betinsheligi: óz ámeliy iskerligin óz betinshe rejelestiriw hám onı reje tiykarında ámelge asırıw kónlikpesi, ápiwayı biliw wazıypasın qoyıw hám onı sheshiw kónlikpesi hám usı sıyaqlılar rawajlandırıladı.

Mektepke aqılıy tayarlıq, sonday-aq balalar tárepinen oqıw iskerligi elementlerin iyelep alınıwın hám óz ishine aladı.

Balalar turaqlı túrde tálim sharayatlarında mektepke shekemgi balalıq aqırına kelip, oqıw iskerliginiń tiykarǵı quramlı bólimlerin: túsinikli oqıw wazıypasın qabıl etiw, tárbiyashınıń kórsetpelerin túsiniw hám anıq orınlawdı isti úlkenler tárepinen kórsetilgen usıllarınan paydalanıp orınlap bir nátiyjege erisiw, óz iskerligi, minez-

qulqı, tapsırmalardı orınlaw sıpatı ústinen qadaǵalap barıw kónlikpesin, óziniń hám basqa balalardıń jumıslarına kritikalıq baha beriw qábiletin, iyelep alıwları kerek.

Sózdiń qanshelli joqarı dárejede rawajlanǵan bolıwı balanı mektepke aqılıy tayarlıgınıń zárur quramlı bólimi esaplanadı. Sesti anıq aytıw, sózliktiń baylıǵı, óz pikirin logikalıq grammatikalıq tuwrı bayan ete biliw, mádeniy sóylewi – bulardıń barlıǵı mektepte jetiskenlikli oqıwınıń zárur shárti esaplanadı.

Aqılıy tayarlıq quramına sonday-aq, sawattıń baslawısh tiykarları ápiwayı matematikalıq túsiniklerdi, ana tili jeterli keń bilim, kónlikpe hám uqıplılıqlar sheńberi hám kiredi.

Solay etip, mekteptegi oqıwǵa aqılıy tayarlıq balalardı aqılın hám sóylewin rawajlandırıwdıń óz-ara baylanısqan quramlı bólimlerden payda boladı. Biliw iskerligi, biliw qızıǵıwshılıǵı, bala oylawı usılları, dógerek-átiraptaǵı duńya haqqındaǵı ańlanǵan sistemalastırılǵan hámde elementlar túsinikler, sóz hám elementar oqıw iskerligi ulıwma dárejesiniń birligi balalarda mekteptegi oqıw materialın iyelewge aqılıy tayarlıqtı payda etedi.

*Balanıń mektepte oqıwǵa fizikalıq tayarlıǵı* oqıwnıń jetiskenlikli bolıwına úlken áhmiyetke iye. Mektepke barıw menen bala turmıs tárziniń qayta qurılıwı, kún tártibiniń ózgeriwi, oqıw miyneti, sabaqlardıń dawamlıǵı onnan sezilerli fizikalıq zor beriwdi talap etedi. Mektepke fizikalıq tayarlıq kóplegen quramlı bólimlerden ibarat boladı. Bul birinshi náwbette bala salamatlıǵınıń jaqsı bolıwı, organizminiń shınıqqanlıǵı, belgili dárejede shıdamlıǵı hám jumıs qábiletiniń, keselliklerge qarsılıq kórsete alıwı bolıp tabıladı. Balalardı mektepke tayarlawda barmaq mayda musqullarınıń rawajlanıwı ayrıqsha orın iyeleydi, bul jazıwdı jetiskenlikli iyelewdiń zárurli shárti.

Mektepke fizikalıq tayarlıq sonday-aq bala tárepinen mádeniy gigienalıq uqıplılıqlardı iyelewdi, olarda jeke gigiena qaǵıydalarına ámel etiw ádetin tárbiyalawdı názerde tutadı.

Fizikalıq tayarlıq bala mektepke jetiliskenligin qáliplestiriwdiń zárur quramlı bólimi esaplanadı.

Mektepke jetiskenlikti anıqlawda bala salamatlıǵınıń jaǵdayı hám organizminiń biologiyalıq jetiskenligin bahalaw (antropometriyalıq kórsetkishler súyek, muskul,

dem alıw hám júrek – tamır sistemasınıń) rawajlanǵanlıǵın názerde tutıwshı kóp faktorlı analizden, mektepke funktsional tayarlıqtı «Mektepke jetiskenlik»ti tiykarǵı kórsetkishi hám eń dáslep bir qatar fiziologiyalıq funktsiyalarınıń rawajlanıw dárejesin bahalawdan paydalanıladı. Bularga: partada uzaq múddet otırıw ushın zárur bolatuǵın tormozlanıw qábiletiniń rawajlanǵanlıǵı; háreketlerdi jaqsı baskarıw, jazıw hám suwret salıwǵa baylanıslı grafikalıq wazıypalardı orınlawda zárur bolatuǵın barmaqlardıń mayda háreketleri; unamlı hám tormozlanıwǵa say shártli baylanıslardı tez payda etiw hámde bekkemlew, sonday-aq ekinshi signal sistemanıń jeterli rawajlanǵanlıǵı tiyisli.

Balanıń mektepte bilim alıuǵa tayarlıǵın diagnostikalaw bul tekseriw júdá zárur. Ol shańaraq ushın balanıń kaysı táreplerine dúzetiw kiritiwde, altı jastaǵılardıń jetiskenlikleri hám kemshiliklerine kanday jantasıwda, usı maksette ol tárbiyashılarǵa, kalaberse 1-klass oqıtıwshıları ushın hám kerek. Balanı oqıtıw ushın onı hár tárepleme biliw kerek.

Diagnostika ótkeriw, balanıń rawajlanǵanlıǵı hám mektepte bilim alıwǵa tayarlıǵı dárejesin anıqlaw maqsetinde túrli usıllardıń bir neshe variantları berilmekte. Biraq bul hár bir balaǵa diagnoz qoyıwda usı usıllardıń barlıǵın qollaw zárur, degeni emes.

Balanı diagnostika ótkeriwdi májburiylikke tiykarlamastan, isenimli sáwbet yamasa oyın tártibinde alıp barǵan maqul. Sebebi bala ózin tekserilip atırǵanın sezbew kerek. Balanı berilgen sorawlarǵa juwap berip atırǵanda asıqtırmaw, onıń qızıǵıwshılıǵın páseyttirmew ushın sáwbet hám usınıs etilip atırǵan oyınlardan 2-3 ótkergen máqul.

Bir márte tekseriw ótkeriw waqtı 20-25 minuttan aspawı lazım. Balanı mektepke tayarlıǵın anıqlaw hám bala rawajlanıwdaǵı ayrım táreplerdi tereńirek sheshiwlerine imkaniyat beriwshi kosımsha formalardı biliwdi támiyinlewshi tiykarǵı baǵdarlar.

I. Tiykarǵılarǵa tómendegiler kiredi:

*1. Salamatlıǵı hám fizikalıq rawajlanǵanlıǵın tekseriw.*

*2. Jeke – psixologiyalıq hám aqılıy rawajlanǵanlıǵın tekseriw.*

- tekseriwshi kirisiw sáwbeti;
- Kern-İrasek sisteması boyınsha tekseriw;

*3. Bilim alıw iskerliginiń kónlikpe hám dáslepki tiykardı anıqlawdı tekseriw*:

- balalardıń mektep haqqındağı túsiniklerin anıqlawshı sorawnama (motivatsiyalıq tayarlıq);

- balalardıń matematikalıq túsiniklerin anıqlawshı sorawnama;

- balalardıń awız-eki sawatlılığı hám sóylewdiń rawajlanǵanlıǵın anıqlawshı sorawnama.

*Tekseriwdiń qosımsha formaları*:

Qanday tekseriw kerek:

- kóriw yadı;
- esitiw yadı;
- mazmun yadı;
- túsinik hám dóretiwshilik pikirlewdiń rawajlanıwı;
- awız-eki – logikalıq pikirlewdiń rawajlanıwı;
- belgili jerde, aymaqta mólsher alıwdıń rawajlanǵanlıǵı;
- matematikalıq túsiniklerdiń rawajlanǵanlıǵı;
- suwretlew iskerligi boyınsha kónlikpeniń rawajlanıwı;
- ózi hám óziniń suwretlew iskerliginde múnásiybetin sáwlelendiriw.

Mektepke psixologiyaliq tayarliq balaniń sıpatlarin óz ishine aladı. Bul oǵan klassta óz ornın tabıwǵa hám ulıwma iskerlikke kirisiwine járdem beredi. Biliw kónlikpeleri hám mektepke unamlı múnásiybet - balanı mektepke tayarlawda shańaraq hám mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemi pedagogikalıq jámáátiniń áhmiyetli wazıypalarınan biri.

Mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemi tárbiyashısınıń jumisi - mektepke unamlı múnásiybet hám biliw kónlikpelerin qáliplestiriw boyinsha úsh tiykarǵı wazıypalardı sheshiwge baǵdarlanǵan:

1. Balalarda mektep haqqinda tuwrı túsiniklerdi qáliplestiriw
2. Kásiplik sezimlerdi qáliplestiriw
3. Oqıw iskerligi tájiriybelerin qáliplestiriw.

Bul wazıypalardı sheshiw ushın hár qıylı metod hám usıllar qollanıladı: mektepke ekskursiya, mektep haqqında sáwbet, mektep haqqında taqmaq hám

gúrrińlerdi oqıw, mektep turmısı suwretlengen suwretlerdi kóriw, mektep suwretin salıw hám oyın oynaw.

Mektepke tayarlıǵın qáliplestiriw boyınsha tárbiyashınıń shınıǵıwlardaǵı isi óz ishine tómendegilerdi aladı:

1) Balalarda sabaq haqqında túsiniklerdi qáliplestiriw

2) O`z betinshelik, juwapkershilik, háreketsheńlik, tırısqaqlıqtı rawajlandırıw

3) Balalarda óz teńleslerine unamlı múnásiybetti tárbiyalaw

4) Jámáát sharayatlarında oqıw iskerligi, minez-qulıqtaǵı tashkilotchilik kónikmalarini bolalarda shakllantirish.

Balani mektepke tayarlaw boyınsha mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemleriniń balalar menen islew formaları:

1. Syujetli-rolli oyinlar, máselen «Mektepke barıw»

2. Mektep teması boyınsha suwretlerdi kóriw

3. Taqmaqlardı yadlaw, mektep turmısı haqqında balalar kórkem ádebiyatın oqıw hám analiz etiw.

4. «Meniń mektebim», «Mektepke ekskursiyaǵa barǵannan keyingi tásirler»

5. U`lkenlerdiń óziniń oqıwı hám jaqsı kórgen oqıtıwshıları haqqında gúrrińleri

6. Mektep quralları hám olar haqqında jumbaqlardı kórip shıǵıw

7. Mektep teması boyınsha didaktikalıq interaktiv oyinlar.

Balalardı mektepke tayarlawda zamanagóy pedagogikalıq texnologiyalardı qollaw úlken áhmiyetke iye.

Shańaraq penen birgelikte balanı mektepke tayarlawdıń eki baǵdarı:

**Birinshi baǵdar:** arnawlı lektsiya, seminar, ata-analar múyeshi, jeke sáwbetler, máslahátler arqalı ata-analardıń pedagogikalıq kompetentligin asırıw.

**Ekinshi baǵdar** – is-ilajlardı shólkemlestiriw arqalı mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemi isine ata-analardı tartıw.

Ata-analar menen islesidiń dásturiy emes formaları:

-Birgelikte ótkeriletuǵın bayramlar

-Kórgizbelerde ata-analardıń qatnasıwı

-Ashıq esikler kúnin shólkemlestiriw

-gazeta shıǵarıw

-pedagogikalıq jurnallar

-ata-analardıń kásipler haqqindaǵı sáwbetleri.

- Ata-analar mektepke shekemgi jastaǵı balalardı mektepke tayarlaw máselesi qızıqtıradı. Bala miynetiniń oqıw turine tek ǵana shınıǵıwlar protsesinde emes, al qálegen miynet tapsırmaların orınalaw waqtında tayarlanadı. Mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkeminiń shańaraq penen islesiw sistemasında anıq maqset, mazmun bolıw kerek. Mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkeminiń ata-analar menen islesiwnen jámáát tárizinde hám jeke islesiw formaların sheberlik penen qosıp alıp barıw, keń xalıq arasında pedagogikalıq úgit-násitya jumısların shólkemlestiriw sebepli balalardı tárbiyalawda unamlı nátiyjelerge erisiw múmkin.

## 2.2.BALALARDI MEKTEP TÁLIMINE TAYARLAWDIŃ ZÁRUR KÓRSETKISHLERI

Balaniń mekteptegi tálim-tárbiya jumısların tabıslı ózlestiriwi kóp tárepten olardıń mektepke tayarliq dárejelerine baylanıslı. Bala dáslep mektepke anatomiyalıq-fiziologiyalıq tárepten, fizikalıq bárkámallıǵı menen jetik bolıwı bolıp tabıladı. 6 jasli balalardiń fizikalıq tárepten rawajlanıwları ózine tán tárzde keshedi. Bul jasta bala organizmi jedel pát penen rawajlanadı. Onıń salmaǵı ayina 150-200 grammga shekem artıp baradı, boyi 0,5 sm. ósiwi dawam etedi. 6 jasli balalardiń boyi, shama menen 110 - 111 sm., salmaǵı 20-21 kg. bolsa, 7 jaslarda balaniń boyı 120 -121 sm., salmaǵı bolsa shama menen 21-22 kg. ni bolıwı múmkin.

Biraq, balaniń tós qápesi suyekleri, tos bólegi, qol suyekleri, omırtqa tekshesinde ele shemirshek sıyaklı toqımalar ushraydı, bul bolsa onıń suyek sisteması jeterli dárejede rawajlanbaǵaninan derek beredi. Júrek muskulları tez o'sedi, qan tamırlarınıń kólemi keńeyedi, miydiń salmaǵı baslanǵısh klasslarda 1250-1400 grammdı quraydı. Mıy qabıǵınıń analitikalıq-sintetikalıq iskerligi rawajlanıwi asadi, qozǵalıw menen tormozlanıw ortasındaǵı munasábet ózgeredi, belgili bul baǵdarda qozǵalıw salıstırǵanda ústinlikke iye boladı. Sol sebepli, balaniń qáddi-qáwmetin tuwrı ósiwi, sharshawin aldın alıw, onıń oqıw hám dem alıw kúndelik qaǵıydalarına ámel etiwı maqsetke muwapıq bolıp tabıladı. Jazıw hám basqa shınıǵıwlardı hadden zıyat shiniǵiwlardi kóbeytiw qol - barmaq suyeklariniń nadurıs ósiwine alıp keledi. Baqsha dáwirinde mayda bulshıq etler (barmaq muskulları ) áste o'sedi, bul jastagi balalardiń anıq shınıǵıwlardı orınlawları qıyınshılıqlı keshedi.

6 jasli balalar hár qıylı fizikalıq shiniǵiwlardi tez hám shaqqan atqara aladılar. Olar shabıw, juwırıw, júziw sıyaqlı shiniǵiwlardi qıyınshılıqsız atqaradılar. Muzıka shiniǵiwlarida bul jastagi balalar hár qıylı ritmik hám plastik háreketlerdi anıq, tez, hám shaqqan atqara aladılar. Ùlkenler bul jastagi balalar menen jumıs alıp barıwlarında olardıń organizmleri ele ósiwde dawam etip atırǵanlıǵın názerde tutıwları kerek. Balaniń intellektual tárepten tayarlıǵı da za'ru'rli orın iyeleydi.

Kóbinese balaniń intellektual tayarligi delingende onıń belgili bir dúńyaǵa kózqarasları, átirap-álem, insanlar hám olardıń iskerligi haqqındaǵı bilimleri

túsiniledi. Usı bilimler mektep beretuǵın tálimge tiykar bolıwı múmkin, balaniń sóz baylıǵı, belgili is-háreketlerin atqara alıw qábileti balaniń mektepke intellektual tayarliǵiniń tiykarǵı kórsetkishi bola almaydı. Mektep bagdarlaması baladan salıstıra alıw, analiz eta alıw, ulıwmalastırıw, belgili bir juwmaqlar shıǵara alıw, sonıń menen birge jeterli dárejede rawajlanǵan biliw processlerin talap etedi. Mısalı, 6 -7 jasli bala tábiyat haqqında ayırım hádiyselerdi ǵana emes, bálki insan organizminiń tábiyat penen baylanıslılıǵın, olardıń óz-ara tásirin de túsiniwi hám ózlestiriwi múmkin. 6 -7 jasli balalardiń intellektual rawajlanǵanlıǵınıń nátiyjesi retinde, joqarı dárejede rawajlanǵan kórgezbeli-obrazli oylaw menen bala dōgerek átiraptaǵi predmetlerdiń tiykarǵı ōzgesheliklerini hám zatlar arasındaǵı sebep nizamlıqların biliw qábileti bolıp tabıladı. Soni atap ótiw kerek, kórgezbeli-háreketli hám kórgezbeli-obrazli oylaw tek 6 -7 jasli balalar emes, al kishi mektep jasindaǵi oqıwshılardıń intellektual rawajlaniwinda da tiykarǵı funktsiyanı atqaradı. Belgili bul baǵdarda balada belgili bir kónlikpelerdiń struktura tapqanlıǵı da júdá za’ru’rli bolıp tabıladı.

Balaniń ózin úlken bolǵanın sezim etiwi, ol endi baqsha balasi emes, al belgili bir minnetlemelerdi orınlawshı mektep oqıwshısı ekenligin ańǵarıwı, onıń saldamlı iskerlik menen shuǵıllanip atirǵanliǵi biliwi júdá za’ru’rli bolıp tabıladı. Balaniń mektepke barıwın qálemesligi da unamsız jaǵday esaplanadı. Mektepke jeke jáne social-psixologiyalıq tayarlıq balalarda óz teńlesleri, oqıtıwshı hám tárbiyashilar menen munasábetke kirise alıwı, olardı balalar jámáátine kirise alıwına, geybir jaǵdaylarda olarǵa jan basıw, ornı kelip olarǵa óz basımın ótkeriw, olar menen seriklikte iskerlik júrgize alıw ōzgesheliklerin qáliplestiriw za’ru’rli áhmiyetke iye boladı. 6 -7 jasli balalar oqıwındaǵı tiykarǵı qıyınshılıq, kóbinese bul jastaǵi balalar uzaq múddet dawamında sabaqta otırıwları qıyınshılıq boladı, nátiyjede olarda psixikalıq processlerdi bir jerǵe toplay alıwǵa unamsız tásir kórsetedi. Olarda sharshaw, itibarsızlıq, dıqqatlarınıń shalǵıwı sıyaqlı processlerdiń payda bolıwıǵa sebep boladı.

Balaliq dáwirde kórinetuǵın bolatuǵın animizm bolsa, olardıń „Men“ túsinigi óz ōzgesheligine kóre barlıq jansız predmetlerge de tán degen nadurıs túsinikleriniń bar ekenliginen dárek beredi. Atap ótiw kerek, bala janlı organizmniń tek biologiyalıq

tiri organizmlerge tiyisliligin jasi ōsip barıwı menen, bul ayrıqshalıq 11-12 jaslarga shekem dawam etip, ańlap jetedi.

Balalar oylawında kórinetuǵın bolatuǵın artifitsializm hádiysesi, balani qorshaplıq turǵan álemdagi zat hám predmetlerdiń barlıǵı óz mánisine kóre insan eriksiz jemisi bolıp tabıladı degen túsiniktiń kórinisi bolıp tabıladı. Sol sebepli, balalar bul jasta ámeldegi zatlardıń wazıypasına tıykarlanıp juwmaq shıǵarıwǵa háreket etedi.

Aytip ōtiw kerek, oqıw háreketleri balalardiń múmkinshilikleri hám háreketlerine tiykarlanǵan joqarı dárejeleri qadaǵalaw túrin úzliksiz kórinetuǵın bolıwın talap etedi. Balalarda itibar menen ámeliy shınıǵıwlardı orınlawları olardıń sociallıq motivleriniń ózine tán kórinisi bolıp tabıladı. Sebebi, úlgili hám itibarǵa ılayıq hár qanday miynettiń nátiyjesi balalarga ózgeler tárepinen beriletuǵın maqtaw hámde dálde bolǵan ishki umtılıwı bolıp tabıladı.

Bul jastagi balalardiń intellektuallıq kóz-qarastan za'ru'rli sıpat ózgerisi ondaǵı ishki intellektual háreket hám operatsiyalardıń ajralıp turıwı hám belgili bir tús alıw procesi bolıp tabıladı. Bunday ózgeshelikler balaniń tek ǵana biliw processi emes, al jeke wazıypalardı sheshiwinde de kórinetuǵın bola baslaydı. Usı mániste alıp qaraǵanda, balalarda dáslep biliw processi menen baylanıslı ishki, jeke sıpatlar anaǵurlım keyin bolsa emotsional-motivatsion process payda bolıwın baqlaw múmkin. Bunda balada belgilerden áste-aqırın obrazlarga ótiw processi baqlanadı. Obrazlar retinde hár qıylı obrazlardı qıyalında sáwlelendiriw, qurıw esaplansa, belgiler retinde bolsa hár qıylı belgiler sisteması olar menen opreatsiya hám háreketlerdi ámelge asırıw, matematikalıq, lingvistikalıq, logikalıq hám basqalar esaplanadı.

Mektepke shekemgi jastagi balalardiń bul tarawdaǵı za'ru'rli sıpatlarıdń biri, bul balalar turmısında dóretiwshilik procesiniń kórinetuǵın bolıwı bolıp tabıladı. Balalardagi dóretiwshilik qábiletler konstruktorlıq oyınları, texnikalıq hám kórkem dóretiwshilikte ayqın kózge ko'rine baslaydı. Bunday iskerlik processinde bala ózinde kórinetuǵın bolıp atırǵan qábilettiń dáslepki uqıpların kórsete baslaydı. Tárbiyashi hám pedagoglar, ata-ana hám úlkenler tárepinen usı waqıtta balaniń ol yamasa bul qábiletke bolǵan uqıbın waqıtında aniqlaw, onı tuwrı baǵdarlaw hám

úzliksiz shiniǵiwlar ōtkerip barıliwi júdá za'ru'rli áhmiyetke iye boladı. Balaniń biliw processinde sırtqı hám ishki háreketlerdiń sintez dáwiri baslanadı. Qabıl etiw dawamında bunday sintez pertseptiv háreketler jolı menende, bala dıqqatında bolsa - balaniń ishki hám sırtqı háreket rejelerin basqarıw hám baqlawda, yadında bolsa - materiallardı este saqlap qalıw hám amelge asırıwda, olardı ishki hám sırtqı ōzgesheliklerini konstruktsiya etiwinde kórinedi.

Bul ásirese, oylawda kórgezbeli-ámeliy, kórgezbeli-obrazli, sóz-logikalıq túrdegi ámeliy wazıypalardı orınlawda ayqın ko'rine baslaydı. Usılar tiykarında insannıń tolıq intellektual sıpatları qáliplesip baradı.

Mektepke shekemgi jas dáwirde qiyal, oylaw hám sóylew processleriniń ulıwmalasıp ketiwi baqlanadı. Balalar minez-qulqindaǵi bul sıyaqlı sintez obrazlarni sóylew járdeminde basqarıwda kórinedi. Atap ótiw kerek, mektepke shekemgi jastagi hám uliwma bilim beriw mektepleriniń endi ǵana birinshi klaslarda oqıp atirǵan balalardiń óz-ózine beretuǵın bahaları da hár túrlishe, hátte qarama-qarsı kóriniste kórinetuǵın bolıwın bakladıq. Balalar menen arnawlı tárzde ótkerilgen hár qıylı formadaǵı sáwbetlerimiz, talas -tartıslarimiz bunday juwmaq shıǵarıwımızǵa tiykar boldı. Mısalı, bizler, dáslep mektepke shekemgi jastagi balalarga „Bir balaniń bir sebet almanı kótere almay atirǵanliǵi " haqqındaǵı súwretti anıqlama beriwlerin soradiq, kópshilik balalar sebet salmaqli ekenligin sebep etip kórsetken bolsa, áyne sol súwretti kishi mektep jasindagi balalarǵa kórsetkeninizde, olar balaniń kúsh-quwatı jetpeytuǵunin aytip berdi.

Taǵı bir mısal, biz balalarǵa taǵı bir „Qız balaniń otırǵıshtan sekirip ōtip atırǵanda kútilmegende jiǵilip túskenligi" haqqındaǵı súwretti anıqlama berip beriwlerin soradiq. Bul jaǵdayda da, biz áyne sonday talqinlardi baqladıq. Mektepke shekemgi jastagi balalar bul súwretti otırǵıshtı júdá bálent ekenligin atap ótse, kishi mektep jasindagi balalar bolsa qız balaniń kishi ekenligin, ol ele shabıwdı jaqsı bilmesligin aytti. Analizlerden kórinip turıptı, olda, mektepke shekemgi jastaǵi balalar áwmetsizliktiń tiykarǵı sebeplerin ózge predmet hám zatlarda kórse, kishi mektep jasindagi balalar bolsa bunday áwmetsizliklerdi ózlerindegi kemshilik retinde tán almaqta. Bul orında eń keregi, balalardiń jaǵdayin tuwrı bahalawǵa úyretiw, ózlerin tek ǵana óz kózi menen „ko'riwleri", bálki basqalar „ko'zi"menen kóriwge

úyretiw, olarda uyqas, adekvat óz-ózin bahalaw ōzgesheliklerini qáliplesiwine unamlı tásir kōrsetedi..Izertlewlerimizdiń bul basqıshtaǵı maqsetleri balalardiń jeke, motivatsiyalıq psixologikyalıq hám intellektual rawajlanıwlarınıń óz-ara munasábetlerin izertlew etiwge qaratılǵan bolıp, biz bul orında tájiriybeli psixodiagnostikalıq testlerden paydalandıq.

Baqlaw hám analizlerdiń belgili bolıwınsha, bala mektepke keliw kúninde onıń sóz baylıǵı óz pikirin ayta alatuǵın dárejede qáliplesken boladı. Eger bul jasta normal rawajlanıp atırǵan bala óz sóylewinde 500-600 sózdi qollansa, altı jasli bala 3000-7000 sózdi qollana aladı. Baslawısh klaslarda o xızmetleri atırǵan balalardiń sóylewi tiykarınan at, feyil, sapa, san dan ibarat boladı. Bul jastagi balalar óz sóylewlerinde qaysı sózlerdi qollanǵanı, qaysı sózlerdi qollanıw múmkin emesligin parıqlay aladılar. 6 -7 jasli bala óz gáplerin quramalı grammatikalıq formada dúze aladı. Bala pútkil balaliq dáwiride sóylewi jedel túrde iyelep barıp, sóylewı ózlestirip barıwı belgili bir iskerlik túrine aylanip baradı.

7-9 jaslarda bolsa balalardiń ózine tán taǵı bir ayrıqshalıǵı bala sóylewinde óz pikirin aytıp qalmay, bálki óz sáwbetlesiniń dıqqatın ózine tartıw ushın da sóz júrgizediler. Balaniń individual rawajlanıw processinde óz kúshleri, háreketleri hám ıqlaslılıǵı negizinde onıń qábileti haqqındaǵı túsinikleri az-azdan formalanıp baradı. Biraq, bala turmısı dawamında erisip atırǵan tabıs hám kemshiliklerine baslawshı bolǵan bunday faktorlardı balaniń ózi ańlap jetpeydi. Bunday ayrıqshalıqlar balaniń 4-5 jaslarida kórinedi. Shama menen 6 jaslardan baslap bala bunday tabıs hám kemshiliklerdiń baslawshısı „qábilet“ ekenligin az-azdan seze baslaydı.

Balalar ayrıqshalıǵındaǵı taǵı bir za’ru’rli nárse, ol jaǵdayda qaysı dáwirden baslap balada oy-pikirli hám sanalı túrde tabıslarǵa erisiw motivatsiyasiniń payda bolıwı hám basqariliwi bolıp tabıladı. Bunday ayrıqshalıq balalar minez-qulqinda uyqas, adekvat talabanlıq dárejesinń payda bolıwdan, óz umtılıw-háreketlerin sanalı tańlay biliw dáwirden baslanadı. Baqlawlarimizdan belgili bolıwınsha, balaniń 4 jaslarinda adekvat talabanlıq dárejesi kórinetuǵın bolmaydı. Sol sebepli, bul jastagi balalar kóbinese óz aldılarına quramalı, atqarıp bolmaytuǵin maqset hám wazıypalardı qoyıwadı. 5-6 jaslarda bolsa anaǵurlım real tapsırmalardı qoyıw jaǵdayını baqlasaq, biraq bul dáwirde de joqarı talabanlıq dárejesinń kórinetuǵın

bolıwın baqlaymız. Bunday jaǵday balalardiń óz tabıs hám tabısları haqqındaǵı túsinikleriniń turaqlı ornalasqaninan derek beredi. Egerde mine sol maǵlıwmat penen bir qatarda balaǵa ol erisken tabıs hám tabıslardıń nátiyjeleri hámde nátiyjesi haqqındaǵı qıyalları da sińdirilip barilsa, 3,5-4,5 jaslarga kelip bala birpara quramalı wazıypa hám tapsırmalardı orınlawda anaǵurlım i'qti'yatli'li'q penen jantasa baslawın baqlaw múmkin. Atap ótiw kerek, balalarda kórinetuǵın bolatuǵın talabanlıq dárejeleriniń ōzgesheliklerin onıń quramali tapsırma hám wazıypalardı orınlawda óz múmkinshilikleri, mútajliklerine uyqas túrde tańlaw hám rawajlanıw dinamikasininiń kórinetuǵın bolıwın shama menen on jaslarǵa kelip tuwrı qáliplesiwi baqlanadı.

Belgili bul baǵdarda taǵı bir za’ru’rli zattı atap ótiw maqsetke muwapıq, usı jastagi balalardiń tabısqa erisiw motivatsiyasiniń rawajlanǵanlıq dárejesin bahalaw, olardıń belgili bir wazıypalardı orınlaw processinde ózleri sarplaǵan kúshleriniń mánisin, belgili bir bólegin, sonıń menen birge balaniń zor beriwi, ıqlaslılıǵı nátiyjesi bolıp esaplanıw bunday tabısqa erisiw múmkinligin ańlap jetkenligi haqqındaǵı túsiniklerdiń ańlap jetiwi de bala ushın oǵada za’ru’rli process esaplanadı. Baqlaw hám izertlewlerimiz, balalarda bunday qábilettiń kórinetuǵın bolıwın shamasin 8-9 jaslarga kelip qáliplesiwi, bunday faktorlar hátte úsh-tórt jıllardan keyin de tolıǵiraq qáliplesiwi dawam etiwin tán alıw múmkin. 5-6 jaslarda bala erisken tabıslardıń nátiyjesin óziniń qábileti hám ıqlaslılıǵı negizinde kórinetuǵın bolıwın az-azdan ańlap jete baslasa-da, biraq birinshi túsinigin ekinshi túsiniginen ústin qoyıwǵa sebep bola beredi. Bul dáwirge kelip, bala motivleriniń ierarxiyasi, yaǵnıy bir-birine qaramliǵi qáliplesiwi baqlanadı. Bala óz qulqi hám háreketlerin joqarı etikalıq túsinik hám qıyalları tásiri nátiyjesinde basqarıwǵa háreket ete baslaydı. Bala ushın áhmiyetli bolǵan motivlergana za’ru’rli áhmiyet kásip etip, ekinshi dárejeli motivler bolsa oǵan óz tásir kúshin joǵalta baslaydı.

Ùlken mektep jasindaǵi balalarda óz-ózin tusinip jetiw qábileti onnan aldıńǵı dáwirge salıstırǵanda usı waqıtta, ózi jasap turǵan zaman, waqıt sheńberinnen ayrıqsha, óz ótken zamanı hám keleshektegi umtılıw-háreketleri ushın juwapker bola alıwı bolıp tabıladı. Bul jasta balalar óz háreketlerin múmkinshiligi barınsha bahalawǵa, analiz etiwge urınısların baqlaw múmkin. Bala ótken zamandaǵı waqıya hádiyselerdi „Men jasliǵimda qanday bala edim? “ yamasa „Men úlken bolsam

qanday kisi bolaman? “ sıyaqlı túsinikler arqalı pikir júrgize baslaydı. Mine sol orında oylaw arqalı bala belgili bir ádeplilik  sapalar haqqında, bala ushın órnek boliwshi abıray -itibarlı, kúshli, sanalı, batır shaxslar sıyaqlı bolıwǵa háraket etiwin aytıp otedi. Dos sıpatında, shın júrekten baylanıs tásirinde keshetuǵın tárbiya processinde bala etikalıq-materiallıq qulıq-normalarin ózlestiredi, olarǵa ózgeler tásiri hám kórsetpeli tiykarında ámel qılıwdı ózlestiredi. Jámiyettiń  etikalıq-materiallıq minez-qulıq normalarina ámel qılıw menen birge bala shaxsı formalanıp baradı, usı qulıq normalari bala etikalıq qulqini basqarıwdı erkin, qálegen basqarıwdı ózinde ózlestirip baradı. Bala jáne onı qorshap turǵan kisiler menen hár qıylı munasábetler júzege keledi, jeke hám uqıplılıq motivleri formalanıp baradı.

Balaliq dáwiriniń  sońǵı máwsimlerinde isbilermenlik, uqıplılıq sıyaqlı sapalar menen bir qatarda ulıwma insanıylıq pazıyletleri de qáliplesedi, turaqlılasadı. Bul sapalardıń barlıǵı bala shaxsınıń individuallıǵı, tákirarlanbasligin, ózgelerge uqsamaytuǵınlıǵın támiyinlewde za’ru’rli áhmiyetke iye boladı. Balaliq dáwiriniń jeke rawajlaniwindaǵi  eń za’ru’rli máwsimi, bul - balaniń jeke sapaları, qábileti, tabıs hám kemshiliklerin jeke, individual óz-ózin ańǵarıwı sebepli keshiw jaǵdayı bolıp tabıladı.

## Bap boyınsha juwmaqlar

Belgili, hár bir insan kámillikke erisiwde ózi jasap turǵan sotsial ortalıqta belgili bir jeke adamlar menen qarım-qatnasqa kirisedi, óz-ara tásir kórsetedi, ózine múnásip shańaraq, jámáát hám jámiyette ósip, qáliplesip baradı. Insan tek ǵana usı topar hám klasslardıń passiv aǵzası emes, al  aktiv sub`ekti sıpatında olarǵa tásir kórsetedi, ózgertiredi usı menen birge ózi hám ózgeredi, jańa pazıylet hám táreplerin jaratıp baradı. Usı sebepli, jeke adam óziniń tábiyatı tárepinen sotsial xarakterge iye. Jeke adamdaǵı barlıq psixikalıq ózgeshelikler, dóretiwshilik belsendiliginiń rawajlanıw derkleri onıń aynala-átiraptaǵı sotsial ortalıqta, jámiyette. Insan sebepli baylanısta  bolıp, onıń sotsial turmıs tárzi menen belgilenedi. Usı mániste jeke adamnıń rawajlanıwı adamlar menen múnásiybette júzege keletuǵın sotsial tájriybeni iyelew protsessinen ibarat. Bunıń nátiyjesinde insannıń psixikalıq ózgeshelikleri, ádep-ikramlılıq pazıyletleri, xarakteri, erklilik sıpatları, qızıǵıwshılıqları,  duńyaǵa kóz-qarasları payda baladı.

«Mektepke tayarlıq» túsinigi balanı mektepke tayarlawdıń tómendegi baǵdarların óz ishine aladı: fizikalıq, jeke  (ruwhıy), aqılıy, arnawlı tayarlıq.

Mektepke ulıwma tayarlıq mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkeminiń mektepke shekemgi tárbiya jasındaǵı balalardı hár tárepleme tárbiyalawga say dawamlı, maqsetke muwapıq tálim-tárbiyalıq istiń zárur juwmaǵı sıpatında payda boladı.

Mektepke ulıwma tayarlıq balanıń mektepke barıw waqtına kelip aqılıy, ruwhıy, estetikalıq hám fizikalıq rawajlanıwda erisken sonday dárejesi, ol balanıń mektep táliminiń jańa sharayatlarına hám oqıw materialın sanalı iyelewge belsene kirip barıwları ushın zárur tiykardı jaratadı.

Ulıwma tayarlıq bala mektep tálimine ótiw dáwirine kelip erisken psixikalıq rawajlanıwdıń belgili dárejesi menen táriyplenedi.

İzertlew hám analizler nátiyjesi balani qorshap  turǵan jámiyetlik ortalıq, belgili bir maqsetke qaratilgan tálim-tárbiya, balaǵa tábiiy ráwishte berilgen uqıplılıqları onıń kámil insan bolıp jetilisiwinde puxta negiz bolıwı múmkin. Biraq, bala usı protsesstiń aktiv qatnasıwshısı sıpatında ózin kórsete alsa ǵana, ol tolıq jeke adamǵa aylanıwı, turmısta óz ornın taba alıwı múmkin.

# III BOB. BALALARDI MEKTEPKE TAYARLAWDA METODIKALAR JÁRDEMİNDE ALINĠAN TÁJİRİYBE-SINAW NÁTİYJELERİ

## 3.1. Balalardıń mektepte bilim alıwǵa tayarlıǵın diagnostikalaw usılları

Balalardıń mektep tálimine tayarlıǵı bala organizminiń anatomiyalıq-fiziologiyalıq, motivatsiyalıq, sotsial-psixologiyalıq hám psixikalıq rawajlanıwları sıyaqlı kompleks ózgesheliikleriniń tayarlıǵı menen belgilenedi. Balanıń tiykarǵı, zárur jeke pazıyletleri onıń balalıqtan qáliplesiwin ayıtıp ótiw múmkin hám bul ózgeshelikler áste-aqırın jeke adamnıń turaqlı sotsial tip sıpatında onıń xarakteri, jeke adamnıń individualliǵına aylanıp baradı. Usı fundamental jeke adam ózgeshelikleri onda ústem motiv hám mútájlikleri, baǵdarları bolıp tabıladı. Usı sıpatlar onı basqalardan  ajıratıp turıwshı, júdá jaslıq dáwirinen baslanatuǵın, balada ele tili shıǵaman degenshe  qáliplesken pazıyletler. Bul sıpatlardıń  bala turmısı dawamında turaqlı payda bolıwı onda bala miyiniń hámde qozǵaltıwshılardı differentsiatsiya etiw qábiletiniń jeterli dárejede rawajlanbaǵanlıǵı.

Zárur jeke sıpatlardıń basqalardan  parıqlap turıwshı tárepi, ásirese baslawısh dáwirde bala organizminiń genotipikalıq hám biologiyalıq ózgeshelikler menen shártlengenliginde. Bunday sıpatlarǵa  ekstraversiya hám introversiya, isenim hám qáweterleniw, emotsionallıq hám qarım-qatnas, nevroz hám usı sıyaqlılar. Belgili, bunday pazıyletler genotip hám sotsial ortalıq, sana hám sanasızlıq, operant hám shártli reflekslerdiń ádetke kirip barıwında, yaki úyreniliwinde, eliklew nátiyjesinde qaliplesedi hám turaqlasadı. Balanıń óz-ózine baha beriwi, oǵan belgili bir talaplardı qoyıp atırǵanlıǵın ańlawı, shamalap 3-4 jaslarda, bala ózin basqalar menen salıstırıp kóriwi aqıbetinde áste-aqırın túsine baslaydı. Mektep dáwirine kelip, bala minez-qulqında jańa  bir óz-ózin ańlaw dárejesi baqlanadı, bul- balada motivatsiyalıq „ishki pozitsiya“nıń payda bolıw ózgesheligi. Bunday ózgeshelik  balanıń ózine, basqalarǵa hám átirap-álemge bolǵan múnásiybetlerinde kórine baslaydi. Bul boyınsha L.I.Bojovich: „Bunday jańa ózgesheliktiń payda bolıwı, balanıń pútin ontogenetikalıq rawajlanıwında ózgeris dáwiriniń baslanıwı esaplanadı“, - dep aytadı.

Balanıń ishki pozitsiyası onda keyin erklilik sıpatlar, óz betinshelik, sabır, belgili maqsetke umtılıw sıyaqlı pazıyletlerdiń qáliplesiwi hám rawajlanıwına tásir etiwshi tiykar esaplanadı.

Bul boyınsha balanıń óz-ózine bolǵan múnásiybeti zárur áhmiyetke iye. Sebebi, balanıń qanday túsinikke iye bolıwı kóp tárepten onıń belsendiligin, múnásiybet kólemin, erkin háreketlerin támiynleydi. Balanıń ózi haqqindaǵı túsinigi „Men obraz"ı hám jeke óz-ózin bahalaw sisteması negizinde payda boladı. „Men obrazı" balada qanday da ulıwmalasqan jaǵdayda payda bolıp, bul jaǵday balanıń jası úlkeygen sayın ózgerip baradı, hám zárurlisi ol jánede tereńlesip, tarmaqlanıp baradı. Baladaǵı jeke óz-ózin bahalaw sisteması ondaǵı „Men obrazi" menen birlesip ketedi, geyde bul ózgeshelikler arasında óz-ara kelispewshilikler, qarama-qarsılıqlar payda bolıwın baqlaw múmkin. Bul protsess, tiykarınan, balanıń jetiskenligi hám sátsizliklerinde, ol yamasa bul turmıs iskerligi túrlerinde baqlaw múmkin. Baladaǵı óz-ózin bahalaw ózgesheligi ózin ańlawı, ózin basqa teńlesleri menen salıstırıwı, balanı qorshap turǵan insanlar, kitap hám kino qahramanları, ózin túrli iskerlikte jetiskenlikli kórsete alıwı, sonday-aq balanıń húrmet-itibarında bolǵan insanlardıń bergen bahaları negizinde paydı bolıp baradi. Átirap-ortalıqtıń, jaǵdaylardıń ózgeriwi baladaǵı óz-ózin bahalaw kriteriyaların hám ózgertiwge sebep boladı. Balanıń jası úlkeyip barıwı menen onıń sırtqı faktorlarǵa bolǵan múnásiybeti ózgerip baradı, demek bala minez-qulqında óz iskerligin, turmısın analiz etiwge negiz payda bolıp atırǵanlıǵınan dálil beredi. Usı mánisten alıp qaraǵanda, balaniń minez-qulqinda, háreketlerinde de ózgerislerdi baqlaymız. Balaniń jeke adam sıpatında qáliplesiwi kóz-qarasınan mektepke shekemgi jastaǵı balaniń dáwirin shártli túrde úsh bólimge ajıratiw maqsetke muwapıq bolıp tabıladı:

***Birinshi dáwir*** - mektepke shekemgi dáwrdiń 3-4 jaslarina tuwrı kelip, bul dáwirde balaniń emotsional ózin basqarıw ōzgesheliklerin bekkemlewi menen anıqlama beriledi;

***Ekinshi dáwir*** – ontogenezdiń 4-5 jaslarin óz ishine qamtıp alıp, bunda, tiykarınan, bala minez-qulqinda ádep-ikramlilıq, ózin basqarıw ózgesheliklериniń struktura tabıw dáwiri esaplanadı;

***Úshinshi dáwir*** - bul jas dáwiriniń 6 jaslarina tuwrı kelip, bunda balaniń jeke isbilermen, uqıplılıq sipatlariniń qáliplesiwi menen anıqlama beriledi.

Izertlewlerimizdiń bul dáwirdegi maqseti balalardiń mektepke motivatsiyalıq, sociallıq psixologiyadıq tayarliǵi menen bir qatarda, olardı innovatsiyalıq texnologiyalar, metodikalardan paydalanǵan jaǵdayda, hár qıylı ōzgeshelikleri arasındaǵı óz-ara baylanıslardı anıqlawǵa qaratılǵan. Bul processte bizler tómendegi metodikalardan paydalandıq:

**„Men qandayman“** metodikasi - bul metodika mektepke shekemgi jastaǵi balalardiń o'z-o'zin bahalawın úyreniwge qaratılǵan. Bunda bala ózinde payda bolatuǵın 10 unamlı sezimlerin qanday qabıl etiwi hám bahalawların eksperiment júrgiziwshi bayannamada belgilep baradı hám ballarǵa aylandıradi. Ball nátiyjeleri: „awa“ juwabı ushın - 1 balldan, „yaq“ juwapları ushın - 0 balldan belgilep bariladı. „Bilmiymen“ yamasa „geypara waqıtları“ juwapları ushın - 0,5 balldan belgilenedi. Balaniń óz-ózin bahalaw balları barlıq sipatlardan toplanǵan ballardıń jıyındısınan ibarat boladı.

Balanıń bahalanatuǵın sipatları:

1) jaqsı bala

2) mehriyban

3) múlayım

4) tazalıǵı, azadalıǵı

5) boysınıwshiliq

6 ) dıqqat, itibarı

7) qarım-qatnasıqka kirisiwsheń

8) shaqqan, epshil

9 ) miynet súygish

10 ) hújdanli

Rawajlanǵanlıq dárejeleriniń juwmaqları tómendegishe:

10 ball - júdá joqarı

8-9 ball - joqarı

4-7 ball - ortasha

2-3 ball - tómen

0-1 ball - júdá pas

„Balaning átirapdaǵı insanlar menen qarım-qatnasın anıqlaw“ (yamasa kommunikativlik) metodikasi - usı metodikada balalardiń kommunikativlik jeke sıpatları bahalanadı. Balaniń adamlar menen munasiybetleri, sonıń menen birge bul sıpatlar menen funktsional baylanıslı kommunikativlik ōzgeshelikleri balani jaqınnan bilgen insanlar tárepinen ádil bahalanadı.

Balaniń tómendegi pazıyletlerin anıqlanadı:

1) mehriybanlıq

2) adamlarǵa itibarlıq

3) tuwrı sóz, hújdanli

4) kishi peyillik

5) sózge kirisiwsheń

6 ) saqıylıq

7) mehir-shápáátlilik

8) ótirik sóylemew

9 ) shad kewillilik

10 ) juwapkershilik

Ekspertler sorawnamadaǵı bántlerge: „awa“- 1 ball, „yaq“- 0 ball, „bilmeymen“ yamasa „geyde “- 0, 5 ball menen bahalaydi. Alınǵan nátiyjeler arnawlı blanklarda belgilep barıladı. Rawajlanǵanlıq dárejeleriniń juwmaqları tómendegishe:

10 ball - eń joqarı,

8-9 ball - joqarı,

4-7 ball - orta,

2-3 ball - tómen,

0-1 ball - júdá tómen.

Bul jastaǵi balalar baylanısinda jańa motivlar júzege keledi. Bunday baylanıs túri - jeke hám isbilermenlik, uqıplılıq motivleri bolıp tabıladı. Jeke baylanıs motivleri - bul balani qáweterge salıp atırǵan, ishki mashqalaları menen baylanıslı, isbilermenlik motivleri bolsa, ol yamasa bul jumıslardı orınlaw menen baylanıslı bolǵan motivler bolıp tabıladı. Bul motivlerge áste-aqırınlıq penen bilim, kónlikpe hám tájiriybelerdi iyelew menen baylanıslı bolǵan oqıw motivleri qóyıladı. Bul

motivler dáslepki balaliq dáwirinen baslanıp, júzege keletuǵın balalardiń tábiyiy qızıǵıwshılıǵı negizinde payda boladı, sonıń menen birge bul jasta iskerligi menen baylanıslı ózin kórsetiw motivleri hám payda boladı. Bul motiv, tiykarınan, balalardiń syujetli-rolli oyınlarda tiykarǵi rolni iyelewge, basqalar ústinen basshılıq etiwge, jarista qatnasıwǵa qorqpawında, hár qanday jaǵdayda da jeńimpaz bolıp shıǵıwı ushın umtılıwında payda boladı.

Mektepke shekemgi jastaǵi balalar ushın úlkenler beretuǵın bahaları júdá za'ru'rli bolıp tabıladı. Balalar birinshi náwbette ruwxıy - álep-ikramlılıq norma hám qaǵıydalardı, óz minnetlemelerine munasábeti, kún rejimine ámel etiwi, haywanlar hám zatlar menen mámile etiw normaın iyelep baradı. Bunday páziyletlerdi iyelep barıw bul dáwirde anaǵurlım quramalı keshiwin tán alıw múmkin, bul zatlardı rolli-syujetli oyınlar járdeminde qáliplestiriw jaqsı nátiyje beredi. Mektepke shekemgi jasınıń sońǵı dáwirlerinde anıq bir ádep-ikramlılıq kóz-qaraslar payda boladı, sonıń menen birge basqa insanlar menen baylanıslı bolǵan jeke sıpatlar hám qáliplesedi. Bunday ózgeshelikler basqalarga húrmet-itibarlı bolıw, miyirbanlıq kórsetiw hám t.b. Úlken jastaǵi balalar kóbinese óz is-háreket sebeplerin túsindirip beriwlerin baqlaw múmkin.

Bul jastaǵi balalardiń mektepke tayarlıq processinde olardıń úlkenler menen qarım-qatnası za'ru'r bolıp esaplansada, biraq birden-bir esaplanbaydi. Bul orında balalardiń óz teńlesleri menen de baylanısi, olar menen óz-ara birgeliktegi iskerligi, tásiri balalardiń kámal tabiwinda tiykarǵı orınlardın birin iyeleydi. Bunday ózgeshelik balaniń mekteptegi tálim processi ushın da eki mániske iye. Birinshiden - balaniń óz teńlesleri menen baylanısi jeterli dárejede rawajlanǵan táǵdirde ǵana, bala jámáátlik oqıw iskerligide ózine sáykes, orınlı háreketler etiwin támiyinlese, ekinshiden bolsa – boljawlarǵa kóre, balaniń jámáátlik tálim processinde óz teńlesleri menen óz-ara munásiybetleri, bir-birine óz-ara tásir kórsetiwleri pútkil jámááttíń oqıw wazıypaların sheriklikte sheshimin tabıwda balaǵa qolaylı múmkinshilikler jaratadı eken.

Bul kategoriyadaǵı balalar ayrıqsha ōzgesheliklerdiń eki tárep baylanısiları da abstrakt xarakterge iye bolǵan másele hám mısallardı sheshiwlerinde baqlaw múmkin eken. Bunday hádiyseni baqlaw maqsetinde, bizler balalarǵa tómendegi úshewden

tikkeley hám tikkeley bolmaǵan xarakterge iye bolǵan máseleni sheshiwin so radiq. Olar tómendegiler:

Tikkeley xarakterge iye bolǵan máseleler:

1. Terektiń shaqinda eki qus qonip turıptı. Olardıń qasina  taǵı úsh qus kelip qondi. Terekte neshe qus bar?

2. Mektep átirapında altı terek ósip turıptı. Olardan úshewin basqa jerge otirǵizdıq.  Mektep átirapında neshe terek qaldı?

3. Anvarda tórt dana konfet bar edi. Oǵan taǵı úsh dana konfet berildi . Anvarda neshe konfet boldı?

Tikkeley bolmaǵan xarakterge iye bolǵan máseleler:

1. Terktiń shaqinda  quslar qonip  turıpti. Olar qasina  taǵı eki  qus kelip qondi, endi olardıń sanı besewge jetti. Aytıńshı, bul quslar kelip qonbastan aldın terktiń shaqinda neshe quslar bar edi?

2. Mektep háwlisinde terekler ko'gerip turıptı. Olardan úshewin basqa jayǵa kóshirgende ol jerda tórt terek qaldı. Aytıńshı, bul tereklerdi kóshirimesten aldın mektep háwlisinde neshe terek bar edi?

3.Anvardiń  konfetleri bar edi. Oǵan taǵı ush konfet berildi, ol jaǵdayda altı dana konfet boldı. Aytıńshı, Anvardiń aldın neshe dana konfeti bar edi?

Atap ótiw kerek, hár eki: tikkeley hám tikkeley bolmaǵan xarakterga iye bolǵan máselelerdi bir waqttniń ózinde sheshimin tabatuǵan balalar máseleniń ulıwma sheshimin demde taba alıwları hám joqarı dárejedegi qarım-qatnasıqqa kirisiwsheńligi, óz teńlesleri menen óz-ara tásir kórsetiwleri menen ajıralıp turdı.

Bunday xarakterdegi máselelerdiń ulıwma sheshimin taba almaǵan balalar bolsa, arifmetikalıq qosıw, ayırıw sıyaqlı kónlikpe hám tájiriybelerdiń jeterli dárejede rawajlanbaǵaninan, teńlesleri menen óz-ara qarım-qatnas hám tásir kórsetiwleri anaǵurlım tómen ekenligiden derek beredi.

Tikkeley xarakterga iye bolǵan máselelerdi demde sheshimin taba alatuǵın, biraq tikkeley bolmaǵan máselelerde anaǵurlım qiynalatuǵin, bunday tiptegi másele hám mısallardı da tikkeley usıllar menen sheshetuǵın balalardiń  óz teńlesleri menen qarım-qatnasları, óz-ara tásir kúshleri da anaǵurlım tómen dárejede ekenligi belgili boldı. Bunday tiptegi balalardiń tiykarǵı qıyınshılıqları, olardıń óz kóz-qarasların

ózgertire almasliqlari, júdá qıyınshılıq penen olardan bas keshiwleri, ózlerin basqalar ornıda kóre almasliqlari menen ajıralıp turıwların atap ótiw múmkin.

Izertlewimiz sheńberinde psixologiyalıqk–pedagogikalıq hám arnawli ádebiyatlar analizi, baqlawlarımız: balalardiń mektep tálmine, bolǵan múnasebetlerin –olardiń mekteptegi tálim-tárbiya processine motivaciyalıq tayarliǵiniń uliwma kōrsekishi sıpatinda kōrsetilgenin aytip ōtedi. Haqiyqatinda, eger bala mekteptegi jańa sharayatqa, oniń talaplarina ansatliq penen, jeńil maslasa alsa, oniń qiziǵiwshiliqlari kōlemi hár túrli keń sán alaberse, sōzsiz, balaniń mekteptegi tálimine motivaciyalıq tayarliǵı toliq keshkenliginen derek beredi.

Ùlken mektepke shekemgi jastaǵı balalar tiykarinan, mektepte oqiw ushin zárúrlik sezedi, biraq ol tilek hám zárúrlik motivi túrlishe boliwi múmkin.” Maǵan suliw forma, dápter, qálem hám ruchkalar satip alip beredi”, ” Mektepte doslarim kōp boladi” men olar menen oynayman”,”Mektepte uyiqlatpaydi ”. Bunday motivlerdi balalarǵa ádette ata-analar sińdiredi. Mekteptiń sirtqi belgileri, sōzsiz balalardi júda qiziqtiradi, biraq bul mektepte jetiskenlikli oqiw ushin tiykarǵı sebep bola almaydi. Ata-analar, pedagog tárbiyashilar tárepinen balalarǵa bilim beriw, úyreniw motivlerin sińdiriliwi mektepte jetiskenlikli oqiw faktori bolip xizmet ete aladi.

”Men ákeme uqsaǵan boliwim ushin oqiwim kerek ”, ”Jaziwdi júda jaqsi kōremen”, ”Oqiwdi úyrenemen”, ”Mektepte qiyin misallardi sheshiwdi úyrenemen”- bunday motivler duris motivaciyalıq tayarliqqa misal bola aladi.

Psixologlar L.I.Bojovich, V.V.Davidov, D.B.El`koninlardiń aytiwinsha, kishi mektep dáwirinde oqiw iskerligi balalar ushin jetekshi esaplansada, biraq oqiw iskerliginiń dáslepki dáwirlerinde balalardiń úlkenler menen baylanisi bir qansha múddet saqlanip qaladi. Oqiw iskerliginiń keyingi basqishlarinda bolsa, balalardiń ōz teńlesleri menen ōz-ara baylanisi hám múnásebetleri unamli tárepke ōzgerip baradi. Tábiyiy, bunday unamli ōzgeris balalardiń mektep socialliq ortaliǵina maslasip baratirǵanliǵi nátiyjesi. Tábiyiy, túrli shárayatlarda er jetken balalardiń jańa socialliq shárayatqa maslasiwi túrlishe ōtedi.

Balalardiń mektepke shekemgi dáwirinde olar turmisi imkaniyat barinsha keleshektegi uqsas ortaliqta tapsa, olardiń jańa socialliq ortaliqqa maslasiwi

„keselliksiz” otiwin izertlewlerimizdiń keyingi basqishlarinda isenim payda ettik. Ontogenezde balaliq dáwiriniń 3 jastan 7 jasqa shekemgi bolǵan dáwiri oniń bir qansha bōlimin quraydi. Mine sol dáwirden baslap, tiykarinan balaniń óz betinshe iskerlikleri rawajlanadi hámde jeke ōzgeshelikleri payda bala baslaydi.

Belgili pedagog P.F.Lesgafttiń pikirinshe, insanniń mektepke shekemgi jas dáwiri sonday bir process bolip, áne sol dáwir dawaminda balaniń keleshegindegi qanday xarakter qásiyetleri payda boliwi belgilenedi hám ádep-ikramliq páziyletleriniń tiykarlari júzege keledi. Sol nárse diqqatqa ilayiq, mine sol dáwirde islengen is pútkil tárbiya processiniń 90% in payda etedi eken. Xaqıyqatında, balaniń baqsha jasindaǵı dáwiri sol dárejede mazmunli hám belsendilik dáwiri balaniń kelesi ōsiwinde álbette ōz kōrinisin tabadi. Sol sebepli, baqsha jasindaǵı dáwir tásir kúshi tárepten ōte juwapkershilikli. Pedagog novator Sh.A.Amonoshvilidiń aytiwinsha: „Balalar júda belsendi tiri organizm ... sonday eken, bala ushin sonday bir unamli ortaliq uyimlastiriw kerek, bul ortaliq balaǵa qáwip saliwshi yamasa, tek násiyat beriw ushın emes, al olar iskeliginiń shólkemlestiriw hám sheberlik penen basqariwdi talap etedi, áne sonda ǵana belgilengen maqsetke erisiw múmkin”. Sol mániste, túrli shárayatlarda er jetken mektepke shekemgi jastaǵı balalardiń hám mekteptegi tálimge tayarliq dárejeleri túrlishe boliwi, tábiyiy jaǵday. Mektepte tálimniń baslanǵish –bala ushin jeke, social-psixologiyalıq hámde fiziologiyalıq tárepten mashaqatli hám juwapkershilikli dáwir esaplanadi. Bul tek ǵana bala turmısı hám iskerliginiń ōzgeriwi emes, al jańa múnásebetler sistemasi, baylanis kōleminiń keńeyiwi, jańasha minnet hám huqiqlari, waziypalarin orinlaw menen túsindiriledi.

Mektepke shekemgi dáwirde **sport sekciyalari, sanaat, texnika hám basqa dōgereklerde** balalardiń mektep shárayatlarina motivaciyalıq maslasiwi boyinsha alǵan maǵlumatlarimiz -78% ti quradi. Bul kōrsetkish sol jeke páziyletler úyrenilip atirǵan topar balalari arasinda eń joqari kōrsetkishke iye boldi. Sōzsiz, mámleketimizde xızmet kōrsetip atirǵan bunday sport sekciyalari, túrli dōgereklerde turaqli shuǵillanip kiyatirǵan balalardiń jańa socialliq shárayatqa maslasiwi, mekteplerdiń ishki tártiplerine ámel etiwi, olardan talap etilip atirǵan tapsirma hám

waziypalardi ōz waqtinda orinlawi bul kategoriyadaǵı balalar ushin salistirmali tez hám ańsat ōtiwin atap ōtiw múmkin.

Bul kategoriyadaǵı balalardiń ōz teńlesleri menen ōz-ara sherikligi boyinsha bolsa, 84% ti kōrsetti, tábiyiy balalardiń dástúriy emes jaǵdaylarda baylanis hám múnásebetlerde boliwlari, túrli kategoriyadaǵi jarislarda birgelikte qatnasiwlari, olardi bir-birine salistirmali jánede jaqinlastiradi, olarda qayǵiriw, ōz-ara járdem, quwanish siyaqli joqari insaniyliq páziyletler qáliplestiriledi.

Bunday balalardiń tárbiyashi hám pedagoglar menen ōz-ara sherikligi (bul kōrsetkish -86 %) hám ōzine say tárizde otiwin baqlaw múmkin, olardiń fizikaliq hám ruwxiy baylanislarda erkinlik, tartinbastan isenim hám ziyreklik penen ōz pikirin bildiriw siyaqli páziyletlerdiń kōriniwin aytiw múmkin.

Bul kategoriyadaǵi balalardiń ōz-ōzin bahalawlari hám qadaǵalawlari boynsha kōrsetkishleri -78% ti quraydi, olardiń turaqli sport shiniǵiwlari hám dōgereklerde shuǵillaniwlari olarda ōzlerin basqa balalarǵa salistirmali bir qansha isenim sezimin, geyde fizikaliq ázzi balalarǵa járdem beriwge, geyde bolsa biraz „menmenlik" páziyletin baqaw múmkin.

Bunday sharayatta er jetken balalardiń ōz-ōzin basqariwi boyinsha kōrsetkishleri -76% in kōrsetedi. Sōzsiz, turaqli aniq tártip hám intizam menen turmis keshirgen balalarda ōz ōmiri hám iskerligin shōlkemlestiriw, basqariw, uyimlastiriw siyaqli kerekli páziyletler dáslepki iskerliginiń tásiri nátiyjesinde keshiwi, bul áste –aqirin birdeyine tús aliwlari, olardiń keyingi turmisin hám únemli hám mazmunlı ōtiwine unamli tásir korsetiwi, tábiyiy. Sport oyinlari tek ǵana biliw processlerin jetilistirip qalmastan, al balaniń minez-qulqinada unamli tásir kōrsetedi. Mektepke shekemgi jastagi balalarda ōz qulqin basqariw kōnlikpeleri payda bolıwı baylanisli psixologiyalıq mashqalalardi úyrengen Z.V.Manuylenkoniń pikirinshe, birde bir maqsetke baǵdarlanǵan shiniǵiwǵa qaraǵanda oyinda minez-quliq kōnlikpeleri aldinraq hám ańsatraq iyelew múmkin.

Asirese bul faktor sipatinda ōziniń jarqin ańlatpasin tabadi. Ùlken mektepke shekemgi jastaǵi balalarda ōz minez-qulqin ōzi basqariwi kōnlikpesi oyin iskerliginde de, basqa sharayatta da turaqlasadı. Geyde olar ayırım jaǵdaylarda joqarılaw

kórsetkishge de erisiwi múmkin. Oyın iskerligi balada minez-qulqin basqarıw kónlikpelerin qáliplestiriw ushın za'ru'rli áhmiyetke iye boladı.

Mektepke shekemgi bilimlendiriw mákemelerinde úlkeyip, er jetken balalardiń mektep sharayatına maslasiwi boyınsha kórsetken jeke páziyletleri - 70% ti kórsetdi. Baqshada balalardiń sheriklikte tálim-tárbiya aliwlari, birgelikte oynawlari hám awqatlaniwlari olarda jámiyetshilik sezimin qáliplestiredi.

Kópshilik bolıp bir oyındı oynawı yamasa qandayda wazıypanı orınlawıda óz is-háretkelerinde kelisip alıw, rōldı bólistiriw de bir-birlerine járdem beriw sıyaqlı za'ru'rli toparliq turmısqa tiyisli pázıyletler payda boladı.

Balalardın jámáátda óz orınların bekkemlewde olardıń jámáátde endi ǵana júzege kiyatırǵan óz-ara quramalı munasábetleri, yaǵnıy bir-birine boysinisw, bir-birine jan basıw siyaqli múnasábetler sisteması bul kategoriyadaǵı balalarda salıstırǵanda qáliplesken bolıp, bul páziyletler olardıń jańa sociallıq ortalıqqa maslasiwi ushın júdá tásir kórsetedi.

Baqsha jasindaǵı balalardiń óz teńlesleri menen óz-ara iskerlikleri boyınsha alıp barǵan izertlewlerimiz nátiyjeleri - 78% ti quradi. Bul jastaǵı balalardiń jetekshi iskerligi retinde tán alinatuǵın olardıń oyınlarında hám óz teńlesleri menen múnasábetlerinde anaǵurlım sapa ózgerisaleri júz beredi, birinshiden, balalar ortasındaǵı joralıq, doslıq munasábetleri bekkemlenedi, nátiyjede olardıń turmısında jámiyetshillik roli artip baradı. Ekinshiden bolsa, jámáát bolıp atqaratuǵın syujetli oyınlardiń mazmunı quramalılasiwi menen birge qaǵıydalı oyınlardıń áhmiyeti artip barıwın baqlaw múmkin.

Balalar qaǵıydalı oyınlardıń oyın procesiniń ózine ǵana emes, al qaǵıydalarına boysinip, erisiletuǵin nátiyjelerge qızıǵıwshılıqların aytiw múmkin. Bul kategoriyadaǵı balalardiń tárbiyshi apaları hám oqıtıwshıları menen iskerligi dárejeleri de anaǵurlım joqarı nátiyjelerdi berdi, bul kórsetkish - 82 % eken. Baqsha dáwrinde balalardiń iskerligi nátiyjeli hám ónimli uyumlastiriw, olar menen hár qıylı iskerlik processlerinde mudamı baylanısta bolıw kerekligi, baqsha apa hám tárbiyashilariniń, pedagoglardıń balalar menen óz eki tárep baylanısiların tuwrı hám shın júrekten ornata alıw kóp tárepten balalardiń keyingi sociallıq psixologiyalıq rawajlaniwina unamlı tásirin kórsetiwi tabiiy bolıp tabıladı.

Baqlawlarimiz processinde bunday balalardiń úlkenler menen baylanıs hám múnasábetlerinde erkinlik, isenim menen qaraw sıyaqlı pazıyletlerdi ushrattiq. Baqshada tárbiyalanip, er jetken balalarda óz-ózin bahalawı hám baqlaw jeke páziyletleriniń kórsetkishleri - 64 % payda etedi. Belgili, sol jastan baslap balalar baqshalariniń tárbiyaliq bağdarlamalarına muwapıq oqıw iskerligi menen de úzliksiz shuğullanip turadi, bular nátiyjesinde olar másele negizin tusinip jetiwdi, olardı orınlawdıń kónlikpe hám tájiriybelerin ózinde uliwmalastiradi.

Oqıw iskerliginiń za’ru’rli komponentlerinen biri, bul - bahalaw bolıp tabıladı. Altı jasli balalarda bul ayrıqshalıq endi rawajlana baslaydı. Óz iskerlik nátiyjelerin bahalaw tek ğana oqıw menen baylanıslı iskerlikte, al súwretler salıw, konstruktsiya iskerligi, applikatsiya sıyaqlı processlerde óz jumısların salıstırıw, óz kemshilik hám jetiskenliklerin ástenlik penen ańlap baslawğa múmkinshilik beredi.

Balalardın óz-ózin biylewi boyınsha jeke sapa kórsetkishleri – 68 ti payda etti. Baqlawlarimiz processinde bunday balalar minez-qulqında tártipsizlik sıyaqlı unamsız páziyletlerdi salıstırğanda kem ushrattiq, sebebi baqshadaği tártip bunday balalarga keyingi turmısı hám iskerligi ushın jaqsı jay tayarlawı, tábiy bolıp tabıladi.

Kóp perzentli shańaraqlarda tárbiyalanğan balalardiń mektep sharayatına maslasiw boyınsha jeke páziyletleri - 62% ti quradı. Kōp balali shańaraqlardaği ağa-úke hám apa-sińlilerdiń óz-ara xızmetlesligi, olardıń mektep tálimi, ondaği nızam - qağıydaları, ishki rejim intizamlar haqqındaği hár qıylı mağlıwmatlar menen balaniń dúnyağa kóz qarasını bayitip barıwları ol jağdayda kelesi turmıs haqqındaği qıyalların bayitadi, oğan tayarlaydı. Bunday túrdegi shańaraqlarda tárbiyalanğan balalardiń óz qatarlasları menen iskerlik dárejeleri - 72% ti payda etti.

Bunday shańaraqlardaği balalardiń mudamı sherikligi, óz-ara oyınları, olar arasında arnawlı bir baylanıs kólemin payda etedi, bunıń nátiyjesinde balalar pikir almasadı, o'zligin ańlap baradı. Usı shańaraqlardaği ortalıq balaniń ağa-úkeleri hám apa-sińliler, áke-anaları, úlken jastağilar, pedagog -tárbiyashilar menen da bolatuğın sherikligi haqqindaği qıyalların keńeytiwge puqta jay tayarlaydı, sol sebepli bolsa kerek, málim bul bağdarda ótkeretuğin kórsetkishlerimiz - 64 %ti payda etti.

Sonıń menen birge, kóp perzentli shańaraqlarda er jetken balalardiń óz-ózlerin bahalawları hám baqlawları - 56% ti, óz-ózlerin basqarıwları bolsa - 68%ti payda

etti, kórinip turıptı, bunday kórsetkishler balaniń aǵa-úkeleri hám apa-sińlileriniń tásiri astında qáliplesiwine óz tásirin kórsetpey qalmaydı.

Kem perzentli shańaraqlarda er jetken balalarniń mekteptegi tálim-tárbiyaǵa maslasiwiniń bunday jeke páziyletleri - 38%ti ǵana, kórsetdi. Pikrimizshe, bunday kategoriyadaǵı balalarda mektep turmısı haqqındaǵı maǵlıwmatlardıń kemligi, jeterli dárejede baylanıs kóleminiń tar sheńberde keshiwi, maǵlıwmatlardı alǵan táǵdirde de olar óz áke-analarınıń yamasa ǵalaba xabar derekleri sebepli ámelge asıwın atap ótiw múmkin. Bunday shańaraqlarda ōsken balalardiń óz qatarlasları menen óz-ara sheriklilik dárejeleri de - 26% ti payda etti.

Baqlawlarimiz hám sáwbetlerimiz nátiyjesi bala, bunday kategoriyadaǵı balalarda jámáátke demde kónligip ketiw, óz qatarlasları menen demde ulıwma „til tawıp" ketiw jaǵdayları anaǵurlım quramalı ōtiwine gúwa boldıq. Geypara jaǵdaylarda bunday kategoriyadaǵı balalarda jatirqaw, qorqınısh, baylanıs kóleminiń "reńsizligi", hár qanday qarım-qatnasqa demde kirise almasliq jaǵdayları, jónsiz tákabbirlik jaǵdayları balani ózge balalardan anaǵurlım alıslawǵa alıp keliw jaǵdayların tán alıw múmkin. Kem perzentli shańaraqlarda er jetken shańaraqlardaǵı balalardiń tárbiyashi hám pedagoglar menen óz-ara iskerlik dárejeleri - 30%ti payda etti.

Bunday jaǵdaydı, bul sıyaqlı shańaraqlarda oqıtıwshılar hám tárbiyashi-pedagoglar haqqındaǵı hár qıylı hám reń-bareń maǵlıwmatlardıń jetarli dárejede erkin eki tárep baylanısilar arqalı almasli, baylanıs kóleminiń tar sheńberde keshiwi sebepleri menen anıqlama beriw múmkin. Sonıń menen birge, geyde bunday balalardiń oqıtıwshıları hám pedagogları menen mudamı da normada ornata almasliqlarin atap ótiw múmkin. Bul sıyaqlı shańaraqlardaǵı balalardiń óz-ózin bahalawları hám baqlaw halları - 58% ti, óz-ózin basqarıw boyınsha kórsetkishleri bolsa - 50%ti payda etti.

Atap ótiw kerek, bunday balalar qulqinda geyde anaǵurlım tákabbirlik, ózine itibar beriw, húrmet talap, ózine joqarı ataq beriw, geyde bolsa, kerisinshe, qorqınısh, jalǵızlanıw, menmenlik páziyletlerin kórinetuǵın bolıwın atap ótiw múmkin. Pikrimizshe, bunday juwmaq jaratılıwna tiykarǵi sebepler, bunday balalardiń jeterli dárejede óz qatarlasları menen baylanısta bola almasliqlari, olardıń

shegaralanǵanlıǵı, olar menen úzliksiz hár qıylı hám reń-barang temalarǵa tiyisli shın júrekten, dos sıpatında, teń-huqıqlı baylanıstiń mudamı da ámeldegi emasligi dep anıqlama beriw múmkin. Izertlew nátiyjelerinen kórinip turıptı, mektep dáwirine kelip balalar mekteptegi tálim- tárbiya procesine derlik bólegi tayın bo'lar eken. Hár qıylı sharayatlarda er jetip, mektepke kelgen balalardiń motivatsion-psixologik tayınlıǵı da anaǵurlım parıq etiwin gúzettik.

Ótkerilgen tekseriwler de bul zattı tastiyiqladi. Ádetde, tájiriybeli pedagoglar hám ata-analardıń balaniń mekteptegi tártip intizamǵa epizodik, keyipi menen sáykes túrde iykemlesiwin júdá qalesede, biraq balaǵa qoyılatuǵın talaplardı keskin jırlaw bala ushın da talay qıyınshılıqlı keshedi. Bul orında, álbette, birinshi náwbette oqıtıwshı keyininen ata-analardıń balaǵa orınlı tásir kórsetiwi za'ru'rli bolıp tabıladı. Baladan keskin túrde jańa sociallıq ortalıqqa beyimlesiwdi talap etiw balani sharshawina, kewli suwıwlarına alıp keliwi, tábiyiy bolıp tabıladı.

Izertlew sheńberindegi tiyisli ádebiyatlar analizi, baqlawlardan belgili bolıwınsha, balaniń mektepke iykemlesiwiniń úsh shártli etaplarin ajıratıw múmkin eken. Bularǵa tómendegilerdi kirgiziw múmkin.

***Birinshi etap*** - „fiziologiyalıq burqıraw" dáw'iri dep da júritiledi. Bul dáwirde bala turmısında úzliksiz tálim sistemasınıń baslanıwı menen kompleks jańa tásirleniwlerge salıstırǵanda bala organizminiń tolqınlanıp burqıraw reaktsiya qaytarıwı, pútkil bala dene sistemasınıń zor berip xızmet kórsetiwin baqlaw múmkin. Bunday burqıraw iskerligi balaniń oǵan qoyılǵan talaplardı hám tapsırmalardı qısqa múddet arasında orınlawǵa tola-to'kis úlgeriw, óz qatarlasları arasında qolaysız jaǵdayǵa túsip qalıwdan qorqıw sıyaqlı ōzgeshelikleri menen anıqlama beriledi. Atap ótiw kerek, bul - „mólsherlew" dáw'ir mektep dáwiriniń eki-úsh háptelerine shekem dawam etedi.

***Ekinshi etap*** – ózine tán amanat kelisiw dáwiri dep júritiledi. Bunda bala organizmi sırttaǵı qozǵatiwshiǵa salıstırǵanda jańasha, qanday da ózi ushın qolay, nátiyjeli qural hám jollardı aqtara baslaydı. Dáslepki basqıshlarında organizm puxtalıǵı baqlanbaydı, bala barlıq múmkinshiliklerinen tolıq paydalanadı, geyde hátte ádettegiden kóbirek kúsh-quwat jumsawǵa da májbúr boladı. Sol sebepli, oqıtıwshı balaniń mektep sharayatına biyimlesiwinde onıń ishki keshirmelerin jaqsı ańlawi

zárúr. Áyne sol waqıtta bala organizminde keshetuǵın anaǵurlım páseyiw, sharshawlar áne sol ayrıqshalıqlar menen anıqlama beriledi.

***Úshinshi etap*** - bul dáwirde bala organizminiń mektep shárayatlarına salıstırǵanda turaqlı biyimlesiwin baqlaw múmkin. Bunda organizm sırtqı qozdırıwshıǵa salıstırǵanda anaǵurlım turaqlı, basiq, sezim-tınıshsızlanıwsız juwap qaytaradı. Endi bala óz organizmi ushın zárúr bolǵan kúsh-quwattı tejep isletiwge, onı da kerekli payıtlarda paydalanıwǵa hárekat etedi. izertlew sheńberindegi tiyisli ádebiyatlar analizi hám baqlawlardan belgili bolıwısha, 6 jasli balalardiń úlkenler hám qatarlasları menen keshetuǵın baylanıs hám múnasábetleriniń mazmunı, mánisi ózge jastagi balalarǵa salıstırǵanda anaǵurlım ózgeshe túrde kesher eken. Olar baylanısiniń quramalılasıp barıwın baqlaw múmkin. M.I.Lisina basshılıǵında alıp barılǵan izertlew nátiyjelerinen belgili bolıwınsha, balalardiń úlkenler menen keshetuǵın hár qıylı baylanısları (mısalı, jumıs hám iskerlik maydanıdan geypara zattı ańǵarıwı, biliw maydanıdan, jeke ózine tiyisli zatlar maydanınan ) 6 jaslarda jeke ózlerine tiyisli zatlar maydanınan baylanıs etiwleri anaǵurlım ústin turar eken.

6 jasli balalardiń baylanıs etiw hám ornatıw motivlarin úyreniwden sol zatlar belgili boldı, bul jaslarda jeke temalarǵa tiyisli sáwbetler, onıń ózligi menen baylanıslı eki tárep baylanısilarǵa bolǵan mútajlikler 7 jaslardikine salıstırǵanda anaǵurlım ústin ekenligin atap ótiw múmkin. Baylanıs motivleriniń rawajlaniwi aylanadaǵı zat hám hádiyselerdiń ōzgeshelikleri haqqında tereń hám bay maǵlıwmatlarǵa ıye boliw, tusinip jetiw múmkinshiligin beredi. Ùlkenler menen ushırasıw processinde balalar ózlerin jaqsılaw ańlap baslaydi, sebebi olar ózine hám óz iskerligine tiyisli baha alıwların júdá qalesedi. Bul jastagi balalardiń óz qatarlasları menen keshetuǵın baylanısı, tiykarınan, qandayda bir iskerlik processinde keshedi hám o'z iskerligi dawamında o'zligin kórsetip baradı.

Ùlkenler balalar iskerligin tuwrı uyumlastiriw hám nátiyjeli uyımlastırıwı arqalı balaniń ózin biliwge bolǵan mútajliklerin artıp barıwın baqlaw múmkin. Atap ótiw kerek, mektepke shekemgi jastagi balalar shaxsı rawajlaniwiniń tiykarǵı ózgerisleri, bul jastaǵi balalardiń ózine tán jeke sapaları hám pazıyletlerin, uqıpları, tabıs hám kemshiliklerin tusinip jetiw sıyaqlı páziyletlerdiń payda bolıwı menen de anıqlama

beriledi. Izertlewlerimizdiń bul náwbettegi wazıypaları áne sonday jastagi balalardiń arasındaǵı anıq ayrıqsha ōzgesheliklerin anıqlawǵa qarattiq.

Sebebi, bunday shınıǵıwalarǵa aydınlıq kirgiziw házirgi kúnde mámleketimizde iskerlik júrgizip atirǵan uliwm bilim mekteplerinde oqıp atirǵan balalardiń ózine tán ayrıqsha táreplerin kórsetiwge, sonıń menen birge usılar tiykarında alınǵan maǵlıwmatlardan tiyisli juwmaqlar shıǵarıwdan ibarat.

## 3.2. Tájiriybe- sınaw jumıslarınıń nátiyjeleri

İzertlew protsessinde mashkalanıń ámeldegi jaǵdayın úyreniw, bar maǵlıwmatlardı analiz etiw, belgili juwmaqlarǵa keliw, shıǵarılǵan juwmaqlar tiykarında ulıwma jaǵdayǵa baha beriwge baǵdarlanǵan ámeliy iskerlik ayrıqsha orın iyeleydi.

İzertlewdiń mazmunınan kelip shıqqan jaǵdayda tómendegiler ámelge asırıldı:

Shólkemlestiriwshi tayarlıq basqısh. Bunda tájriybe-sınaw islerin ámelge asırıwshı ob`ektiv hám sub`ektiv faktorlar anıqlandı:

- tájriybe-sınaw islerin jolǵa qoyıw ushın imkaniyat beriwshi tájriybe-maydanları tańlandı;
- tájriybe-sınaw isleriniń sub`ekti sıpatındı balalar sanı anıqlandı, olar tájriybe hám qadaǵalaw toparlarına ajıratıldı;
- tájriybe-sınaw jumısları ushın Kern İrasek metodı tańlandı;
- metodikanı shólkemlestiriw hám ótkeriw tiykarında balalardıń mektepke tayarlıq dárejeleri anıqlandı.

Tájriybe jumıslarınıń hár bir basqıshı ushın anıq maqset hám wazıypalar belgilenib, olardıń tolıq orınlanıwına itibar qaratıldı.

Tájiriybe - sınaw jumısları tómendegi 3 basqıshta alıp bırıldı:

1. Tayarlıq basqıshı.
2. Tájiriybe-sınaw jumısların shólkemlestiriw hám ótkeriw basqıshı.
3. Juwmaqlawshı basqısh.

İzertlewdi ámelge asırıwda tájiriybe-sınaw jumıslarınıń natiyjeli juwmaqlanıwın kepillewshi metod hám quralları anıqlawǵa ayrıqsha itibar qaratıldı. Solardan:

1. Mashqalaǵa say sáwbetler, ushırasıwlar, seminar-treningler sıyaqlı formalardan paydalanıw balalardı mektepke tayarlawǵa járdem beredi.

2. Tálim-tárbiya protsessinde innovatsiyalıq metodlar – birgelikte ótkeriletuǵın bayramlar, kórgizbelerde ata-analardıń qatnasıwı, ashıq esikler kúnin shólkemlestiriw, gazeta shıǵarıw, pedagogikalıq jurnallar, ata-analardıń kásipler haqqindaǵı sáwbetleri, sonday-aq, dásturiy metodlar – lektsiya, sáwbet, soraw-juwapdan paydalanıw kózlengen maqsetke erisiwge járdem beredi.

Kern-İrasek metodı boyınsha diagnostika ótkeriwden maqset balalardaǵı mektep ushın zárur bolǵan iskerlikleri rawajlanadı, bas miy shıǵanaǵındaǵı analitikalıq hám sintetikalıq wazıypaları, motorikalardaǵı jetispewshilikti anıqlaw.

Kern-İrasek metodı boyınsha balanıń mektepte bilim alıwına tayarlıǵı dárejesin anıqlaw ayrıqsha yamasa 10-15 baladan ibarat topar menen bir waqıttıń ózinde alıp barılıwı múmkin. Tórtinshi tapsırma bolsa hár bir bala menen ayrıqsha, arnawlı ajıratılǵan xanalarda ótkeriledi.

Balaga (yamasa topardaǵı 10-15 balaga) ápiwayı qaǵazdan taza bir bet beriledi. Qaǵazdıń joqarıdan oń muyeshine izertlew menen qamtıp alınǵan balanıń atı, ákesiniń atı, jası hámde tekseriw ótkerilip atırǵan sáne jazıp qoyıladı. Qálem balanıń aldına sonday qoyılıw kerek, oǵan oń hám shep qol menen hám alıw qolaylı bolıw kerek.

Analiz ótkeriw úsh tapsırmadan ibarat:

1. Adam suwreti.

2. Úsh sózden ibarat, sızılǵan qısqa gáp (*U osh yedi*).

3. Sızılǵan noqatlar toparı.

**Birinshi tapsırmaǵa** tómendegi kórsetpe beriledi: «Bul jerge (hár birine qay jer ekenligi kórsetiledi) bir erkektiń (ájaǵa) suwretin bilgenlerińiz boyınsha sızıń». Keyin túsinik (jardem) beriw, suwrettiń kemshiligi hám qátesi boyınsha eskertiw beriledi. Balanıń bergen hár bir sorawına tómendegishe juwap beriw lazım. «Óziń bilgenińdey tip sız». Eger bala isti baslamay tursa tómendegishe oǵan kómek beriw kerek: «Kórip atırsańba, sen qanday jaqsı basladıń», «Salıwdı dawam et».

«Ájapa»nı salsam baladıma? degen sorawǵa barlıǵımız ájaǵamızdı salamız dep túsindiriw kerek. Eger bala hayal figurasın salıwdı baslaǵan bolsa, onı aqırına shekem salıwın kútip turıp, keyin qasınan erkek adamnıń suwretin salıwdı soraw kerek.

Bala suwret salıwdı bolǵannan keyin, is qaǵazı teris awdarıladı. Onıń arqa tárepi sızıq penen teń ekige bólinedi (bunı aldınnan islew hám múmkin).

**2-tapsırmanı** orınlaw ushın 10-15 kartochka (7-8sm ge 13-14 sm ólshemde) kerek baladı. Oǵan «U osh edi» sózlerin qol jazbada jazıladı (háripler ólshemi-1 sm, bas hárip - 1,5 sm).




Sózler jazılǵan kartochka balanıń aldına, is qaǵazınan sál joqarıǵa qoyıladı.

Ekinshi tapsırma tómendegishe táriyplenedi: «Qarań, bul jerde bir sózler jazılǵan. Sen ele jazıwdı bilmeysen. Sonıń ushın bunı sızıwǵa háreket et. Jaqsılap kórip al, bul qanday jazılǵan hám qaǵazdıń joqarı bólegine (qay jer ekenligin kórsetiw kerek) tap sonday etip jazıń». Eger balalardan birewleri qatar uzınlıǵın esapqa almay úshinshi sózdi sıydıra almasa, oǵan úshinshi sózdi pásten yamasa joqarıdan jazıw múmkinligin aytıw lazım.

Joqarıdaǵı ólshemli kartochkalardı úshinshi tapsırmanı orınlaw ushın hám tayarlap qoyıw kerek.

**Úshinshi tapsırma** qaǵazda noqatlar toparı suwretlengen bolıp, olar aralıǵı vertikal hám gorizantal boyınsha-1 sm, noqatalar diametri-2mm:



Bala 2-tapsırmanı orınlap bolǵannan keyin birinshi kartochka onnan alınıp, ornına ekinshi (noqatları bar) kartochka sonday qoyıladı, bunda noqatlar arqalı suwretlengen bes múyeshli ótkir múyeshi páske qaraǵan bolıwı kerek.

Úshinshi tapsırmaǵa tómendegishe kórsetpe beriledi: «Bul jerde noqatlar sızılǵan. Tap sonday etip qaǵazdıń páski bólegine (qay jer ekenligi kórsetiledi) óziń sızıwǵa xáreket et».

Tájiriybe –sınaw jumısları Nókis qalasındaǵı 14-sanlı, 39-sanlı mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemlerinde ámelge asırıldı. Buǵan qadaǵalaw toparında 30 bala, tájiriybe-sınaw toparında 25 bala qatnastı.

Dáslep 14,39-sanlı mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemlerindegi balalar arasınan qadaǵalaw toparı ushın 30 bala tańlap alınıp, olarǵa Kern İrasek metodikası boyınsha tapsırmalar berildi.

39-sanli mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemi mektepke tayarlaw

toparinan 13 bala qadaǵalaw toparında qatnastı.

(3.1-Keste)

Nokis qalasi 39-sanli Mektepke shekemgi bilimlendiriw sholkemi
(qadaǵalaw toparı)

| | Balanin ati, familiyasi | 1-tapsirma eresek adam suwretin saliw | 2-tapsirma berilgen gápti kōshirip jaziw | 3-tapsirma noqatlardi kōshirip jaziw | Uliwma toplagan balli |
|---|---|---|---|---|---|
| 1 | Niyetbeva Aysuliw | 1 ball | 4 ball | 1 ball | 6 ball |
| 2 | Maxsetbaeva Gu’ldana | 3 ball | 4 ball | 1 ball | 8 ball |
| 3 | Qurbanova Bibinaz | 1 ball | 4 ball | 2 ball | 7 ball |
| 4 | Rustmova Jasmina | 3 ball | 4 ball | 2 ball | 9 ball |
| 5 | Alimjnov Miyrambek | 3 ball | 5 ball | 2 ball | 10 ball |
| 6 | Jumaniyazova Mexriy | 3 ball | 4 ball | 1 ball | 8 ball |
| 7 | Djumabaeva Dina | 4 ball | 5 ball | 3 ball | 12 ball |
| 8 | Inayatdinov Janibek | 1 ball | 5 ball | 2 ball | 8 ball |
| 9 | Maratov Rinat | 3 ball | 5 ball | 2 ball | 10 ball |
| 10 | Bisenbaeva Zarina | 1 ball | 4 ball | 1 ball | 6 ball |
| 11 | Yusupova Aysanem | 3 ball | 4 ball | 1ball | 8 ball |
| 12 | Jumnzarov Damir | 3 ball | 4 ball | 1 ball | 8 ball |
| 13 | Jalg’asbaev Nurdawlet | 4 ball | 4 ball | 1 ball | 9 ball |

(3.2.-Keste)

Nokis qalasi 14-sanli Mektepke shekemgi bilimlendiriw sholkemi
(kadaǵalaw toparı )

| | Balanin ati, familiyasi | 1-tapsirma eresek adam suwretin saliw | 2-tapsirma berilgen gápti kōshirip jaziw | 3-tapsirma noqatlardi kōshirip jaziw | Uliwma toplagan ball |
|---|---|---|---|---|---|
| 1 | Sarsenbaev Jasur | 3 ball | 5 ball | 1 ball | 9 ball |
| 2 | ErejepovA’jiniyaz | 3ball | 4 ball | 1 ball | 8 ball |
| 3 | Quwanish | 4 ball | 5 ball | 1 ball | 10 ball |
| 4 | Azamat | 5 ball | 5 ball | 4 ball | 14 ball |
| 5 | Allanur | 3 ball | 5 ball | 2 ball | 10 ball |
| 6 | Mirjalol | 1ball | 2 ball | 1 ball | 4 ball |
| 7 | Aysanem | 3 ball | 3 ball | 1 ball | 7 ball |
| 8 | Sayatxan | 3 ball | 3 ball | 1 ball | 7 ball |
| 9 | Sadikova Aqmaral | 1 ball | 4 ball | 3 ball | 8 ball |
| 10 | Polatov Timur | 1 ball | 4 ball | 1 ball | 6 ball |
| 11 | Qalbaeva Hurziya | 3 ball | 4 ball | 2 ball | 9 ball |
| 12 | Ubbiniyazova SH | 1 ball | 4 ball | 3 ball | 8 ball |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| 13 | Polatov Sultanbek | 4 ball | 3 ball | 5 ball | 12 ball |
| 14 | Mardan | 3 ball | 4 ball | 4 ball | 11 ball |
| 15 | A’bdisattar | 1ball | 4 ball | 1 ball | 6 ball |
| 16 | Allayar | 3 ball | 4 ball | 5 ball | 5 ball |
| 17 | Ramiza | 3 ball | 4 ball | 5 ball | 12 ball |

Respondentler juwaplarınıń analizi sonı kórsetti, qadaǵalaw topar ı balalarınıń tapsırmalardı orınlawlarında tolıq, anıq emes orınlaǵan. Bunnan kórinip turıptı, olar tapsırmalardıń mazmunın tolıq ańlap jetpegen.

(3.3.-keste)

| **№** | **Tapsırmalar** | **Qadaǵalaw topar balaları - 30** | | **Tájiriybe topar ı balaları - 30** | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | **Ball** | **%** | **Ball** | **%** |
| 1. | eresek adam suwretin saliw | 76 | 39 | 56 | 53 |
| 2. | berilgen gápti kōshirip jaziw | 123 | 24 | 102 | 29 |
| 3. | noqatlardi kōshirip jaziw | 61 | 49 | 52 | 57 |

Berilgan tapsırmalardı tájiriybe-sınaw toparındaǵı balalardıń kópshiligi tuwrı juwap bergan. Usı menen birge olar arasında tapsırmalardı nadurıs orınlaǵan balalar sanı qadaǵalaw toparındaǵı balalar sanınan kem payızdı shólkemlestirgen.

6 jasqa tolǵan hám 7 jastan joqarı bolǵan balalar arasındaǵı pariqlar, tiykarınan, Kern-İrasek metodikasi boyınsha alınǵan nátiyjelerde keskin ayırmashılıq bar ekenligi anıqlandi.

Birinshi tapsırma, yaǵnıy óz yadına tıykarlanıp er adam kisiniń súwretin sızıw boyınsha atqarǵan jumısların tómendegishe anıqlama beriw múmkin. Belgili, bul jastaǵi balalardiń tiykarǵı iskerlik túri oqıw esaplanadı, sabaq hám hár qıylı shiniǵiwlar dawamında baladan talap etiletuǵın psixikalıq process – bala este saqlawiniń úzliksiz rawajlanıp barıwı, onnan hár qıylı tapsırma hám wazıypalardı tákirarlap turıwın, yadtan aytıp beriwin, yadina tıykarlanıp bayanlawı menen baylanıslı máseleler bala yadınıń nátiyjeli hám maqsetli túrde rawajlaniwina puqta negiz tayarlap baradı.

Mekteptegi tapsırma hám wazıypalardı bala orınlawı menen birge balaniń átirap -álem haqqındağı bilimleri, túsinikleri jáne de artıp baradı, waqıya hám hádiyseler arasındağı sebep-saldar nizamlıqların tusinip jetedi. Konkret zat hám predmetlerdiń mánisi hám mazmunın, olardıń maqseti hám wazıypaların túsinip barıwı, bala oylawiniń pikrlew operaciyaların da rawajlandiradı. Bul páziyletler óz gezeginde, tapsırma maydanınan, jınıslar arasındağı parqlardı ajrata biliw, er adamlardıń ózine tán belgileri, sırtqı kórinisleri hám jámiyette olardı parıqlap turıwshı sapaların kórsetiwge, olardıń sociallıq poziciyaların jaqtılandıriwǵa  bolǵan umtılıwlarında ko'rdik.

Ekinshi tapsırma balalardiń sózlerdi kóshirip jazıwdan ibarat boldı. Usı tapsırma sebepli biz, balalardiń qol-mator háreketleriniń  qanshellilik rawajlanǵanlıǵın anıqlawǵa háreket ettik. Haqıyqattan da, 7 jasdan joqarı balalardiń málim bul baǵdardaǵı nátiyjeleri sezilerli dárejede ekinshi tájiriybe ótkerilgen  gruppalardaǵı balalarǵa salıstırǵanda jaqsı nátiyjelerdi kórsetdi. Bunıń tiykarǵı sebepleri, bul jastaǵi balalardiń úzliksiz tálim sistemasında, shiniǵiwlarda ózine  tán bolǵan fizikalıq háreket  penen baylanıslı belgili  shınıǵıwlardı orınlawları, hár qıylı formadaǵı shınıǵıwlardı jırlawları balalardi jáne de qol-buwınlarınıń proporcional háreketlerin támiyinlewi nátiyjesi bolıp tabıladı.

Málim bul baǵdarda taǵı za’ru’rli táreplerinen biri, balalardiń anatomik-fiziologikalıq tárepten jetiliwi , organizmdegi ózgerisler balalardiń kámil insan bolıp jetilisiwinde  za’ru’rli áhmiyetke iye boladı.

Úshinshi tapsırmada balalardiń mákanda belgili tártip hám muǵdarda jaylastırılǵan noqatlardı kóshirip beriwden ibarat edi. Bul gruppadaǵı tapsırmalarda da biz eki tájiriybe gruppaları arasındaǵı ayırmashılıqtı baqladıq. 7 jasqa to'lip, sol jastan asqan balalardiń  kórsetkishleri 6 jasqa tolǵan balalarǵa salıstırǵanda talay parıq etiwlerin, bul jastaǵi balalardiń  mákanda jaylastırılǵan zat hám predmetler arasında aralıqtı, olardıń óz-ara jaylasiwin, sonıń menen birge este saqlaw  processleri menen baylanıslı páziyletlerdiń jeterli dárejede rawajlanǵanlıgınan dárek beredi.

Barliq  metodikalar boyınsha alınǵan nátiyjelerdiń ulıwma jıyındısında da júklemelerdiń áhmiyetli ekenligi statistikalıq tastıyıǵın taptı. Atap ótiw kerek, basqa metodikalar boyınsha ótkerilgan tájiriybelerde, biz keskin ayırmashılıqlardı

baqlamadıq. Bunıń sebebi, balalardiń mektepke keliwleri menen olardıń úzliksiz tálim menen shuǵıllanıwları, olardan oqıtıwshı hám tárbiyashilardiń talap hám tapsırmalardı orınlawları, olarda belgili dárejede aqliy, etikalıq jáne social dúńyaǵa kóz-qaraslarınıń qáliplesip baratırǵanlıǵı nátiyjesi bolıp tabıladı.

## Bap boyınsha juwmaqlar

Balaniń mektepke maslaıwı hám tálim-tárbiya protsessin jetiskenlikli ózlestiriwi, kóp tárepten balanıń jeke, sotsial-psixologiyalıq ózgeshelikleri menen bir qatarda olardıń aqılıy, verbal hámde ulıwma jetiklik ózgesheliklериniń teń rawajlanıwına hám baylanıslı. Bunday ózgeshelikler arasındaǵı óz-ara birlik balaǵa tálim-tárbiya protsessinde óz oqıtıwshısı, teńlesleri menen erkin qarım-qatnasqa kirisiwge, qálegen háreketler etiwge, onı qızıqtırǵan hám bilmegen zatların dostlarınan, oqıtıwsınan sorawǵa uyalıw yamasa tartınshaqlıq sıyaqlı sezimlerdi jeńiwge tiykar boladı.

Usı bapta alıp barılǵan izertlewlerimiz, bizler áne usı ózgeshelikler arasındaǵı óz-ara múnásiybetlerdi anıqlawǵa, olardıń qanshelli bir-birewin toltırıwına isenim payda etiw maqsetinde tájriybelerdi ótkerdiq. Alıp barılǵan tájriybelerimizde baqlawlarda, balalardıń mektepke ulıwma jetikligi, jeke, sotsial-psixologiyalıq, intellektual hám verbal ózgesheliklериniń ulıwma hám parıqlı táreplerin, óz-ara múnásiybetlerin táriyplewge imkaniyat berdi. Bular tómendegiler:

1. Kern-İrasek testleri járdeminde balalardıń o’z-o’zin bahalawı, kommunikativligi hám dárejesiniń payda bolıw shártleri anıqlandi;

2. Balalardıń mektepke ulıwma jetiklik hám sotsial-psixologiyalıq ózgesheliklериniń óz-ara múnásiybetleri anıqlandı;

3. Balalardıń mektepke ulıwma jetiklik ózgeshelikleri menen olardıń qarım-qatnası arasındaǵı óz-ara baylanıslar anıqlandı;

4.Balalardıń mektepke ulıwma jetiklik ózgeshelikleri menen dárejeleri arasındaǵı óz-aro múnásiybetler tabıldı;

5.Balalardıń jeke, motivatsiyalıq-psixologiyalıq hám aqılıy ózgesheliklериniń óz-ara múnásiybetleri anıqlandı;

Usı bapta alıp barılǵan izertlewler, balalardaǵı biliw protsessleriniń ózine say tápreplerin, sebebi, balalardaǵı oylawdıń júzege keliwi, dóretiwshilik, olarda sóylewdiń payda bolıwı haqqındaǵı túrli maǵlıwmatlardı ashıp beriwge imkaniyat berdi. Sonday-aq, bul ózgesheliklerdiń balalardıń jeke, sotsial-psixologiyalıq pazıyletleri menen hám tikkeley baylanıs tárepleri anıqlandı. Olardıń emotsional-motivatsiyalıq baǵdarları, ishki rejelerdiń qáliplesiwi, basqalarga múnásiybetlerdiń qáliplesiwine tásir kúshleri bar ekenligi tabıldı.

JUWMAQLAR

O'zbekistan Respublikasi o'z ǵárezsizliginiń jáhán kólemine jıl sayın turaqlasıp barar eken, onıń keleshegi búgingi áwladtıń bilimdan, ruwhıy tárepten kámil insanlar bolıp jetilisiwine baylanıslı. Sebebi, Watan táǵdiri, xalıq parawanlıǵı, erkin mámlekettiń keleshek áwladı haqqında qayǵırıw bizlerge say paziylet. Ǵárezsizligimiz sharapatı áne sonday aktual másele mámleketimizdiń ústem strategiyalıq baǵdarlarınan múnásip orın iyelegeni tiykarsız emes. «Kadrlar tayarlaw milliy baǵdarlaması»i, „Bilimlendiriw haqqındaǵı"ǵı Nızam, bir qatar nızamlar bilimlendiriw tarawın túpten reformalastırıw, onı jáhán dárejesine kóteriwdi, qánigelerdi bolsa básekige shıdamlı, aktiv jeke adamlar etip tayarlawdı názerde tutadı.

Bul boyınsha, ásirese, mektepke shekemgi jastaǵı balalardıń tálim-tárbiyasına ayrıqsha itibar beriliwi zárur áhmiyetke iye. Sebebi, balaǵa o'z waqtında nátiyjeli tásir kórsete biliw, onıń keyinǵi rawajlanıwı ushın bekkem negiz jasawǵa tiykar boladı. Biraq, jámiyetimizde júz berip atırgan sotsial, siyasiy, ekonomikalıq hám mádeniy tarawlardaǵı ózgerisler balalardı mekteplerge qabıl etiw, olarǵa turaqlı qánigeli tásir kórsetiw protsessinde taraw qánigelerinen júdá joqarı juwapkershilik hám sheberlikti talap etedi. Olardı turaqlı izleniwde bolıwdı, dóretiwshilik penen xızmet kórsetiwdi názerde tutadı.

Balalardı ulıwma bilim beriw mektepleriniń 1-klasslarına qabıletiwde balalardaǵi aqılıy, psixofiziologiyalıq jetiskenligi menen bir qatarda olardıń sotsial-psixologiyalıq ózgesheliklerin hám itibarǵa alıw, balalardıń o'z teńlesleri, oqıtıwshı-pedagoglar menen erkin qarım-qatnasqa kirisiwge, óz betinshe hám ıqtıyarlı is-háreketler etiwge, tálim hám tárbiya protsessiniń teńhuqıqdı sub`ekti sıpatında qabıl etiwin támiyinleydi. Usı maqsetten kelip shıǵıp, bizler mekteplerdiń 1-klasslarına qabıl etilip atırǵan balalardıń motivatsiyalıq-psixologiyalıq ózgesheliklerin ilimiy-teoriyalıq tárepten tolıq úyrenip, ótkerilgen izertlewlerimizden tómendegi juwmaqlar shıǵardıq:

1. Respublikamızda xızmet kórsetip atırǵan ulıuma bilim beriw mektepleriniń 1-klasslarına qabıl etilip atırǵan balalardıń mektep tálimine tayarlıq dárejeleri hár túrli

ekenligi, olardıń aqılıy, psixofiziologiyalık jetiskenligi menen bir qatarda motivatsiyalıq-psixologiyalıq faktorlarǵa hám baylanıslı ekenligi belgili boldı;

2.Jámiyetimizde bolıp atırǵan demokratiyalıq o'zgerisler balalardı mektepke tayarlıq mashqalasi jánede aktual áhmiyetke iye bolıp, tálim-tárbiya protsessinde balanıń o'z teńlesleri hám pedagog-oqıtıwshıları menen erkin, ıqtıyarlı qarım-qatnas ornatıwdı támiyinleydi.

3.İzertlewlerimiz mektepke shekemgi jastaǵı balalardıń sotsial-psixologiyalıq, motivatsiyalıq tayarlıgına tásir ko'rsetiwshi ústem faktorlar sistemasın jaratıwǵa imkaniyat berdi. Alınǵan nátiyjelerge kóre, mektepke shekemgi arnawlı tálim-tárbiya mákemeleri: sport sektsiyalari hám to'gereklerde sonday-aq mektepke shekemgi bilmilendiriw shólkemlerinde tárbiyalanib atırǵan balalar joqarı kórsetkishlerge iye boldı.

4. Hár túrli sotsial sharayatlarda tárbiyalanıp atırǵan balalardıń mektepke tayarlıq dárejeleri hám hár túrli ekenligi, bul kóp tárepten olardaǵi jeke ózgesheliklerdiń pyada bolıwına hám o'z tásirin kórsetiwi belgili boldı. Bala tárbiyalanıp atırǵan ortalıq, máhálle, shańaraq áǵzılarınıń sanı, olardıń mádeniy hám aqılıy dárejeleri balanıń sotsial jetilisiwine tásir etiwshi faktorlardıń mazmunı ashıp berildi.

5.Tolıq 6 jasli hám 7 jastan joqarı bolǵan balalar arasındaǵi jeke, motivatsiyalıq psixologiyalıq, aqılıy sıpatlarınıń parıqlı tárepleri anıqlandı. Olar arasındaǵı uqsas hám parıqlı pazıyletlerdiń áhmiyetli tárepleri statistikalıq dálillendi.

6. Mekteptegi tálim protsessine sotsial jetik balalar ózleriniń erkin xám ıqtıyarlı minez-qulqı, is-háreketleri nátiyjesine kóre oqıw iskerliginde ózleriniń jeke, intellektual sezilerin hám birqansha kórsete alıw imkaniyatlarına iye.

7. Usı izertlew sheńberinde qollanılǵan diagnostikalıq metodikalar balalar arasında ilimiy-izertlew jumısların alıp barıwda paydalanıw múmkinligin kórsetti.

Bugingi kúnde ǵárezsiz Respublikamız duńya mámleketleri tárepinen tán alınıp atırǵan eken, onıń keleshektegi rawajlanıwı, gullep jasawı bugingi kún jaslarına baylanıslı. Demek, búgingi jaslar hár tárepleme rawajlanǵan ozine, basqa insanlarǵa, jámiyetke, tábiyat hám miynetke óz múnásiybetin tuwrı bildire alatuǵın, óz betinshe iskerlik alıp baratuǵın, dóretiwshi, belsendi jeke adam bolıwı lazım. Házirgi kúnde

mámleketimiz tárepinen alıp barılıp atırǵan tálim hám tárbiya tarawındaǵı reformalar, balalar sportına berilip atırǵan joqarı itibar onıń aqıl siyasatınan dálili boladı. A`ne sonday úlken maqsetlerdi ámelde engiziw bizlerden sheberlik hám juwapkershilik talap etedi.

**Usınıslar**

Usı izertlew sheńberinde alıp bırılǵan ilimiy izleniwlerimizdiń nátiyjesi sıpatında balalardıń mekteptegi tálimine tayarlıǵın jánede rawjlandırıw maqsetinde tómendegi usınıslardı beremiz:

- ulıwma bilim beriw mektepleriniń 1-klasslarına qabıl etiw dáwirinde juwapker adamlar balalardıń mektepke ulıuma jetiklik dárejeleri menen bir qatarda motivatsiyalıq-psixologiyalıq tayarlıǵın hám itibarǵa alıwları maqsetke muwapık;

- hár túrli sharayatlarda tárbiyalanıp atırǵan balalardıń motivatsiyalıq-psixologiyalıq dárejeleri hám hár túrli ekenligin, bunda sotsial ortalıq, máhálle, shańaraq, balanıń dostlarının tásir kúshlerin itibarga alıw lazım;

- tálim hám tárbiya protsessinde belsendi balalardıń jeke ózgesheliklerin itibarǵa alıwları, sotsial rollerdi tuwrı bólistire biliw pedagogikalıq sheberlikti kórseti alıw;

- balalardıń sotsial belsendiligin jánede jetilistiriw maqsetinde ata-analar, pedagog- tárbiyashılar, máhálleniń belsendi áǵzaları balalardı sport sektsiyalari, túrli kórkem óner, texnikalıq dógereklerge tartıw, olarǵa qolaylı imkaniyatlar jaratıp beriwleri;

- mektep ámeliy psixologlari, shıpakerler, pedagog-tárbiyshılar tálim-tárbiya protsessiniń barlıq qatnasıwshılarına unamlı psixologiyalıq ortalıqtı jaratıw, innovatsiyalık texnologiyalardan paydalanıw, olarǵa o’z-o’zin adekvat bahalawları, o’z-ara húrmet hám járdem, dosları ushın qayǵurıw sıyaqlı joqarı ulıwma insanıylıq dástúrlerdi sińdiriwge urınıwları;

-pedagog-tárbiyashılar hár túrli formadaǵı syujetli rolli, qaǵıydalı, isbilermenlik o’yinlardı hár dayım shólkemlestirip turıwları, bul boyınsha xalqimizdıń uzaq tariyxqa iye bolǵan milliy oyinlardan nátiyjeli paydalanıwları, olardıń stsenariyalarındaǵı bar roller arqalı balalardın keleshek turmısı haqqında tuwrı túsiniklerge iye bolıwın támiyinlewleri;

-mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkeminde ata-analar menen birgelikte bayramlar, kórgizbeler, ashıq esikler kúni, seminar-treningler, ata-analardıń kásipler haqqindaǵı sáwbetlerin shólkemlestiriw;

- izertlew materiallarınan pedagog-tárbiyashılar, ámeliy psixologlar tayarlawshı arnawlı kurslar, joqarı oqıw orınaları mektepke shekemgi tálim baǵdarlarında nátiyjeli paydalanıw usınıs etiledi.

## PAYDALANILG`AN A`DEBİYaTLAR DİZİMİ

1. Karimov İ.A. Ózbekiston XXI asr bósagasida: xavfsizlikka tahdid, barqarorlik shartlari, taraqqiyot kafolatlari. –T.: Ózbekiston, 1997.
2. Karimov İ.A. Ozod va obod Vatan, erkin va farovon hayot – pirovard maqsadimiz. T. 8. – T.: Ózbekiston, 2000.
3. Karimov İ.A. Ózbekiston XXI asr bósagasida: xavfsizlikka tahdid, barqarorlik shartlari, taraqqiyot kafolatlari. –T.: Ózbekiston, 1997.
4. Karimov İ.A. Bizning bosh maqsadimiz jamiyatni demokratlashtirish va yangilash, mamlakatni modernizatsiya va isloh etishdir. – T.: Ózbekiston, 2005.
5. Mirziyoyev SH.M. Erkin va farovon, demokratik Ózbekiston davlatini birgalikda barpo etamiz. - Toshkent, Ózbekiston, 2016.
6. Mirziyoyev SH.M. Buyuk kelajagimizni mard va olijanob xalqimiz bilan birga quramiz. - Toshkent, Ózbekiston, 2017.
7. Mirziyoyev SH.M. Qonun ustuvorligi va inson manfaatlarini táminlash- yurt taraqqiyoti va xalq faravonligining garovi. - Toshkent, Ózbekiston, 2017.
8. 2017-2021 yillarda Ózbekiston Respublikasini rivojlantirishning beshta ustuvor yónalishi bóyicha Harakatlar strategiyasi. Ózbekiston Respublikasi Prezidentining 2017 yil 7 fevraldagi PF-4947 sonli Farmoni
9. Ózbekiston Respublikasining «Tálim tóǵrisida»gi Qonuni. Barkamol avlod-Ózbekiston taraqqiyotining poydevori. –T.: Sharq, NMK, 1997
10. Kadrlar tayyorlash milliy dasturi // Barkamol avlod – Ózbekiston taraqqiyotining poydevori. – T.: Sharq NMK. 1997
11. 2017 — 2021 yillarda maktabgacha tálim tizimini yanada takomillashtirish chora-tadbirlari twǵrisida 2016 yil 29 dekabr`, PQ-2707-sonli Qarori
**12.** «Maktabgacha tálim tizimini tubdan takomillashtirish chora-tadbirlari tóǵrisida» 2017 yil 9 sentyabr` kungi PQ-3261-sonli Qarori
13. Ózbekiston respublikasi maktabgacha tálim vazirligi faoliyatini tashkil etish twǵrisida 2017 yil 30 sentyabr`, PQ-3305-sonli Qarori
14. Ózbekiston Respublikasining ilk va maktabgacha yoshdagi bolalar rivojlanishiga qóyiladigan davlat talablari. T.:-2018 y.
15. «İlq qadam» óquv dasturi. T.:- 2018 u

16. «Ózbekiston respublikasi maktabgacha tálim tizimini 2030 yilgacha rivojlantirish kontseptsiyasini tasdiqlash tóģrisida» 2019 yil 8 may,PQ-4312-son
17. «Maktabgacha tálim va tarbiya» haqida URQ-595 sonli 2019 yil 16 dekabr`
18. «Davlat maktabgacha tálim tashkilotlari pedagoglarining ish hujjatlarini tasdiqdash tóģrisida». Maktabgacha talim vazirining buyruģi 2019 yil 30 avgust 155-sonli
19. Milliy istiqlol ģoyasi: asosiy tushuncha va tamoyillar. – T.: Ózbekiston, 2000.
20. Abduvahobov U. Shaxs (Komil inson haqida).- T.: Vatan, 1996.
21. Abdurazzoqov A. Milliy-mánaviy qadriyatlar va ularning millatning wz-wzini anglashdagi wrni. – T.: Mánaviyat, 1997.
22. Avloniy Abdulla. Turkiy guliston yoxud axloq. – T.: Ózbekiston milliy entsiklopediyasi. 2004.
23. Avesto. Tarixiy-adabiy yodgorlik: Asqar Mahkam tarj. – T.: Sharq NMK. 2001.
24. Aliqulov X. Jaloliddin Davoniy //Mas`ul muharrir Óz.FA akademigi M.M.Xayrullaev. –T.: Ózbekiston, 1992.
25. Al-Marģinoniy, Burhoniddin. Hidoya. I jild. – T.: Adolat.
26. Aminov B., Rasulov T. Ajdodlarimiz nidosi. - T.: Adolat, 1994.
27. Aminov B., Rasulov T. Vatan - yurakdagi javohir. - T.: Óqituvchi, 2001.
28. Axloq-odobga oid hadis namunalari. –T.: Fan, 1990.
29. Ahmedov A. Uluģbek, Muhammad Taraģay. - T.: Abdulla Qodiriy nomidagi Xalq merosi nashriyoti, 1994. - 40 b.
30. Ahmedov B. Tarixdan saboqlar. – T.: Óqituvchi, 1994.
31. Vosiqova S.İ. Oila va qonun. –T.: Adolat, 1996.
32. Jalilov Sh. Kuchli davlatdan – kuchli jamiyat sari: tajriba, tahlil, amaliyot. – T.: Ózbekiston, 2001.
33. Jalolov A. Mustaqillik. Mánaviyat. Mafkura. – T.: Ózbekiston, 1994.
34. Jumaev R. Davlat va jamiyat: demokratlashtirish yólida. – T.: Sharq NMK, 1998.
35. Jóraev N. Ózligingni anglash mavridi. - T.: Ózbekiston, 1990.
36. Ziyoev Ó. İstiqlol - mánaviyat negizi. – T.: Márifat-madadkor nashriyoti, 1999.

37. Ziyomuhamedov B., Ziyomuhamedova S., Qodirova S. Mánaviyat asoslari. – T.: Ózbekiston milliy entsiklopediyasi, 2000.
38. İbrohimov A., Sultonov X., Jwraev N. Vatan tuyǵusi. –T.: Ózbekiston, 1996.
39. Yóldoshev J., S.Hasanov. «Avesto»da axloqiy-tálimiy qarashlar //Akad. İ.O.Obidov tahriri ostida. – T.: Wqituvchi, 1992.
40. Karimova O. Oila, farzand va jamiyat. Yurist mulohazalari. – T.: Óqituvchi, 1991.
41. Karimova O. Shamaribxodjaeva G. İnson va bola huquqlari. Uslubiy qwllanma. – T.: Adolat nashriyoti, 2002.
42. Karimov V. Milliy istiqlol ǵoyasini xalqimiz ongiga singdirish omillari va vositalari. – T.: İjod dunyosi, 2002.
43. Davletshin M.G., Dustmuxamedova SH.A., Mavlonov M.M.,To’ychieva S.M. Yosh davrlar psixologiyasi va pedagogik psixologiya. /O’quv metodik qo’llanma. Toshkent, 2004
44. Davletshin M.G. Zamonaviy maktab o’qituvchisining psixologiyasi. Toshkent, O’zbekiston, 1999
45. Ismailova F.S., Nishonova Z.T. O’quvchilarning aqliy qobiliyatini rivojlantirishda aqliy o’yinlardan foydalanish. Toshkent, 1993
46. Musurmonova O. Balalarni tárbiyasida oilaning roli./Balalarni mektepga o’qishga tayyorlash. Toshkent, 1997
47. Mo’minova L.R., Nurkeldieva D.A. 5-7 yoshli bololorni maktab tálimiga tayyorligini tekshirish dasturi. Toshkent, 1996
48. Nizamova K. 6 yoshli bolalarni maktabga tayyorlash va maktabga moslashuvini órganish. Metodik qóllanma. Toshkent-2008
49. Rahmanqulova Z, Qurbanova N. ”Maktabgacha kichik yoshdagi balalarda ilk matematik tasavvurlarni shakllantirish.” Metodik qóllanma. Toshkent-2009 y
50. Sunnatova R.I. Саморегуляция мыслительной деятельности. Toshkent, Fan, 1996
51. Sunnatova R.I. Psixolog sandikchasi. Toshkent, 2008
52. Sharipova D. Bolalarni maktabga tayyorlashning fiziologik va gigienik asoslari /Bolalarni maktabga o’qishga tayyorlash. Toshkent, 1997

53. O'zbekiston pedagogikasi antologiyasi. 2 jildli, J.1. /Tuzuvchilar K.Hoshimov, S.Ochil. Toshkent, O'qituvchi, 1995
54. Bolangiz maktabga tayyormi. Tuzuvchilar H.Ahmedova va bosh. T.: 2000
55. F.Qodirova, SH.Toshpo'latova, M.A'zamova. "Maktabgacha pedagogika".-T., "Ma'naviyat". 2013
56. SH.Shodmonova. Maktabgacha ta'lim pedagogikasi. «Fan va texnologiya» -T:, 2008.
57. Sh.A.Sodiqova "Maktabgacha pedagogika". "Tafakkur sarchashmalari" T:. 2013
58. N.M.Kayumova "Maktabgacha pedagogika". "TDPU" nashriyoti T:. 2013 y
59. K.Nasimov, S.Nishonova Pedagogika tarixi T.: O'zbekiston milliy kutubxonasi nashiryoti, 2005.
60. Azizxo'jayeva N.N Pedagogik texnologiya va pedagogik mahorat T.:Fan 2006y.
61. X.Omonov., N.Xo'jaev., S.Madiyarova. Pedagogik texnologiyalar va pedagogik maxorat.T.:Iqtisod moliya 2009 yil.
62. Ishmuhamedov R., M.Yuldashev. Ta'lim va tarbiyada innovatsion pedagogic texnologiyalar. T. 2017
63. www.tdpu.uz
64. WWW.pedagog.uz.
65. WWW.ziyonet.uz

1-Qosımsha

## Nátiyjeni bahalaw

## Hár bir tapsırma ballar menen bahalanadı:

1-eń jaqsı baha, 5-eń jaman  baha.

Bes ballıq sistemada bahalawdıń úlgili kriteriyaları suwretlerde kórsetilgen.

**1-tapsırma (adam suwreti)**




1 ball-sızılǵan figurada bas, gewde hám qol-ayaqlar bolıwı lazım. Bastı gewdege baylanıstırıwshı moyın (ol gewdeden úlken bolmawı kerek). Basta shash bolıwı (yamasa toppı, taqıya), qulaq bolıwı, bette kóz, murın, awız bolıwı kerek. Qol 5 barmaq penen. Erkek adam kiyimi belgileri.

2 ball-1balga qoyılǵan talaplardıń barlıǵı.

Úsh bóleginiń  túsip qalıwı múmkin: moynın, shash, qoldıń bir barmaǵı, biraq bettegi hesh bir aǵzınıń túsip qalıwı múmkin emes.

3 ball-suwrettegi figurada bas, gewde, qol-ayaqlar bolıwı kerek. Qol hám ayaqlar eki sızıq penen sızılıwı múmkin. Moyın, qulaq, shash, qol barmaqları bolmawı múmkin.

4 ball-ápiwayı bas suwreti qol-ayaqlar menen. Qol hám ayaqlar bir sızıq penen suwretlengen.

5 ball-gewde hám qol-ayaqlardıń anaq suwreti joq.

**2-tapsırma (jazılǵan sázdi sızıw)**




1 ball-bala tárepinen sızılǵan sózdi sızıw múmkin. Háripler úlgidegiden 2 ese úlken. Háripler ushın sózdi payda etken. Qatarlar tuwrı sızıqtan $30^0$dan kóp ótpegen.

2 ball-gápti oqıw múmkin. Háripler úlkenligi úlgige jaqın, olar tik jazılıwı shárt emes.

3 ball-háripler keminde eki toparǵa bólingen bolıwı lazım. Hesh bolmaǵanda 4 háripti oqıw múmkin.

4 ball- úlgige  kem degende 2  hárip uqsawı kerek. Barlıq háripler topar ele jazıw kórinisine iye emes.

5 ball- sızıqlar salınbaǵan, túsiniksiz.

**3-tapsırma (noqatlar toparın sızıw)**




1 ball-berilgen úlgige qarap anıq orınlanǵan. Noqatlar sızılǵan, ayla emes. Gorizontal hám vertikal boyına simetriya saqlanǵan. Figuralar qanshelli kishi bolsa hám meyli, biraq úlken bolsa yarım eseden aspaǵan bolıwı kerek.

2 ball – simmetriyada onshelli áhmiyetli bolmaǵan kemshilik bolıwı múmkin: bir noqat  tigine yamasa enine qalǵanlarınan shıǵıp qalǵan yamasa noqat ornına aylana sızılǵan bolıwı hám múmkin.

3 ball - noqatlar toparı úlgige onsha usamaǵan. Barlıq figuralarda simetriya buzılǵan bolıwı múmkin. Besmúyeshke uqsas, ushı pástke yamasa joqarıǵa qaraǵan forması saqlanǵan bolsa. Noqatlar sanı kóp yamasa kem bolıwı múmkin (7 ted kem emes, 20 dan kóp emes).

4 ball- noqatlar top bolıp jaylasqan bolıp, olar hár qanday geometriyalıq figuranı esletiwi múmkin. Noqatlar úlkenligi hám sanı áhmiyetli emes.

5 ball –anıq emes sızıklar.

Orınlanǵan ayrıqsha tapsırmalar balları jıyındısı tekseriwdiń  ulıwma nátiyjesin belgileydi.